**Вильям Миллер**

# ФIэщхъуныгъэм и гъуэгу

Ныбжьэгъум папщIэ тхылъ

КъуэкIыпIэмкIэ къыщэху нэхунэ

Вильям Миллер

# ФIэщхъуныгъэм и гъуэгу

Ныбжьэгъум папщIэ тхылъ

КъуэкIыпIэмкIэ къыщэху нэхунэ

ЗэзыдзэкIар: Къэрмокъуэ Хьэмид

Copyright  2014 Licht im Osten
William Miller: „Beliefs and Practices of Christians” in the Kabardian language
«Путь веры» на кабардинском языке

**Псалъэщхьэхэр**

Хэт хъуну Тхьэр? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . ..2

Хэт хъуну цIыхур? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . ... 6

Сыт гуэныхьыр зищIысыр? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . ... . 9

Бегъымбархэмрэ мелыIычхэмрэ уи фIэщ хъурэ уэ? . . . . . .. 10

Сыт хуэдэ тхылъ лъапIэхэм иригъуазэрэ чыристанхэр?. .. . . 13

Хьисэ Мэссихь щIым щигъэкIуа гъащIэр . . . . . . . . . . . . .. . . 17

Хэт хъуну Хьисэ Мэссихь? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29

Сыт Хьисэ щIым къыщIытехьар? . . . . . . . . . . . . . . . . . . .. . . 33

Тхьэм сыкъригъэлын щхьэкIэ, сыт сщIэн хуейр? . . . . . . . . . 36

Хэт Тхьэм и Псэ ЛъапIэр? . . . . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . . . .. 37

Тхьэр закъуэщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41

Сыт члисэ зэхуэсыр зищIысыр? . . . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . 42

Чыристанхэм я хабзэхэмрэ я дауэдапщэхэмрэ . . . . . . . . . . . . 44

Чыристанхэм я дуней тетыкIэ теухуауэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . 49

Сытым пэплъэрэ чыристанхэр? . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . . . . .54

**Хэзыгъэгъуазэ**

«ФIэщхъуныгъэм и гъуэгу» тхылъым и авторым Библием щыщ усэ куэд къегъэсэбэп. Мы тхылъым еджэм ахэр къыщигъуэтынущ скобкэхэмкIэ къыхэдгъэщхьэхукI гу зылъытапхъэхэм. Псалъэм щхьэкIэ: Марк 12:29-30. Абы къи-кIыращ: Марк ХъыбарыфIыр къызэриIуэтам и 12-нэ едзыгъуэр, 29-30 усэхэр. Мы тхылъым еджэм чыристан фIэщхъуныгъэр нэхъ IупщI щыхъунущ, абы Библиери диджмэ.

**Си ныбжьэгъу лъапIэ!**

Си гумрэ си псэмрэ къыбгъэдэкI фIэхъус гуапэ узох уэ, Тхьэм фIыщIэ хузощI дяку дэлъ ныбжьэгъугъэм папщIэ. Уи IэпкълъэпкъкIи уи псэкIи узэры-узыншэр си гуапэ дыдэщ. Сэ сыщогуфIыкI щыпкъагъэм узэрыщIэкъум, гъуэгу захуэм урикIуэн мурад узэриIэм. А гъуэгум Тхьэм деж уишэнущ, абы зыщыбу-зэщIынущ уэ. Нэхъапэм уэ куэдрэ ущIэупщIэрт фIэщхъуныгъэмрэ чыристан-хэм я гъащIэмрэ епха Iуэхугъуэхэм, ауэ а упщIэхэм жэуап схуетакъым иджы-ри къэс, сызэрыхущIэмыхьэм къыхэкIкIэ. А упщIэхэм я жэуапым ущызгъэ-гъуэзэн щхьэкIэщ сынышIыпхуэтхэр – хэт дэ, чыристанхэм, ди фIэщ хъур?

Уэ уощIэ: цIыху мелуанхэм чыристану залъытэж. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а псоми чыристанкIэ уеджэфынукъым. Чыристан диным къудамэ куэд иIэщ, ахэр щызэтемыхуэри щызэщхьэщыкIри мащIэкъым. Мы тхыгъэм а псом сыщытепсэлъыхьыфынукъым – дэтхэнэ къудамэми и унэтIыпIэхэмрэ и гъэза-пIэхэмрэ. ИтIани шэч къытесхьэркъым, си фIэщ мэхъу мелуан Iэджэм мы тхы-лъым узыщрихьэлIэну щыпкъагъэхэр къабыл зэращIынум. Сэ тхьэ солъэIу, мы тхылъым набдзэгубдзаплъэу уеджэурэ, Тхьэм благъэ ухуэхъун, Ар къэпцIыхун, жыIэдаIуэ, бын ухуэхъун щхьэкIэ. Иджы уи упщIэхэм зэрысхузэфIэкIкIэ жэуап естынщ.

**Хэт хъуну Тхьэр?**

Псом япэ укъызэрызэупщIынур мырагъэнщ: «Чыристанхэм дауэ къа-гурыIуэрэ Тхьэр?» Тхьэм дызэрыхущытым елъытащ сыт хуэдэ динми и куп-щIэр. ЦIыху щIэныгъэншэ гуэрхэм я деж щызэхэпхагъэнщ чыристанхэм тхьищ яIэ хуэдэу. Язынықъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, дэ цIыхум, уеблэмэ жорым дыхуопщылI, ахэр тхьэпэлъытэ къытщохъури. Я щхьэр къагъэпцIэж апхуэдэ псалъэмакъ зутIыпщхэм, ар зэрыпцIы зэфэзэщым шэч къытумыхьэ – аращ сэ бжесIэнур. Чыристан нэсхэм я фIэщ хъур зы Тхьэ щыпкъэ закъуэщ, нэгъуэщI тхьэ гуэрхэм хуэIурыщIэмэ, апхуэдэ цIыхур щхьэрыуауэ аращ. «Тхьэм и унафэ псоми ящыщу дэтхэнэра нэхъ ин дыдэр?» упщIэм Хьисэ Мэссихь ирита жэуа-пыр уигу игъэлъ зэпыт:

*– Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр мыращ: «ФыкъэдаIуэ, израил цIыхухэр, Зиусхьэну ди Тхьэращ зи закъуэу Зиусхьэныр; уэ уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи зэхэщIыкI псомкIи, уи къару псомкIи Зиусхьэну уи Тхьэр фIыуэ лъагъу». ЕтIуанэ унафэр мыращ: «Уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу». Мы унафитIым нэхърэ нэхъ унафэ ин щыIэкъым.*

(Марк 12:29-30)

Пасэрей бегъымбархэм шэч къытрахьакъым зэи: Тхьэр закъуэщ. Ахэр ены-къуэкъу зэпытащ тхьэ нэпцIхэм хуэIурыщIэхэм.

Чыристанхэм я фIэщ мэхъу Тхьэр зэрыуахъътыншэр. Дэ ди фIэщ мэхъу Тхьэр зэрылъэщыр, дэни зэрынэсыр, Абы Езым и ПсалъэкIэ псори – тлъагъури дымылъагъури къызэригъэщIар. Дыгъэм, мазэм, вагъуэ бжыгъэншэхэм дыще-плъкIэ ди фIэщ мэхъу дунейр зэрыгъунапкъэншэр, Даут бегъымбарым дыде-жьуунуи дыхьэзырщ:

*Тхьэм и щIыхьыр яIэт уафэхэм,*
*И IэщIагъэм и хъыбар еIуатэ уафэлъащIэм.*

(Уэрэд ЛъапIэхэм 19:2)

Тхьэм къигъэщIар дыгъэ абрагъуэм и закъуэкъым, къигъэщIащ удзхэри хьэпIацIэ жьгъейхэри – ахэри ехъумэ Тхьэм, зэи ятеплъэкъукIыркъым! Тхьэр лъэщщ, сытри хузэфIокI. Абы дунейм хуимурадхэр IэубыдыпIэншэщ, Тхьэм зыри пэрыуэфынукъым абыкIэ.

Тхьэр щэджащэ къудейкъым, Ар сыт щыгъуи захуэщ, лъапIэщ. Пасэрей алыдджхэмрэ урымхэмрэ тхьэ куэд яIащ, абыхэм зэралъытэмкIэ, а тхьэхэр цIыхухэм яхуэдэт – пцIы яупсырт, дыгъуэгъуакIуэт, лIыукIхэт, зинэ ящIэрт, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ Iэджи зэрахьэрт. Чыристанхэм я тхылъ лъапIэхэр щыхьэт тохъуэ Тхьэр зэрыщыпкъэм, Абы гуэныхь зыпылъ гуэри зэримылэ-жьым. Тхьэр зи фIэщ хъум егъэлъапIэ Ар, гурэ псэкIэ зыхещIэ:

*ЛъэкIышхуэ псори зиIэ Зиусхьэн Тхьэуэ,*
*щыIауэ, щыIэу, икIи игъащIэкIэ щыIэнур,*
*лъапIэу, лъапIэу, лъапIэу щытщ.*

(Апокалипсис 4:8)

Езым хуэмыфащэ илэжьынукъым Тхьэм. Къуаншагъэ илэжьынукъым, захуагъэ фIэкI, пцIы иупсынукъым. ЦIыху IэпкълъэпкъыM хуэдэ иIэкъым Тхьэм. ДунейкIи зэманкIи нэрымылъагъущ Ар, дэни нос дапщэщи. Тхьэм нэ иIэуи, Iэ пытуи, гу кIуэцIылъуи щыжытIэ щыIэщ дэ – абы къидгъэкIыр Ар зэрытпэгъунэгъурщ, и нэр ттригъэкIыркъым, и IэмкIэ къытлъоIэс, игукIэ фIыуэ дыкъелъагъу.

Тхьэм и цIэм епха Iуэхугъуэ псоми дэркIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Дэ, чыри-станхэм, фIыщIэ хуэтщI зэпытщ Тхьэм – фIыуэ дыкъэзылъагъу, зэи къыттемы-плъкъукI Тхьэ ЛъапIэм. Библием дыкъыщоджэ:

*ФIылъагъуныгъэ зи гум имылъым Тхьэр зыхуэдэр ищIэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр езыр фIылъагъуныгъэщ.*

(1 Иуан 4:8)

НэгъуэщIу жыпIэмэ Тхьэм фIыуэ дыкъызэрилъагъум щхьэкIэ псори ещIэ. ЦIыхухэр фIыуэ зэрилъагъур Тхьэм дэ зыхыдегъащIэ уэшх кърригъэшхыурэ, дыгъэр кърригъэпсурэ, бегъымбархэр лIыкIуэ къытхуищIурэ. Тхьэм лъагъуны-гъэ ин дыдэ къызэрытхуиIэр наIуэ къытщищIащ КъегъэлакIуэм деж – Ар къытхуигъакIуэри.

КъигъэщIа псори фIыуэ елъагъу Тхьэм, абыхэм фIы къеуа-лIэмэ,аращ Тхьэр зыхуейр. Даут бегъымбарым мыпхуэдэ псалъэ телъыджэ-хэмкIэ къиIуэтащ Тхьэм къытхуиIэ гулъытэр:

*Зиусхьэныр си Iэхъуэщ,*
*сэ зыми сыхуэныкъуэнкъым.*
*ХъупIэ щIагъуэхэм гупсэхуу*
*сыщегъэпсэу Абы,*
*сыбгъэдешэ псы Iэсэхэм.*
*Си псэр къегъэпсэуж;*
*щыпкъагъэм и гъуэгу сытрешэ*
*Езым и цIэм папщIэ.*

(Уэрэд ЛъапIэхэм 22:1-3)

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Тхьэм фIыуэ елъагъу Ар фIыуэ зылъагъу, Абы хуэ-жыIэщIэ дэтхэнэри. ФIыуэ илъагъурэ Абы Езым хуэмыжыIэщIэхэр? Тхьэр лъапIэщ, захуэщи, фIыгъуэр елъагъу, ер имылъагъуу. Хабзаншагъэм зыщедзей Тхьэм, теплъэ хъуркъым абы. Даут Тхьэм жриIащ:

*Уэ мызахуагъэр фIыуэ зымылъагъу Тхьэуэ*
*узэрыщытым щхьэкIэ;*
*бзаджагъэм лъэкIынкъым уи гъусэн.*

(Уэрэд ЛъапIэхэм 5:5)

Ем теплъэ зэрымыхъур Тхьэм къыдгурегъаIуэ е зылэжьхэм тезыр ятрилъ-хьэурэ, Езым емыдаIуэхэм хьэзаб яригъэшэчурэ. Тхыгъэ ЛъапIэм ди нэгу щIе-гъэкI цIыху мыхъумыщIэхэм, уеблэмэ лъэпкъ щхьэхуэхэм тезыр зэратрилъхьэр – ахэр Тхьэм пэщIэувэрэ я гуэныхьхэм хущегъуэжын ямыдэмэ.

ГъэщIэгъуэн къыпщыхъун гуэри бжесIэнщ: хабзэншагъэм теплъэ мыхъу-ми, Тхьэм фIыуэ елъагъу гуэныхь зыпылъ зылэжьахэри. Я гуэныхьхэм пэIэщIэ ищIыжын щхьэкIэщ Абы ахэр фIыуэ щIилъагъур. Къуэ жыIэмыдаIуэри адэм фIыуэ зэрилъагъум хуэдэщи, аращ Абы гуэныхь зылэжьахэри Iумпэм щIимы-щIыр. Тхьэм гуэныхьыщIэ цIыхухэри фIыуэ зэрилъагъур ущие хъыбар къыжи-IамкIэ Хьисэ Мэссихь къегъэнахуэ.

*– ЛIы гуэрым къуитI иIэт, – жиIащ Хьисэ. – Къуэ нэхъыщIэм и адэм жри-Iащ: «Си адэ, мылъкум щыщу къыслъысыну Iыхьэр къызэт». Арати, адэм мылъкур яхуигуэшащ.*

*– Зыкъом дэкIа нэужь, къуэ нэхъыщIэм иIэ псори зэщIикъуэри, хамэ къэрал гуэрым кIуащ. И мылъкур а къэралъым щхьэпсыншагъэкIэ щигъэкIуэдащ. Псори фIэкIуэдауэ, а къэралым гъаблэшхуэ къыщыхъури, щIалэр тхьэмыщкIэ дыдэ хъуащ. Апхуэдэу щыхъум, а къэралым щыпсэу лIы гуэрым деж кIуэри, хуэлIыщIэну гурыIуащ. А лIым ар игъэкIуащ и кхъуэхэр губгъуэм щригъэгъэ-хъуну. Кхъуэхэм я Iусым щыщ и ныбэ из ищIыну ехъуапсэрт лIыщIэм, ауэ а Iусым щыщ зыми къритакъым.*

*– ЩIалэм и тхьэмыщкIагъэр къыщыгурыIуэжым, и щхьэ хужиIащ: «Си адэм и лIыщIэхэр сыт хуэдиз хъуми, абыхэм яшхын яхурикъуни къелыжыни яIэщ, ауэ сэ*

*мэжалIэм сиукIыу, мыбы сыщыIэщ. Си адэм деж сыкIуэжынщи, жес-Iэнщ: «Си адэ, уафэмкIи уэркIи гуэныхь сщIащ. Уэ узикъуэщ къызжепIэну сэ схуэфащэкъым. Уи лIыщIэхэм ящыщ зы хуэдэу сэри сыщтэ». ЗиIэтыжри, и адэм деж кIуэжыну ежьэжащ итIанэ.*

*– Адэм и къуэр къэкIуэжу жыжьэу къыщилъагъум, игу щIэгъущ, жэри, Iэплъэ иришэкIыу, ба хуищIу щIидзащ.*

*– ЩIалэм и адэм къыжриIащ: «Си адэ, уафэмкIи уэркIи гуэныхь сщIащ. Уэ узикъуэщ къызжепIэну схуэфащэкъым».*

*– Адэм и унэIутхэм яжриIащ: «Щыгъынхэм я нэхъыфIыр къыхуэфхьи, фхуапэ, зы Iэлъыни Iэрыфлъхьэ, вакъи лъыфтIагъэ. Танэ гъэшхар къафши, фIэвгъэж. Дывгъашхэ-девгъафэ икIи дывгъэгуфIэ. Мы си къуэр лIауэ щытащ, ауэ къэхъужащ, кIуэдауэ щытащ, ауэ къэдгъуэтыжащ». Ар жиIэри, гухэхъуэ Iэнэр трагъэуващ.*

(Лука 15:11-24)

Тхьэри аращ: къекъуэншэкIари фIыуэ елъагъу Абы, щIегъуэжрэ къигъэ-зэжамэ. Си ныбжьэгъу лъапIэ: а псысэр ягу ирихьын си гугъэщ гуэныхь зыпылъ зыIэщIэщIэ псоми. А псысэм дыщIэзыгъэдэIуар Езы Хьисэщ. Тхьэм фIыуэ дыкъелъагъу дэ, ди гуэныхьыр къытхуигъэгъунущ сыт щыгъуи, абы дыхущIегъуэжрэ Тхьэм деж дгъэзэжмэ.

И псалъэ тхахэм Тхьэм теухуауэ мыпхуэдэу яхэтщ: Тхьэр аращ ЛъэкIышхуэ псори ЗиIэр. Тхьэр аращ Гъунэ ЗимыIэр, Тхьэр аращ Зиусхьэныр, псэ зыпыт псоми ГъащIэ Езытри езы Тхьэр аращ. Тхьэр аращ я нэхъ Иныр, Тхьэр аращ ЛъапIэр, Тхьэр аращ Захуэр, Тхьэр аращ Пащтыхьышхуэр. Тхьэр аращ цIыхухэм хьэкум ЯтезыщIыхьыр, псори Къэзыгъэхъуар, цIыхухэр мыкIуэду Къезыгъэлыр икIи я мэлыхъуэм хуэдэу езым едаIуэхэм Яхуэсакъыр.

Тхьэм и гугъу щищIкIэ Хьисэ Абы «Ди АдэкIэ» еджэрт, и гъуэгу ирикIуэхэри арат зыхуигъэIущыр: «Ди Адэ ЛъапIэу уафэм щыIэ».

*Уэ ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ!*
*Уи цIэр цIыхухэм ирегъэлъапIэ.*
*Уи Тепщэныгъэшхуэр кърекIуэ.*
*Уэ узыхуейр уафэм зэрыщыхъум хуэдэу,*
*щIылъэми щрехъу.*
*ЩIакхъуэу дызыхуэныкъуэр нобэ къыдэт.*
*Мыхъуну тщIар къытхуэгъэгъу,*
*мыхъун къыдэзыщIахэм дэ зэрахуэдгъэгъум*
*хуэдэу.*
*ШейтIаным гуэныхь дигъэлэжьыну хуит умыщI,*
*икIи абы дыщыхъумэ.*
*МыкIуэдыжын тепщэныгъэшхуэр, лъэкIышхуэр,*
*щIыхьышхуэр ууейщ. Iэмин.*

(Маттэ 6:9-13)

Тхьэм узэрибыныр зыхэпщIэным нэхъ лъапIэ сыт щыIэ? Апхуэдэ лъапIэныгъэ игъуэтынущ Хьисэ зи фIэщ хъу дэтхэнэми.

**Хэт хъуну цIыхур?**

Чыристанхэм я фIэщ хъу Тхьэр зыхуэдэм щыгъуазэ дыхъуакIэщ. Иджы, си ныбжьэгъу, зи гугъу тщIынур цIыхуращ – хэт ар, сыт зищIысыр? ЦIыхур зищIысыр пщIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, Тхьэр зищIысыр пщIэнми хуэдабзэщ ар. Библием къыдгурегъаIуэ ари – цIыхур зищIысыр.

Библием (1 Мусэ - ЩIэдзапIэм 1, 2) къыщыдощIэ: уафэри, щIыри, къэкIыгъэхэри, псэущхьэхэри къигъэщIа нэужь, Тхьэм цIыхур къигъэщIащ, Езым ещхьу, – цIыхухъури бзылъхугъэри. Абы къикIыркъым Тхьэм Iэпкъ-лъэпкъ иIауэ. ЦIыхур Тхьэм зэрещхьыр псэкIэщ – аращ нэхъ тфIэзахуэр. Тхьэм цIы-хум акъыл кърitащ, гупсысэн щхьэкIэ; гу кърitащ, лъагъуныгъэ иIэн папщIэ; напэ кърitащ, емрэ фIымрэ зэхигъэкIыфын щхьэкIэ; гуащIэ къыхилъхьащ, захуагъэм тетын щхьэкIэ; бзэ кърitащ, псэлъэфын щхьэкIэ; Тхьэм пыщIа зэрыхъун псэ къыхилъхьащ. Езым ещхьу къигъэщIащ Тхьэм цIыхур, ар Абы хуэIурыщIэн, епсэлъыфын щхьэкIэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, цIыхум нэхъ лъапIэ къигъэщIакъым Тхьэм.

Тхьэм абыхэм фIымрэ Iеймрэ къыхахыну щхьэхуитыныгъэ къаритащ. Апхуэдэу ахэр Тхьэм едэIуэну, фIыуэ ялъагъуну икIи хуэлэжьэну хуиту щытащ. Тхьэм и бын хъунхэу, езыр я адэм хуэдэу фIыуэ ялъагъуну, зэкъуэшхэм хуэдэу фIыуэ зэрылъагъуну, щIылъэм Тхьэм и Iуэхур щагъэзэщIэну аращ.

Тхьэуэ щытакъым цIыхур, зыгуэрхэм зэрыжаIэщи, – абыкIэ щоуэ ахэр. Ар Тхьэм ещхь дыдэт, хьэлэлт, икIагъэ хэлътэкъым. Сытми абыхэм фIымрэ Iеймрэ къыхахыну хуит ищIащ Тхьэм. КъэзыгъэщIам хуэжыIэщIэн, хуэлэжьэн щхьэкIэщ Тхьэм цIыхур къыщIигъэщIар. Тхьэр фIыуэ ялъагъун щхьэкIэщ цIыхур щIым къыщIытехьар. Тхьэм и бынщ цIыхухэр, Тхьэр я адэ хуэдэущ абыхэм къазэрыщыхъун хуейр. ЦIыхухэр езыхэри фIыуэ зэрылъагъун хуейщ, зы адэ-анэм къалъхуа зэшхэм хуэдэу. АрщхьэкIэ ер хахыну хуит ищIащ Тхьэм. Нобэ цIыху лъэпкъ Iэджэ тетщ дунейм, я фэкIэ зэщхьэщыкIыу, щхьэж и бзэкIэ псалъэу. Ауэ абыхэм зылъщ ящIэтыр, зы унагъуэм щыщщ псори, Тхьэм ахэр псори фIыуэ елъагъу, сыту жыпIэмэ Езым къигъэщIащи.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Тхьэм хуэпэжыным и пIэкIэ цIыхур Абы пэщIэуващ – ар къыщыдощIэ ЩIэдзапIэм (1 Мусэ) и етIуанэ, ещанэ едзыгъуэхэм.

Дэ дыкъызытехъукIыжахэм, Iэдэмрэ Хьэуарэ, Тхьэм къалэн къащищIауэ щытащ фIымрэ емрэ зэхэзыгъэкI жыгым пыт пхъэщхьэмыщхьэ ямышхыну. А жыгыр Эдем хадэм итт, а хадэм исащ Тхьэм къигъэщIа япэ цIыхухэр. Тхьэм абыхэм къажриIащ: фыкъызэмыдаIуэу а жыгым пыт пхъэщхьэмыщхьэм щыщ фшхымэ, псори фызэтелIэнущ. Блэ теплъэ иIэу, шейтIаныр хадэм ихьащ, Хьэуа къигъэдэIуащ хуит зыхуамыщI пхъэщхьэмыщхьэр ишхыну. Хьэуа и закъуэкъым пхъэщхьэмыщхьэм едзэкъар, атIэ Iэдэми къигъэдэIуащ. Абы къикIырат: ар щыуагъэ къудейтэкъым, дэ дыкъызытехъукIыжахэр Тхьэм, езыхэм я пащтыхьым, пэувауэ арат. НэгъуэщIу жыпIэмэ ахэр Тхьэ хъуну хуейт. Тхьэм и унафэм едэIуэн ядакъым абыхэм. Сыт абы кърикIуар? Тхьэм ахэр Эдем жыг хадэм кърихуащ, я гъащIэр гугъусыгъуу яхьын щхьэкIэ.

НэхъыкIэжыращи, Iэдэмрэ Хьэуарэ я щIыб Тхьэм хуагъэзащ, абы къы-хэкIкIэ нэгъуэщI хъуащ. Нэхъапэм ахэр цIыху къабзэт, иджы зауцIэпIыжащ. Тхьэм пэувын и пэ Ар зыхуей псори ялэжьыфырт абыхэм, Тхьэм и нэфI къащыхуауэ псэурт, иджы фIым теплъэ хъужыртэкъым, ерат зыхуэлажьэри фIыуэ ялъагъури. Библием итщ Тхьэм пэувыныр зэрыгуэныхьыр, абы щхьэкIэ яхуэфащэр ажалт.

Япэ гуэныхьым и хъыбарым дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ нобэрей цIыхухэр къызэрызэхэнар къыдгурегъаIуэри. Нобэрей цIыхухэр къа-бзэкъым, хьэрэмхэщ, Тхьэм къыщигъэщIам щыгъуэ Iэдэмрэ Хьэуарэ зэрыщы-там хуэдэжкъым. Ар зэрыщыпкъэр зэхэтщIыкIын щхьэкIэ, нэгъуэщIхэм я деж дыщIынэсын щыIэкъым, ди щхьэкIэ дэ дызыкIэлъыплъыжми, ирокъу. Къуан-шагъэ куэдрэ долэжь дэ, ар зэрыкъуаншагъэр къыдгурыIуэрэ пэт. ПцIы упсы-ныр зэрымыщIагъуэр дощIэ псоми, итIани ар ди мыхьэмышхкъым – пцIы дыупсын тIэу деплъынукъым. Лъагъуныгъэр лъагъумыхъуныгъэм нэхърэ зэры-нэхъыфIыр дощIэ дэ, ар тщIэрэ пэт нэгъуэщIхэм нэмыплъ идот! Сыт ар щIыт-хузэфIэкIыр? ДыкъызытехъукIыжахэм я щэн мыхъумыщIэр къытхэнащи, арщ, абыхэм дахуэдэщи, дыхуейкъым, е тхузэфIэкIыркъым Тхьэм и IэмыщIэ зитлъхьэн, Абы дыфIэлIыкIын.

Сабий къалъхуагъащIэр гукъабзэщ, гуэныхьыншэщ, ауэ щIэх дыдэ зэIыхьэу щIедзэ абы. Даут бегъымбарым зэрыжиIащи:

*Аращ, сигу илъащ бзаджагъэ –*
*Си анэ и ныбэ сызэрилъ лъандэрэ,*
*Си анэ сыкъызэрилъху лъандэрэ,*
*гуэныхьыр сигу илъащ.*

(Уэрэд ЛъапIэхэм 50:7)

ЦIыхухэр псори зэрыгуэныхьыщIэр ди фIэщ хъун хуейщ дэ, Тхьэм и Псалъэм шэч хэлъкъыми: (Иер. 17:9). Хьисэ Мэссихь жиIащ:

*– ЦIыхур мыкъабзэ зыщIыр и гум къикIыращ, – къыпищащ Хьисэ. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхум и кIуэцIымрэ и гумрэщ мыхэр къызэрыкIыр: гупсысэ бзаджэхэр, зинэ щIэныр, дыгъуэныр, цIыху укIыныр, нэпсеягъэр, бзаджагъэр, гъэпцIагъэр, мыхъумыщIэ псэукIэр, фыгъуэныр, цIыхухэм яхуэпсэлъэныр, пагагъэр, делагъэр. Мы бзаджагъэ псори гум и кIуэцIым къокIри, цIыхур мы-къабзэ ящI.*

(Марк 7:20–23)

ЦIыхум и гущIэлъапсэм нэплъысыф Тхьэм жиIащ:

*Щыпкъагъэ зигу илъ цIыху зыри щыIэкъым.*
*ЗэхэщIыкI зиIэ цIыхуи щыIэкъым,*
*Тхьэм и гъуэгу лъыхъуэ цIыхуи щыIэкъым.*
*Псори Тхьэм и гъуэгу текIащ;*
*псоми пщIэ ямыIэж хъуащ.*
*ФIы ищIэуи зыри щыIэкъым.*

(Рим 3:10-12)

ЩыIэщ НэгъуэщI, Ар цIыхум нэхърэ нэхъ инщ. Абы и гугъу фхуэсщIынщ нэхъ иужькIэ.

Сыт хуэдиз хьэзаб къыщӀэлъ цӀыхум! Тхьэм пэувурэ жыӀэмыдаӀуэ хъумэ, ар мэл щхьэрыуам хуэдэщи, кӀуэдыпӀэщ къыпэплъэр (Ещайа 53:6). Тхьэм и быныжккъым ар, Тхьэм и бий, гуэныхьымрэ шейтӀанымрэ я гъэр хъуащ ар.

*Тхьэм фӀыщӀэ худощӀ. Гуэныхь щӀэным фрипщылӀу фыщытащ, ауэ иджы фызыщагъэгъуэза фӀэщхъуныгъэ Ӏуэхухэм фигукӀэ зефтауэ фыхуэ-пэжщ.*

(Рим 6:17)

Тхьэм и гъуэгу лъапӀэм ирикӀуэфыркъым ар, гуэныхьыр къытекӀуащи, лӀа пэлъытэщ.

*Фи бзаджагъэмрэ фи гуэныхьхэмрэ къахэкӀкӀэ, лӀахэм хуэдэу фыщытащ. А Ӏуэхухэм я гъуэгум фрикӀуэрт. Мы дунейм и хабзэжь Ӏейм фытету, жьым тепщэныгъэ щызиӀэ Ӏэтащхьэу, жин бзаджэу Тхьэм емыдаӀуэхэм я псэм хэлэжьыхьыр зэрыхуейм тету фыпсэуащ.*

(Ефес 2:1,2)

Тхьэм Ӏэдэм къыжриӀащ: гуэныхьым къыпэкӀуэр лӀэныгъэщ – псэкӀи ӀэпкълъэпкъкӀи.

**Сыт гуэныхьыр зищӀысыр?**

Си ныбжьэгъу, гуэныхьыр зищӀысыр къыбгурыӀуэну сыхуейщ сэ. Ӏуэху Ӏей блэжьыным и закъуэкъым гуэныхь къыщӀэпхыр – псалъэм папщӀэ, уды-гъуамэ, зинэ пщӀэмэ, фадэм зыдебгъэхьэхмэ, цӀыху быукӀмэ. Тхьэм упэжы-жьэмэ, Абы и унафэм уемыдаӀуэмэ, гуэныхь зэфэзэщыр аращ. Гуэныхьщ, мыхъумыщӀагъэ блэжьмэ. Аркъудейкъым. Пагагъэри, фыгъуэри, лъагъумы-хъуныгъэри, гупсысэ мыфэмыцхэри гуэныхьщ. Хьисэ унафэ ин дыдэ къыт-хуигъэнащ:

*ФыкъэдаӀуэ, израил цӀыхухэр, Зиусхьэну ди Тхьэращ зи закъуэу Зиусхьэныр; уэ уигу псомкӀи, уи псэ псомкӀи, уи зэхэщӀыкӀ псомкӀи, уи къару псомкӀи Зиусхьэну уи Тхьэр фӀыуэ лъагъу». ЕтӀуанэ унафэр мыращ: «Уи щхьэр фӀыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фӀыуэ лъагъу». Мы унафитӀым нэхърэ нэхъ унафэ ин щыӀэкъым.*

(Марк 12:29-31)

Ар Тхьэм и унафэ ин дыдэщи, Тхьэмрэ ди гъунэгъумрэ фӀыуэ дымылъа-гъумэ, ди щхьэм едмылъытмэ, гуэныхьышхуэ дыдэщ. БгъуэтынкӀэ хъуну пӀэрэ ар зыхуэгъэзэщӀэн цӀыху? Бгъуэтынукъым! Хьисэщ ар зыхузэфӀэкӀынур. Хьисэ Мэссихь сыт и лъэныкъуэкӀи узэщӀауэ щытащ. Тхьэр дэри къызэрытщыгугъыр аращ. Абы дегъэӀущ дэ:

*Аращи, фи Адэ лъапӀэу уафэм щыӀэм и щыпкъагъэм щыщӀагъэ лъэпкъ хэмылъу, ар нэгъэсауэ зэрыщытым хуэдэу, фи щыпкъагъэми щыщӀагъэ лъэпкъ хэмылъу, фэ цӀыху нэгъэсауэ фыщытын хуейщ.*

(Маттэ 5:48)

Дэ, гуэныхьщIакIуэхэм, ди гур екIэ гъэнщIащ, атIэ Тхьэм япэ къигъэщIа цIыхухэм хуэдэу къабзэ, хьэлэл дыхъун тхуэзфIэкIыну? Лыхъулыщх къызэ-фыкI цIыхур чэнджэщ хуэныкъуэкъым – и узыншагъэмкIэ сэбэп къыхуэхъун чэнджэщ. Ар зыхуейр зыгъэхъужыфын дохутыр Iэзэщ. ГуэныхьыщIэ цIыхур зыхуэныкъуэр и псэкIэ къеIэзэн дохутырщ – и акъылыр, и гур, и гуащIэр зыузэщIыфын, Тхьэм зыхуриджэ гъуэгум хуэзунэтIыфын къарущ. Апхуэдэ къару зиIэр Тхьэращ. Гуэныхьым щызыхъумэфын, Тхьэм и бын зыщIыфын гуэр хуейщ дэтхэнэ цIыхури. ГущIэгъу къытхуищIри, абы щхьэкIэ дунейм КъегъэлакIуэ къритащ Тхьэм.

**Бегъымбархэмрэ мелыIычхэмрэ уи фIэщ хъурэ уэ?**

Иджы, си ныбжьэгъу, бжесIэнщ чыристанхэм бегъымбархэр я фIэщ щIэхъур. Чыристанхэм шэч къытрахьэркъым Тхьэм бегъымбархэр лIыкIуэ къызэрытхуищIам, абыхэм я псалъэкIэ цIыхухэм къепсэлъылIэн щхьэкIэ. Гуэныхь зэралэжьым къыхэкIкIэ е я псэкIэ зэрыдагуэм щхьэкIэ Тхьэм и псалъэм едэIуэн ядэртэкъым. Тхьэм ар къалэн зыщищIа цIыхухъуи цIыхубзи къигъэщIащ – Езым и псалъэр цIыхухэм я деж нагъэсын щхьэкIэ. Апхуэдэу-рэщ бегъымбархэр дунейм къызэрытехьар.

Бегъымбархэм я хъыбар куэдым ущрохьэлIэ Библием, абыхэм я тхыгъэ-хэм, псэлъафэхэм, я дунейтетыкIам щыгъуазэ дыщохъу.

Библием зи цIэ дыщрихьэлIэ бегъымбархэм ящыщщ: Ибрэхьим, Мусэ, Хьарун (Мусэ и къуэшщ), Мэрем (Мусэ и шыпхъущ), Нэтан, Самуил, Даут, Иляс, Елисей, Ешайа, Иеремие, Иоил, Даниел; УмэхъакIуэ Иуан иужьрей бегъымбарщ, Хьисэ Мэссихь къыщыкIуаращ ар щыпсэуар. Тхьэм и ныбжьэ-гъукIэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я адэкIэ зэджэ Ибрахьим Тхьэм къигъэкIуащ, лъэпкъ куэдым адэ яхуэхъун щхьэкIэ. Абы и щхьэгъусэ Саррэ и ныбжь хэкIуэтауэ Исхьэкъ зи цIэ къуэ къыщIэхъуащ. Ибрэхьим Тхьэм апхуэдизкIэ хуэжыIэщIэти, и къуэ Исхьэкъ Абы къурмэн хуищIыным хуэхьэзырт, ауэ Тхьэр Исхьэкъ и пIэкIэ къурмэныпхъэ щынэкIэ къетащ (ЩIэдзапIэ 22:1-19). Исхьэкъ и щIэблэр дунейм и къегъэлакIуэ хъункIэ Тхьэм Ибрэхьим къигъэгугъащ, ар и пщэ къыдэхуащ Хьисэ Мэссихь. Иуан, Петр, Паул, нэгъуэщI апостолхэми Тхьэм и Псалъэр цIыхухэм я деж нагъэсащ, Хьисэ Мэссихь фIэщ щащIащ абыхэм. Ахэращ Тхьэм и иужьрей бегъымбархэр.

НэгъуэщI дин зезыхьэхэм къыщхьэщокI чыристанхэр я бегъымбархэм зэрахущытыр, абы къыхэкIкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ шэч къызытепхьэ мыхъун щыпкъагъэ гуэрхэм:

а) бегъымбархэм я бжыгъэм дыщыгъуазэкъым, нэхъыбэм я цIэхэри тщIэркъым;

б) зи цIэ тщIэ бегъымбар псори Тхьэм и ныбжьэгъу Ибрэхьимрэ абы и къуэ Исхьэкърэ я щIэблэщ;

в) илъэс минитI хуэдизкIэ зэпыуакъым Тхьэм бегъымбархэр лIыкIуэ къищIыныр;

г) бегъымбархэм я нэхъыбэр Тхьэм къызыхуигъэкIуар израил лъэ-пкъырщ, а лъэпкъыр Тхьэм ейуэ, Езым къыхихауэ щытащ, Тхьэм и щыпкъагъэр дунейм тет адрей лъэпкъхэм я деж нахьэсын щхьэкIэ;

д) бегъымбархэри гуэныхьыншэу щытакъым, ауэ Тхьэр я фIэщ хъурти, я гуэныхьыр къахуэгъуащ;

е) бегъымбархэр лIакъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIащ. Языныкъуэхэр хуэкъулейт, языныкъуэхэр къулейсызт, щIэныгъэ зиIи щIэныгъэнши яхэтащ абыхэм, жьы хъуаи щIали яхэтащ;

ж) языныкъуэ бегъымбархэм, псалъэм папщIэ, Илясрэ УмэхъакIуэ Иуан-рэ, тхылъ ятхакъым, Мусэ, Даут, Даниел, Ещайа, Иуан, Паул сымэ, нэгъуэ-щIхэми Тхьэм и Псалъэр тратхыкIыурэ щIэблэм къыхуагъэнащ;

з) Тхьэр бегъымбархэм зэрахуэфащэкIэ къепсэлъылIащ. Языныкъуэхэм Тхьэм и макъыр зэхахащ, адрейхэм хъыбар къаIэрызыгъэхьар мелыIычхэращ, а хъыбархэр пщIыхьэпIэм щызэхэзыхаи яхэтщ. Ауэ псоми ящIэрт абыхэм Тхьэр къазэрепсалъэр икIи шэч къытрамыхьэу цIыхухэм жраIэрт: «Апхуэдэу жызыIэр Зиусхьэнырщ»;

и) языныкъуэ бегъымбархэм Iуэху телъыджэхэр ялэжьыфырт, я псалъэр зэрыщыпкъэр цIыхум фIэщ щащIын щхьэкIэ; ар яхузэфIэкIырт Мусэ, Елисей, Петр сымэ. УмэхъакIуэ Иуан апхуэдэ зы телъыджэлажьи далъэгъуакъым цIыхум.

Хьисэ Мэссихь и пэкIэ псэуа бегъымбархэм цIыхухэр щыгъуазэ ящIащ Тхьэр зищIысым, Абы цIыхухэм къапиубыдым, Тхьэм емыдаIуэмэ, Абы и губжьыр къазэрытехуэнур щабзыщIакъым. Абыхэм цIыхухэм жраIэрт я гуэныхьхэм хущIегъуэжрэ Тхьэм и IэмыщIэ зралъхьэмэ, Абы и нэфI къазэры-щыхуэнур. Мусэ къыхуиIуэхури, Тхьэм  израил лъэпкъым хабзэ куэд къахилъ-хьащ. Мусэ и ужькIэ псэуа бегъымбархэм цIыхухэр къыхураджэ зэпытащ а хабзэхэр ягъэзэщIэн зэрыхуейм. Ауэ цIыхухэр гуэныхьлыти, Тхьэм и хабзэхэр нэгъэсауэ ягъэзэщIэфыртэкъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, хабзэм ихъумэфыртэ-къым ахэр, ауэ захригъащIэрт гуэныхьлыуэ зэрыщытыр, КъегъэлакIуэ зэры-хуэныкъуэри захригъащIэрт.

Бегъымбархэм я къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъыр зыхуэныкъуэ Къегъэла-кIуэм хьэзыр хуэщIын зэрыхуейрт. Хьисэ Мэссихь и гугъу щыпхуэсщIкIэ щыгъуазэ усщIынщ пасэрей бегъымбархэр жыжьэ плъэуэ зэрыщытам.

Библием куэдрэ ущрохьэлIэ, цIыхухэм къащхьэщыкIми, я гъунэгъу дыдэ мелыIычхэм. Ахэри къэзыгъэщIар Тхьэращ. МелыIычхэр Тхьэм и лIыкIуэщ: Тхьэм ахэр лIыкIуэ къиищI зэпытщ, и унафэхэр бегъымбархэмрэ фIэщхъуныгъэ зиIэ нэгъуэщI цIыхухэмрэ къаригъэщIэн щхьэкIэ. ЦIыху теплъэ яIэу, мелыIыч-хэр къахуэкIуащ Ибрэхьими, Муси, нэгъуэщIхэми. Библием зи цIэ къриIуэр мелыIычитIщ – Михаилрэ ДжэбрэIилрэ. Хьисэ зи цIэ къуэ къызэрилъхунур Мэрием къыжезыIар ДжэбрэIил.

Тхьэм хуэжыIэщIэ мелыIычхэм нэмыщI, Библием щыгъуазэ дещI Тхьэм емыдаIуэ Абы и бийхэми. Абыхэм я нэхъыщхьэм шейтIанкIэ йоджэ. Чыристан куэдым ялъытэ шейтIаныр хьэлэлу къигъэщIауэ, иужькIэ пагэ хъууэ Тхьэм пэувауэ. Абы къыхэкIкIэ шейтIанми и жин бзаджэхэми уафэр ирагъэбгынащ. Абы лъандэрэ

ахэр пылъщ Тхьэм и Iуэхущlафэхэр щIылъэм зэрыщызэтракъу-тэным, цIыхухэр Тхьэм къызэрыбгъэдашыным. Эдем хадэм Хьэуа къыщызы-гъэпцIар шейтIаныращ. Хьисэ Мэссихьи дишэхын мурад иIащ абы, мылъкурэ тепщэныгъэкIэ къигъэгугъэурэ, ауэ ар хузэфIэкIакъым.

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ губгъуэ нэщIым ишащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ абы щIишар гуэныхь иригъэлэжьын папщIэ шейтIаныр абы и ужь итын щхьэкIэщ. Махуэ плIыщIрэ жэщ плIыщIрэ нэщIа нэужь, Хьисэ къэ-мэжэлIащ. ЦIыхухэм гуэныхь езыгъэлэжь шейтIаныр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ къыжриIащ:*

*– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, щIаккъуэ хьуну мы мывэхэм унафэ хуэщI.*

*– Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ, – жиIащ Хьисэ, –*
*«ЩIаккъуэ къудейкъым цIыхур зэрыпсэунур,*
*атIэ дэтхэнэ псалъэу Тхьэм къыбгъэдэкIырщ».*

*ШейтIаным Хьисэ къалэ лъапIэм ишэщ, Тхьэм и унэшхуэм и нэхъ лъагапIэ дыдэм тригъэувэри, [6]къыжриIащ абы и ужькIэ:*

*– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, мыбдеж зыщедзых; Тхьэм и псалъэу тхахэм мыпхуэдэу хэтщи:*
*«Тхьэм и мелыIычхэм уэ птеухуауэ*
*унафэ къахуищIынущ,*
*мывэм уи лъакъуэхэмкIэ*
*ужьэхэмэуэн щхьэкIэ,*
*я IэхэмкIэ узэрахьэнущ».*

*– Тхьэм и псалъэу тхахэм мыпхуэдэу хэтщ, – жиIащ Хьисэ, – «Зиусхьэну уи Тхьэр умыгъэунэху».*

*Хьисэ бгы лъагэ дыдэ гуэрым дишщ, дунейм тет къэралыгъуэ псори абыхэм ябгъэдэлъ щытхъури кърыгъэлъагъури, къыжриIащ итIанэ:*

*– ЩIым зыхэпIубэрэ сэ сыбгъалъапIэмэ, а псори уэ уэстынущ.*

*– Си ужь икI, шейтIан! – жриIащ абы Хьисэ. – Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ: «Зиусхьэну уи Тхьэр бгъэлъапIэурэ, узыхуэлэжьэн хуейр абы и закъуэщ».*

*ШейтIаныр абы и ужь икIыжащ итIанэ; мелыIычхэр къыхуехри, Хьисэ Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэ хьуащ.*

(Маттэ 4:1-11)

ШейтIаным къаруушхуэ хэлъщ, ауэ ар Тхьэм и нэIэм щIэтщ. Чыристан-хэр щышынэн хуейкъым шейтIанми абы и жинхэми. Хьисэ Мэссихь къару къыдет, шейтIаным дыпэлъэщын, абы и удынхэр зытедмыгъэхуэн щхьэкIэ. ИкIэм икIэжым Тхьэм шейтIаныр мафIэм ис тхъуэбзащхъуэ гуэлым хидзэнущ.

**Сыт хуэдэ тхылъ лъапIэхэм иригъуазэрэ чыристанхэр?**

Иджы, си ныбжьэгъу, ди тхылъ лъапIэхэм ущIэупщIащи, абы и жэуап уэстынщ. Пасэ зэман лъандэрэ иудейхэмрэ чыристанхэмрэ «тхылъым и цIыхукIэ» йоджэ. А цIэр яхуэфащэщ абыхэм, сыту жыпIэмэ еврейхэри чыри-станхэри я тхылъ лъапIэхэр яхъумэурэ къогъуэгурыкIуэри.

Сыт хуэдэ тхылъхэра чыристанхэм лъапIэу ялъытэр?

Тхыгъэ ЛъапIэр тхылъ 66-рэ мэхъу. Ар IыхьитIу гуэшащ, зы Iыхьэм Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэмкIэ йоджэ, адрейм – ХъыбарыфIымкIэ (ИнджылкIэ).

**Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэр**

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэр тхылъ 39-рэ мэхъу. Журтхэри  чыристанхэри «тхылъ лъапIэкIэ» йоджэ абыхэм. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и нэIэм щIэту, автор куэдым а тхылъхэр евреибзэкIэ илъэс миным щIигъукIэ ятхащ. Япэ тхылъи-тхум «ТэурэткIэ» е «ТхылъитхукIэ» йоджэ. Ахэр зэхалъхьэн щхьэкIэ, пасэрей Iэрытххэр къагъэсэбэпащ. Япэ тхылъым ЩIэдзапIэкIэ (1 Мусэ) йоджэ, абы щыгъуазэ дещI Тхьэм мы дунейр зэриухуа щIыкIэм, дегъэцIыху Iэдэмрэ Хьэ-уарэ, Нухь бегъымбарыр, щIылъэм псыдзэр къызэрыщIэуар къыщцыдощIэ. Ар топсэлъыхь Тхьэм и унафэкIэ Ибрэхьим Харран икIыу Палестинэм зэрыкIуам. Ибрэхьим Тхьэм къигъэгугъат Палестинэр езымрэ и щIэблэмрэ къаритыну. Ар къыщыхъуар Хьисэ Мэссихь къалъхун и пэкIэщ – Ар къалъхуным илъэс минитI къэнэжауэ. А тхылъым къыщцыдощIэ Исхьэкъръэ Екъубрэ я хъыбар, Исуф и къуэшхэм гъэрыпIэм зэрыщащар: Мысырым щаща нэужь, ар фирхьэуным и япэ къуэдзэ хъуауэ щытащ. Мусэ бегъымбарым и адрей тхы-лъиплIыр топсэлъыхь израил лъэпкъыр, Екъуб и щIэблэ пщыкIутIыр, Мысы-рым кърищыжын щхьэкIэ, Тхьэм Мусэ къару къызэрырита щIыкIэм. Ар къы-щыхъуар Хьисэ Мэссихь къалъхун и пэ илъэс 1300-рэ хуэдиз къэнэжауэщ. А тхылъхэм щызэхуэхьэсащ Езым и лъэпкъым, израилхэм папщIэ, Тхьэм Мусэ Синай бгыщхьэм къыщрита хабзэхэр псори.

Мусэ бегъымбарым и тхылъхэм кIэлъокIуэ тхыдэм щыгъуазэ дыхуэзыщI тхылъхэр – Нун и къуэ Ешуа я пашэу израилхэм Палестинэр къызэразэуам теухуахэр, Тхьэм Самуил бегъымбарыр Даут деж зэригъэкIуам и хъыбарым – пащтыхь тахътэр абы Тхьэм къызэрыхуигъэфэщар жриIэн щхьэкIэ. Ар къы-щыхъуар Хьисэ Мэссихь къалъхуным илъэс мин хуэдиз къэнэжауэщ. А тхылъхэм къыщцыдощIэ Даут и бийхэр псори зэрызэтриукIар, абы и къуэ Сэлмэн Тхьэ щелъэIун унэшхуэ Ерусалим зэрыдищIыхьар. Сэлмэн лIа нэужь, абы и къэралыр зэхуагуэшри, Сэлмэн и щIэблэр Иудейм щытепщащ, ар 586 гъэм (Мэссихь къалъхун и пэкIэ) бабилэн пащтыхьым и дзэм яззэуху. Абы щыгъуэ еврей куэд гъэрыпIэм яхуащ. Зыбжанэ дэкIауэ перс пащтыхь Кир, Бабилэн къизэуа нэужь, гъэрыпIэм яхуауэ щыта еврейхэр хуит ищIащ Еруса-лим ягъэзэжыну, Тхьэм и унэшхуэ абы щаухуэну. А унэшхуэ лъапIэр  зэхакъутэгъащ, иужькIэ ящIыжыгъащ ар, ауэ Даут и зы щIэбли еврейхэм я пащтыхь тахътэр къылъысыжакъым, ар зэрыпхъуакIуэхэми зыIэщIаубыдати.

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм теухуа тхыдэ тхылъхэм щIыгъущ пшыналъэ-хэри: Iэйуб и тхылъыр, Даут и Уэрэд ЛъапIэхэр, Сэлмэн и хъищэхэр, нэгъуэщI-хэри. Ешайа, Иеремие, Езекиил, Даниел, Михэ, Зэчрей, Малахие сымэрэ нэгъуэщI бегъымбархэмрэ я тхылъ пщыкIухыр Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм и кIэухщ. А бегъымбархэм я нэхъыбэр Иудейм исащ илъэс 800-м къыщыщIэ-дзауэ илъэс 400-м

нэс (Мэссихь къалъхун и пэкIэ). Хуэбгъэфащэ хъунущ Малахие и ужькIэ УмэхъакIуэ Иуан деж нэс Тхьэм бегъымбархэр лIыкIуэ къимыщIауэ.

**ХъыбарыфIыр**

ХъыбарыфIыр тхылъ 27-рэ мэхъу. А тхылъхэр алыджыбзэкIэ ятхащ авторипщIым – илъэс щэ ныкъуэм и кIуэцIкIэ (Хьисэ Мэссихь лIэуэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь). «Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэ» цIэр епхащ Тхьэм Езым и лъэпкъым, израилхэм, къарищIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм – Мусэ бегъымбарым и пщэ къызэрыдилъхьам ипкъ иткIэ (2 Мусэ (ИкIыж) 24:1-8). «ХъыбарыфIыр» къыдежьащ Тхьэм Езым и лъэпкъым, Мэссихь зи фIэщ хъухэм, къарищIылIа зэгурыIуэныгъэм (Иер. 31:31-34; Лука 22:20).

ХъыбарыфIым «ИнджылкIи» йоджэ. ХъыбарыфIым и япэ тхылъиплIыр зытхар цIыхуиплIщ, зытепсэлъыхьыр Хьисэ Мэссихь и гъащIэмрэ Абы дызыхуригъаджэмрэщ. Щызэтемыхуэ къэхъуркъым ахэр, зыр адрейм нэхъри егъэ-нахуэ, егъэбелджылы. Зы цIыхум траха сурэтиплIым ебгъэщхь мэхъу ахэр. ХъыбарыфIым щыщ тхылъхэм псоми ИнджылкIэ (ХъыбарыфIкIэ) щеджэр нэхъыбэщ.

ХъыбарыфIым и етхуанэ тхылъым и купщIэр апостолхэм я IуэхущIафэ-хэрщ. Ерусалим къыщыщIэдзауэ Рим нэс чыристан фIэщхъуныгъэм зэры-зыщиубгъуар къыщыдощIэ а тхылъхэм – Хьисэ Мэссихь зэрылIэрэ куэд дэмы-кIауэ. Нэхъ къыхэгъэбелджылыпхъэр апостолхэу Петррэ Паулрэ я IуэхущIа-фэхэрщ. Абы кIэлъокIуэ тхыгъэ (письмо) тIощIрэ зырэ, абыхэм я нэхъыбапIэр зытхар апостолхэу Паул, Петр, Иуан сымэщ. Ахэр зыхуатхар Рим къэралы-гъуэм ис чыристанхэмрэ нэгъуэщI щыпIэ щыпсэу чыристанхэмрэщ. Апостол-хэм гурыIуэгъуэ ящI фIэщхъуныгъэмрэ узэрыпсэуну щIыкIэмрэ. Иужьрей тхылъым, «АпокалипсискIэ» зэджэм щыгъуазэ ущохъу апостол Иуан и нэIурыт-хэм. Абы къыщыдощIэ фIэщхъуныгъэ зимыIэхэм къапэплъэ тезырхэр зыхуэ-дэр, Хьисэ Мэссихь икIэм икIэжым зэрытекIуэнум шэч зэрыхэмылъыр, мыкIуэдыжын  Тхьэм и щIыхьыр зэрылъагэр.

Чыристанхэм мы тхылъхэр тхылъ лъапIэу икIи Тхьэм къыбгъэдэкIауэ ялъытэ. Апхуэдэу щыжаIэкIэ, чристанхэм сыт кърагъэкIыр? Тхьэм а тхылъхэр зытхахэм ятхын хуейр псалъэ-псалъэу къажриIакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ тхылъ зырызхэм я тхыкIэр зэщхьтэкъым. Даут бегъымбарым Сэлмэн бегъым-барым хуэдэу итхакъым. Паул апостолми Иуан апостолым хуэдэу итхакъым. Я хьэл-щэнхэр зэтемыхуэу зэрыщытам къыхэкIкIэ, зэхуэмыдэу ятхащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, уэ мыпхуэдэу укъызэупщIынкIи мэхъу: «ЦIыхухэм ятха нэгъуэщI тхылъхэм яхуэдэу, мы тхылъхэми пэжыгъи мыпэжыгъи ярытынкIэ хъуну?»

Хьэуэ, хъунукъым. Сыт шхьэкIэ жыпIэмэ мы тхылъхэр зытхахэр цIыху-хэр арауэ щыт пэтми, ахэр Тхьэм и псалъэхэщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэмкIэ а тха-кIуэхэм ятхын хуейр Тхьэм абыхэм ягу кърилъхьащ. Бегъымбархэм Тхьэм и хъыбар цIыхухэм хуаIуэтэн щхьэкIэ, Тхьэм и пэжыгъэри езыр зыхуейри ягу кърилъхьащ. Апхуэдабзэу мы тхылъхэр ятхын щхьэкIэ, Тхьэм и хъыбарыр езым къыхиха пIыхухэм ягу кърилъхьэри яригъэтхащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, дэтхэнэ тхакIуэми, езым и тхэкIэкIи и хьэл-щэнымкIи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм зэрызэхригъэщIыкIам хуэдэу, Тхьэм и псалъэхэр къытхуитхащ. ХъыбарыфIым мыпхуэдэу итщ:

*Бегъымбархэм я псалъэхэр езыр-езыру жаIакъым, атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм а псалъэхэр ягу къырилъхьэри къажригъэIащ.*

(2 Петр 1:21)

Тхьэм и цIэкIэщ ахэр зэратхар. Тхьэм и Псалъэщ ахэр, Тхьэращ къызы-бгъэдэкIар, аращ Абы щIипсалъэр.

Абы къыхэкIкIэ дэ, чыристанхэм, Библиер зыми хуэмыдэ тхылъ лъа-пIэущ зэрытлъытэр. Дэ ди фIэщ мэхъу: Тхьэм щхьэкIэ тщIэн хуей псори итщ а тхылъым, Абы и пащхьэми ди гъунэгъухэм дежкIи ди пщэм къыдэхуэ къалэн-хэр щыубзыхуащ а тхылъ лъапIэм. А тхылъым итщ ди КъегъэлакIуэ Хьисэ Мэссихь и хъыбар пэжыр, ди гуэныхьхэр тщхьэщихын щхьэкIэщ Ар Тхьэм лIыкIуэ къыщIытхуищIар, дунейр Езыр зэрыхуейуэ зэблихъун щхьэкIэщ.

Хуит сыкъэпщIмэ, а псор нэхъ гурыIуэгъуэ пщыхъун щхьэкIэ, щIызгъу-жыпхъэ гуэрхэми уезгъэдэIуэнщ.

1) Чыристан деноминацие лIэужьыгъуэ куэд ущрохьэлIэ дунейм, а псоми а тхылъ 66-р яфIэщыпкъэщ, узэраузэщIынуми гъащIэм къызэрыщыпщхьэпэ-нуми шэч къытрахьэркъым.

2) Пасэрей тхылъхэр нэхъ иужькIэ хэIущIыIу хъуа тхылъхэм лъэныкъуэ ирагъэзыркъым. Хьисэ мыпхуэдэу жиIащ:

*Мусэ и Тэурэт хабзэм итхэмрэ бегъымбархэм ятха тхылъхэм ярытхэмрэ згъэкIуэдыну сыкъэкIуауэ фи мыгугъэ. Ахэр згъэкIуэдын щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ и кIэм нэзгъэсыну аращ.*

(Маттэ 5:17)

Пасэрей тхылъхэр хагъахъуэ, ирагъэфIакIуэ, нэхъ гурыIуэгъуафIэ ящI тхылъыщIэхэм. Аращ Тхьэм и Псалъэр къыдгурызыгъаIуэ тхылъ псори – жыри щIэри – дэркIэ щIэщхьэпэр. Дэ, чыристанхэм, додж Тхьэм благъэ дыхуэзыщI дэтхэнэ тхылъ щхьэпэри. Библием итымкIэ мыарэзыуэ зыгуэрым тхылъ итхмэ, шэч къытевмыхьэ апхуэдэ тхылъыр Тхьэм и къызэрыбгъэдэмы-кIам. Зэ жиIам хущIегъуэжыркъым Тхьэр!

3) Уэ зэхэпхынкIэ мэхъу: чыристанхэм зэрахъуэкIащ тхылъ лъапIэхэр, иджырей тхылъхэм дзыхь егъэз хъунукъым. Апхуэдэ псалъэ зэхэпхмэ, уи тхьэкIумэ йомыгъэхьэ, уи фIэщ умыщI. Чыристанхэм фIыуэ ялъагъу я тхылъ лъапIэхэр, хьэрэмыгъэ зигу илъ цIыхухэм хуадэнукъым ахэр зэблахъунуи хэIэзэщIыхьынуи. Илъэс I600-рэ зи ныбжь альідж Iэрытх къыкъуэкIыжащ, ахэращ иджы зэрадзэкIыурэ къыдагъэкIыр. Тхьэм и Псалъэр дунейм тет цIыху псоми яритащ. Чыристанхэм Библиер бзэ куэдыкIейкIэ зэрадзэкIащ, абы хэти езым и анэдэлъхубзэкIэ къеджэн щхьэкIэ.

Аркъудейкъым. Иригъуэзэн папщIэ, Тхьэм и Псалъэр цIыхухэм къари-тащ, Ар зэпхъуэкIыни къыпхуидэнукъым, зэпхъуэкIмэ, цIыхухэр игъэщхьэ-рыуэнкIэ шынагъуэщи. Тхьэр Езым и Псалъэм и плъырщ, абы теплъэкъукIыр-къым, илъэс мин

Іэджэ хъуауэ зэхъуэкІыныгъэмрэ кІуэдыпІэмрэ щехъумэ ар. Аращ Тхьэм и Псалъэр щІэщыпкъэр, Ар уи фІэщ хъун щІыхуейр.

4) Библием щыщ тхылъ 66-р автор куэдым ятхащ, илъэс 1500-м и кІуэцІ-кІэ ятхащ ахэр, ауэ псоми я купщІэр зыщ. А тхылъхэм щыгъуазэ дащІ Тхьэр зищІысым, Абы цІыхум пиубыдым, гуэныхьщІакІуэр къригъэлын папщІэ, Абы илэжьахэм. А псори щыхьэт тохъуэ: а тхылъхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІар езы Тхьэращ, цІыхухэракъым. ЦІыхухэм Тхьэм и унафэхэр ятхыжа къудейщ.

5) Библиер гурыІуэгъуафІэ дыдэщ. ЩІэныгъэншэхэми къагуроІуэ Абы и купщІэр. ЩІыпІэ пхыдза куэдым зэрыщызэхэсхамкІэ, цІыхухъухэми цІыху-бзхэми фІыуэ къагуроІуэ Библиер, абы щхьэкІэ егъэджакІуэ хуэныкъуэкъым, езыр-езырурэ зэхащІыкІ Тхьэр зищІысыр, я гуэныхьхэри къахуогъу. Дауи, тхьэгъэпсхэм я Іэдакъэ къыщІэкІащ Тхьэм и Псалъэр нэхъ гурыІуэгъуэ къыт-щызыщІ тхылъ куэд, чыристан члисэм и хасэхэм зэхалъхьащ Библием и пэжыпІэр нэхъ зэхэщІыкІыгъуэ къытщызыщІ тхылъхэр, итІани Библием упкърыгупсысыхьурэ уеджэмэ, абы гугъу удехьыркъым, гурыІуэгъуэ зыщы-пщІын щхьэкІэ. Абы къыхэкІкІэ дэтхэнэ чыристанми и къалэнщ Библиер иджыныр. Библием езыр-езырурэ зыкъызэкъуихынущ, езыр-езырурэ зыкъи-тІэщІынущ, Псэ ЛъапІэм уригъуазэмэ. Чыристан Іэджэм махуи къэси ядж Библием щыщ едзыгъуэхэр, яджым кууэ пкърогупсысыхь.

Уэ бгъэщІэгъуагъэнщ ХъыбарыфІыр (Инджылыр) Хьисэ итхауэ е Тхьэм ар Абы кърита уэ зэрыжызмыІар. ЗэрытщІэщи, Абы тхылъ итхакъым, Тхьэм къритауэ тхылъ гуэри и ІэмыщІэ илъакъым. Хьисэ Тхьэм и Псалъэщ. Абы и гъащІэри и ІуэхущІафэхэри щыхьэт тохъуэ Ар Тхьэуэ зэрыщытым. Апхуэдэу щыщыткІэ, Маттэ, Иуан, Паул сымэ, нэгъуэщІ апостолхэри Тхьэм тригъэгу-шхуащ Хьисэ Мэссихь теухуауэ тхылъхэр зэратхыным. А тхылъхэм щыдолъа-гъу Ар, Абы зыхы-дегъащІэ Тхьэр, Тхьэм и хъыбар къытхуеІуатэ.

Си гугъэщ, си ныбжьэгъу, Библиер мыхьэнэшхуэ зиІэ тхылъу зэрыщы-тыр къыбгурыІуауэ. Чыристан фІэщхъуныгъэр тэмэму къыдгурызыгъаІуэри дыкъызэрелынум и гъуэгухэр тхуэзыгъэнахуэри Библиеращ. Си фІэщ мэхъу Библием уеджэ зэпыту узэрыщытынур – Инджылым (ХъыбарыфІым) къыщы-щІэдзауэ. Абы уеджа нэужь, нэхъ гурыІуэгъуафІэ къыпщыхъунущ Пасэрей ЗэгурыІуэныгъэр. Абыхэм уатхьэкъурэ щІэчэ имыІэу уеджэмэ, Тхьэм и щІасэ ухъуауэ аращ, Абы и Псалъэм уи гур къиуІуауэ плъытэ хъунущ!

### Хьисэ Мэссихь щІым щигъэкІуа гъащІэр

Иджы, си ныбжьэгъу, чыристан фІэщхъуныгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэм дынэсащ дэ – хэт хъуну Хьисэ Мэссихь, дауэ хущыт Ар Тхьэмрэ цІы-хумрэ. ЯпэщІыкІэ сэ уезгъэдэІуэнщ Абы щІым щигъэкІуа гъащІэм и хъыбар. ХъыбарыфІым и тхылъиплІри топсэлъыхь абы.

Мэрием зи цІэ пщащэм ДжэбрэІил мелыІычым зэгуэр къыжриІащ абы къуэ къызэрилъхунур, Абы Хьисэ цІэр фІищын зэрыхуейр. Тхьэм и КъуэкІэ еджэнущ Абы.

*Елизавет мазихкIэ лъэщыджауэ, Тхьэм и мелыIыч ДжэбрэIил Галилей хэкум щыщ Назарет къалэм къигъэкIуащ. Ар къызыхуигъэкIуар Мэрием зи цIэ хъыджэбз гуэрщ. Исуф зи цIэу Даут пащтыхьым къытехъукIа цIыхухэм ящыщ лIым а Мэрием къишэну къыхихауэ щытащ. Мэрием здэщыIэм къакIуэри, мелыIычым жиIащ:*

*– ГуфIэ уэ, Тхьэм и нэфI зыщыхуар. Зиусхьэныр уи гъусэщ.*

*МелыIычым жиIам Мэрием хуабжьу къигъэгузэващ икIи а фIэхъус псалъэу къыжриIам къикIым егупсысащ.*

*– Умышынэ, Мэрием, – къыжриIащ мелыIычым абы, – Тхьэм и нэфI къыпщыхуащ. Уэ лъэщыджэ ухъунурэ къуэ къэплъхунущ. Абы цIэуэ фIэпщынур Хьисэщ. Ар цIыхушхуэ хъунущ, Тхьэуэ Лъагэм и КъуэкIэ еджэнущ. И адэшхуэ Даут и тахътэр Зиусхьэну Тхьэм абы къритынущ. МыкIуэдыжын тепщэныгъэ Екъуб и лъэпкъым хуиIэнущ абы. И тепщэныгъэшхуэм зэи кIэ иIэнукъым.*

*– Ар дауэ зэрыхъунур? – еупщIащ Мэрием мэлэIычым. – Сэ сыхъы-джэбздэсщ.*

*– Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыпхуехынущ, Тхьэуэ Лъагэм и лъэкIи уи гъусэнущ, – къыжриIащ мелыIычым абы. – Аращи, щIалэ лъапIэу къалъхунум Тхьэм и КъуэкIэ еджэнущ. Мис, уи благъэ Елизавету фызмылъхуэщ жыхуаIэу щытар и жьыщхьэ лъэщыджэ хъуащ икIи мазэ еханэм итщ; Тхьэм хузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэкъым.*

*– Мис, сэ Зиусхьэным сриIуэхутхьэбзащIэщ, – жиIащ Мэрием. – Уэ зэрыжыпIам тету къыздрехъу.*

*Мэрием къигъанэри, мелыIычыр ежьэжащ итIанэ.*

(Лука 1:26-38)

Илъэс 700 и пэкIэ Ешайа бегъымбарым жиIауэ щыта псалъэр зэщIэн хуейуэ арат абы къикIыр (Ешайа 7:14). Ерусалим пэмыжыжьэ Бет-Лэхьэм къалэ цIыкIум къыщалъхуащ Хьисэ. Илъэс мин и пэкIэ а къалэ цIыкIум къыщалъхуащ Даути. Илъэс 700 и пэкIэ Михэ бегъымбарми жиIэгъащ Хьисэ Бет-Лэхьэм къызэрыщалъхунур (Михэ 5:2). Бет-Лэхьэм пэмыжыжьэ хъупIэм ит Iэщыхъуэхэм мелыIычым къажриIэгъащ Хьисэ къызэралъхунури къыщалъ-хуну махуэри:

*Ауэ мелыIычым къажриIащ:*

*– Фымышынэ, ауэ фыкъэдаIуэ! Фи лъэпкъ псом щхьэкIэ хъыбар гуфIэ-гъуэшхуэ къыфхуэсIуэтэнущ: ФымыкIуэду фыкъезыгъэлынур Даут и къалэм нобэ къыщалъхуащ, ар Зиусхьэну Мэссихьыр аращ.*

(Лука 2:10,11)

Мэрием Исуф и щхьэгъусэ хъуащ. Ар пхъащIэт. И къуэ дыдэ хуэдэ Хьисэ фIыуэ илъэгъуащ абы. И щIалэгъуэм Хьисэи пхъащIэу щытащ – Назарет къа-лэм, аращ ар балигъ щыхъуар. И ныбжьыр илъэс щэщIым нэсыху, телъыджэ гуэри илэжьакъым Абы, цIыхухэм ящIэртэкъым Ар куэд щIауэ зыпэплъэ Мэссихьу зэрыщытыр.

Илъэс щэщI ирикъуа нэужь, щIым къыщIэкIуа Iуэхум и ужь ихьащ Хьисэ. Назарет къыдэкIри, Ар умэхъакIуэ Иуан деж кIуащ. Иуан а зэманым Тхьэм и Псалъэм цIыхухэр хуигъэIущырт. Я гуэныхьхэм хущIегъуэжын хуейуэ цIыхухэр къыхуриджэрт Иуан, Иордан псым зыщрагъэумэхъын зэрыхуейр къажриIэрт. Гуэныхьыр зыщхьэщыпхауэ арат умэхъыным къикIыр. ЩIым къызэрытехьэрэ гуэныхь зыпылъ имылэжьами, Хьисэ Иуан елъэIуащ, зригъэ-умэхъын щхьэкIэ. Иуан Абы и лъэIур хуищIащ.

*Иуан зригъэумэхъри, Хьисэ псым къыхэкIыжащ. Псым къыщыхэкIы-жым, уафэр зэIукIри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр, тхьэрыкъуэ теплъэ иIэу, къызэрыхуехар Хьисэ илъэгъуащ. Уафэм макъ къиIукIащ итIанэ:*

*– Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр.*

(Маттэ 3:17)

Хьисэ губгъуэ нэщIым ихьащ итIанэ, тхьэ елъэIуурэ махуэ плIыщIкIэ нэщI исащ. ШейтIаныр къыкIэрыхъыжьащ Абы, и IэмыщIэм ириубыдэн щхьэкIэ, и Адэм къыбгъэдишын, мурадкIэ.

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ губгъуэ нэщIым ишащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ абы щIишар гуэныхь иригъэлэжьын папщIэ шейтIаныр абы и ужь итын щхьэкIэщ. Махуэ плIыщIрэ жэщ плIыщIрэ нэщIа нэужь, Хьисэ къэмэжэлIащ. ЦIыхухэм гуэныхь езыгъэлэжь шейтIаныр къыбгъэдыхьэ-ри Хьисэ къыжриIащ:*

*– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, щIаккхъуэ хьуну мы мывэхэм унафэ хуэщI.*
*– Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ, – жиIащ Хьисэ, –*
*«ЩIаккхъуэ къудейкъым цIыхур зэрыпсэунур,*
*атIэ дэтхэнэ псалъэу Тхьэм къыбгъэдэкIырщ».*

*ШейтIаным Хьисэ къалэ лъапIэм ишэщ, Тхьэм и унэшхуэм и нэхъ лъагапIэ дыдэм тригъэувэри, къыжриIащ абы и ужькIэ:*

*– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, мыбдеж зыщедзых; Тхьэм и псалъэу тхахэм мып-хуэдэу хэтщи:*

*«Тхьэм и мелыIычхэм уэ птеухуауэ*
*унафэ къахуищIынущ,*
*мывэм уи лъакъуэхэмкIэ*
*ужьэхэмэуэн щхьэкIэ,*
*я IэхэмкIэ узэрахьэнущ».*

*– Тхьэм и псалъэу тхахэм мыпхуэдэу хэтщ, – жиIащ Хьисэ, – «Зиусхьэну уи Тхьэр умыгъэунэху».*

*Хьисэ бгы лъагэ дыдэ гуэрым дишщ, дунейм тет къэралыгъуэ псори абыхэм ябгъэдэлъ щытхъури къригъэлъагъури, къыжриIащ итIанэ:*

*– ЩIым зыхэпIубэрэ сэ сыбгъалъапIэмэ, а псори уэ уэстынущ.*

*– Си ужь икI, шейтIан! – жриIащ абы Хьисэ. – Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ:*

*«Зиусхьэну уи Тхьэр бгъэлъапIэурэ, узыхуэлэжьэн хуейр абы и закъуэщ».*

*ШейтIаныр абы и ужь икIыжащ итIанэ; мелыIычхэр къыхуехри, Хьисэ Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэ хьуащ.*

(Маттэ 4:1-11)

ШейтIаным дишэхыфакъым Хьисэ, абы текIуауэ умэхъакIуэ Иуан деж игъэзэжащ. Хьисэ къигъэзэжауэ щилъагъум, Иуан жиIащ:

*– Мис Тхьэм и къурмэныпхъэ щынэу дунейм и цIыхухэм я гуэныхьхэр ятe--зыхыжыр. Мыращ жыхуэсIар: «Си ужькIэ къэкIуэну лIыр сэр нэхърэ нэхь лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сыкъэхъун и пэкIэ ар щыIащ». Ар сэ сцIыхуртэкъым, ауэ сэ цIыхухэр сыумэхъыну сыкъыщIэкIуар Израил цIыху-хэм ар хэтми езгъэщIэн щхьэкIэщ .*

*Хьисэ щыхьэт техьуэурэ, Иуан жиIащ итIанэ:*

*– Тхьэм и Псэ ЛъапIэр тхьэрыкъуэм хуэдэу уафэм Хьисэ къыхуехауэ къызэрыщхьэщытыр слъэгъуащ. Езыр сэ сцIыхуртэкъым, ауэ цIыхухэр сыумэхъыну сыкъэзыгъэкIуам къызжиIащ: «Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къызы-хуехауэ, зыщхьэщыт цIыхур арщ цIыхухэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэкIэ зыумэхъынур». Апхуэдэу зэрыхъуар сэ слъэгъуащ, ар Тхьэм зэри-Къуэми щыхьэт сытохъуэ сэ.*

(Иуан 1:29-34)

И гъуэгу ирикIуэхэр зэхуишэсын щIидзащ Хьисэ, иужькIэ абыхэм цIыху пщыкIутI къыхихащ. ЦIэрыIуэтэкъым икIи щIэныгъэншэт ахэр. Петррэ Иуан-рэ бдзэжьеящэт, Маттэ хьэкъхэхт. Ауэ абыхэм я фIэщ хъуат Хьисэ Тхьэм зэры-ри-Мэссихьыр. Я Iуэхуи я дэлъи къагъанэри, ахэр я ЕгъэджакIуэм гъусэ хуэ-хъуащ, илъэсищым нэблагъэкIэ щIыгъуащ Абы, хэкур зэхакIухь зэпытурэ. А зэманым и кIуэцIкIэ Хьисэ ахэр куэдым хуригъэджащ, апостол Iуэхуу ящIэн хуейр захригъэщIыкIащ.

Хьисэ цIыхухэр иущийрт, мыр яжриIэурэ:

*– Махуэр къэсащ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къэблэгъащ; фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, хъыбарыфIыр фи фIэщ фщIы.*

(Марк 1:15)

Тхьэм и псалъэр Абы цIыхухэм щахуиIуатэрт синэгуэгухэми, я унэхэми, ахэр Iуащхьэ джабэхэм, Галилей гуэлым и Iуфэм щыщызэхуэскIи. Псоми ягъэщIагъуэрт Абы и Iущыгъэр, Ар цIыхухэм къазэрепсалъэр бегъымбар хуэ-дэутэкъым, Езы Тхьэр къепсалъэ къащыхъурт цIыхухэм. Бегъымбархэм псалъэр зэраублэр мыпхуэдэут: «Тхьэм и псалъэм федаIуэ», Хьисэ цIыхухэм мыпхуэдэут зэрызахуигъазэр: «Сэ фэ вжызоIэ».

Хьисэ сымаджэхэр игъэхъужырт псалъэкIэ е ятеIэбэурэ.

*Уэшын уз зыпкърыт лIы гуэр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, лъэгуажьэмыщхьэу къэтIысри къелъэIуащ:*

*– Ухуеймэ, сыбгъэхъужыфынущ.*
*Абы гущIэгъу хуищIу и Iэр ишийщ, теIэбэри, Хьисэ жиIащ:*
*– Сыхуейщ, узыншэ хъуж!*
*Уэшын узыр асыхьэтым щхьэщыкIри, лIыр узыншэ хъужащ.*

(Марк 1:40-42)

Жин бзаджэм зэщIиубыдахэр къакIуэрт Абы деж, жиныр псалъэкIэ яхи-хужыфырт Хьисэ. Нэфхэм я нэм IэпэкIэ теIэбамэ, абыхэм я нэм илъагъу хъу-жырт. ЛIахэр къигъэхъужыфырт Абы. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIыху куэд къе-пщIэкIырт, гъусэ къыхуэхъурт Хьисэ, абыхэм елIалIэурэ Езым и Iуэхухэр Iэпэ-дэгъэлэл фIэхъурт. ХузэфIэкIыр цIыхухэм яригъэлъагъун, абыхэм ярыригъэ-щIэгъуэн щхьэкIэ, зы телъыджи илэжьакъым Хьисэ. ТхьэмыщкIэхэмрэ къы-хуэныкъуэхэмрэ яхэт зэпытурэ, Хьисэ жиIэрт:

*- ЦIыху ешаелIа, хьэлъэ уэндэгъу зытелъ псори, си деж фыкъакIуэ, гузэгъэгъуэ фэстынущи. Си бжьыр зытефлъхьэ, жысIэр зэвгъащIэ, сэ сигур щабэщ икIи пагагъэ схэлъкъыми. ПсэмкIэ гузэгъэгъуэ вгъуэтынущ итIанэ; си бжьыр шэчыгъуафIэщ, си хьэлъэри уэндэгъукъыми.*

(Маттэ 11:28)

Зэгуэрым Хьисэ и пащхьэ кърахьащ зи Iэпкълъэпкъыр къыдэмыбзыж гуэр. Хьисэ къыгурыIуащ а цIыхум и Iэпкълъэпкъми и псэми еIэзэн зэры-хуейр.

*Махуэ заул дэкIауэ, Хьисэ Капернаум къалэм къыщигъэзэжым, ар унэм къызэрыкIуэжар цIыхухэм зэхахащ. Щызэхахым, апхуэдизкIэ цIыху куэд къызэхуэсати, бжэIупэм увыпIэ имыIэж хъуащ икIи Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэу щIидзащ Хьисэ. Абы ирихьэлIэу, цIыху зыбжанэ къэкIуащ; абыхэм ящыщ цIыхуиплIым пкъыуэ хъуа лIы гуэр къахьырт. 4ЦIыхухэр апхуэдизкIэ Iувти, сымаджэр Хьисэ бгъэдахьэн яхузэфIэкIакъым. Апхуэдэу щыхъум, унащхьэм драхьейщ, Хьисэ здэщыIэм деж унащхьэм щыщ трахри, сымаджэр алэрыбгъум телъу ирагъэлэлэхащ. Абыхэм я фIэщхъуныгъэр щилъагъум, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым жриIащ:*

*– Си щIалэ, уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ.*

*Тэурэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ гуп абдежым щысти, ягукIэ жаIащ:*

*– Мы лIым апхуэдэу щIыжиIэр сыт? Абы Тхьэр игъэпцIыркъэ? Тхьэм фIэкI, гуэныхьхэр хэт игъэгъун зылъэкIынур?*

*Абыхэм я гум илъыр асыхьэтым игукIэ ищIэрти, Хьисэ яжриIащ:*

*– Сыт апхуэдэ фигукIэ щIыжыфIэр фэ? Сытыра нэхъ тыншыр: пкъыуэ хъуа лIым, «Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ» жепIэныра, хьэмэрэ «Къэтэдж, уи алэрыбгъур къащти, ежьэж» жепIэныра? ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм гуэныхьхэр игъэ-гъуну*

*дунейм тепщэныгъэ зэрыщиIэр къэфщIэн щхьэкIэ, – жиIэщ, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым зыхуигъазэри, жриIащ:*

*– Сэ ныбжьызоIэ, къызэфIэувэ, уи алэрыбгъур къащти, уи унэ кIуэж.*

*ЛIыр асыхьэтым къэтэджщ, и алэрыбгъур асыхьэтым къищтэжри, цIыху псоми ялъагъуу, унэм щIэкIыжащ. Ар псоми икъукIэ ягъэщIагъуэу, икIи Тхьэм щIыхь хуащIу, жаIащ:*

*– Мыпхуэдэ Iуэху зэи тлъэгъуакъым дэ!*

(Марк 2:1-13)

Абы щыщIэдзауэ Теурэт егъэджэкIуэ пашэхэмрэ дин пашэхэмрэ къефы-гъуэ хъуащ Хьисэ – и цIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ жылэм зэрахэIуам щхьэкIэ. Ахэр Хьисэ хуэшхыдэрт гуэныхьлыхэм зэращIыгъум, сымаджэхэм щэбэт махуэми зэреIэзэм щхьэкIэ (щэбэтыр махуэ лъапIэти, махуэл ящI хабзэт). Хьисэ яукIын мурад ящIащ и жагъуэгъухэм. Апхуэдэ мурад къызэрыхуаIар ищIэрт Хьисэ. Тхьэм апхуэдэ къару къыхилъхьати, и жагъуэгъухэр псори иукIыфынут Хьисэ, ауэ абы пылъакъым зэи. Я жагъуэгъухэри фIыуэ зэралъа-гъуным, абыхэм папщIэ тхьэ елъэIун зэрыхуейм хуигъэIущырт Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр. Езым щапхъэ яригъэлъэгъуащ абы и лъэныкъуэкIэ.

А зэманым журтхэр римхэм я бжьым щIэтащ. ЦIыхухэр щIэбэгырт рим унафэщIхэм я IэмыщIэ къызэрикIыным. ЦIыху минитху щIакхъуитхурэ бдзэ-жьеитIкIэ губгъуэм зэрыщигъэшхар щалъагъум, Хьисэ пащтыхь зэрахуэхъу-нур я фIэщ хъуащ журтхэм.

*Галилей гуэлым (Тивериадэ гуэлыр арщ) Хьисэ кхъуафэжьеймкIэ зэпрыкIащ абы и ужькIэ. Сымаджэхэр игъэхъужурэ, Хьисэ къигъэлъэгъуа нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр зэралъэгъуам щхьэкIэ цIыху гупышхуэ абы и ужь иту кIуэрт. Хьисэ Iуащхьэм дэкIащ, и гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу абдежым щетIысэхащ. Журтхэм я IутIыж махуэшхуэр къэблэгъат.*

*Хьисэ, къаплъэри, цIыху куэд къыкIэлъыкIуэу щилъагъум, и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ Филипп зи цIэм жриIащ:*

*– Мы цIыхухэм едгъэшхын щIакхъуэ дэнэ къыщытщэхунур?*

*Хьисэ ар щIыжиIар Филипп игъэунэхуну арат, езым ищIэн хуейр ищIэжырт.*

*– Дэтхэнэми щIакхъуэ бзыгъэ лъысу къэпщэхун щхьэкIэ, динар щитIри мащIэщ, – жэуап иритыжащ абы Филипп .*

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу Симон Петр и къуэш Индрис жиIащ:*

*– Хьэ щIакхъуитхурэ бдзэжьеитIрэ зиIэ щIалэ цIыкIу гуэр къытхэтщ, ауэ мыпхуэдиз цIыхум ар яхурикъун?*

*– ЦIыхухэр евгъэтIысэх, – жиIащ Хьисэ. А щIыпIэр удзыпцIэт. Минитху хуэдиз хъу лIыхэр етIысэхащ. Хьисэ щIакхъуэхэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, и гъуэгу*

*ирикIуэхэм яритащ. ЩIакхъуэр цIыхухэм хуагуэшащ абыхэм, бдзэжьейхэм щыщуи щхьэж зыхуейм хуэдиз иратащ.*

*ЦIыхухэм зыщагъэнщIым, Хьисэ езым и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ:*

*– Зыри хэмыкIуэдыкIын щхьэкIэ, къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуэф-хьэсыж.*

*Арати, хьэ щIакхъуитхум щыщу шхахэм къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуахьэсыжри, матэ пщыкIутIым ярыз хъуащ.*

*Хьисэ къигъэлъэгъуа нэщэнэ гъэщIэгъуэнымщэр щалъагъум, цIыхухэм жаIащ:*

*– ИпэжыпIэкIэ, дунейм къэкIуэн хуей бегъымбарыр мыращ.*

*Ауэ цIыхухэр къакIуэу, езыр яубыду, лIыгъэкIэ пащтыхь ящIыну ягу зэрилъыр ищIэрти, IукIыжри, Iуащхьэм и закъуэу дэкIуеижащ Хьисэ.*

(Иуан 6:1-15)

Ар пащтыхь ящIмэ, римхэм я IэмыщIэм къызэрырихыфынур я фIэщти, журтхэм пащтыхь захуищIын идакъым Хьисэ, Ар зи пащтыхьыр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэрати. Ерусалим кIуэуэ пащтыхь тахътэм шэсын идакъым Хьисэ, цIыхухэм ягухэмрэ я акъылымрэт Ар зи тепщэр. Хьисэ пащтыхь яхуэ-хъун щимыдэм, Абы жагъуэгъу куэд иIэ хъуащ. ЦIыхухэм фIыщIэ захуригъэ-щIын щхьэкIэтэкъым Хьисэ къыщIэкIуар. Тхьэм и закъуэт Ар зэдаIуэр.

Зэраумэхърэ илъэситIрэ ныкъуэрэ дэкIа нэужь, Хьисэ и апостол пщыкIутIым еупщIащ:

*– Сэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, цIыхухэм сыхэту жаIэрэ?*

*– ЦIыхухэр зыумэхъ у-Иуану жаIэ язынықъуэхэм, – жаIащ абыхэм. – У-Иляс бегъымбару жаIэ нэгъуэщIхэми. У-Иеремие бегъымбару е бегъымбархэм уащыщ гуэру жызыIи щыIэщ.*

*– АтIэ фэ сэ сыхэту жыфIэрэ? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.*

*– Уэращ Мэссихьу гъащIэр къызыбгъэдэкI Тхьэм и Къуэр, – жиIащ Симон Петр.*

*– Гъуэгу махуэ утеуващ, уэ Инус и къуэ Симон, – жриIащ Хьисэ абы. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мыр зэхозыгъэщIыкIар цIыхуракъым, атIэ си Адэу уафэм щыIэр арщ. Сэ ныбжызоIэ, уэ у-Петрщ, уэ мывэм ухуэдэщ, сэ си члисэр уэ птесщIыхьынущ икIи лIэныгъэм и къарухэр а члисэм пэлъэщынукъым. Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм и IункIыбзэхэр уэстынущ; щIылъэм сыт уэ хуит щумыщIыр уафэми хуит щыхъунукъым; щIылъэм сыт уэ хуит щыпщIыр уафэми хуит щыхъунущ.*

*Ар зэры-Мэссихьыр зыми жрамыIэну Хьисэ и гъуэгу унафэ быдэ яхуищIащ абы щыгъуэ.*

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ягуригъаIуэу хуежьащ а зэманым къыщыщIэдзауэ:*

*– Сэ Ерусалим сыкIуэн хуейщ. Нэхъыжьхэми, дин пашэшхуэхэми, Тэурэт егъэджакIуэ пашэхэми гугъуехь куэд сагъэшэчын икIи саукIын хуейщ, ауэ лIахэм сакъыхэтэджыкIыжын хуейщ ещанэ махуэм.*

*Апхуэдэу щыжиIэм, Петр Хьисэ лъэныкъуэкIэ Iуишри, жиIар хуимыдэу щIидзащ:*

*– Зиусхьэн, Тхьэм ар иремыдэ. Ар къыпщыщI хъунукъым.*

*Хьисэ Петр зыкъыхуигъазэри, жриIащ:*

*– ЗбгъэдэкI, шейтIан. Уэ пэрыуэгъу укъысхуохъу, уэ уи гупсысэкIэр Тхьэм и гупсысэкIэу щыткъым, атIэ цIыхум и гупсысэкIэщи.*

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ итIанэ:*

*– Си ужь зыгуэр къиувэну хуеймэ, езыр зыхуей Iуэхугъуэхэр къре-гъанэ, лIэныгъэм и жорыр кърещти, си ужь къреувэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи псэр мыкIуэду къезыгъэлыну хуей дэтхэнэми и псэр фIэкIуэдынущ, ауэ сэр щхьэкIэ зи псэр зыфIэ-кIуэд дэтхэнэми и псэр мыкIуэду къелынущ. Дуней псор зы цIыхум ей хъууэ, езыр кIуэдмэ, а цIыхум фIыуэ къыхухэкIынур сыт?*

(Маттэ 16:13-26)

Апостолхэм Хьисэ къажриIар ягу ирихьагъэнукъым: лIэн мурад щищIа-кIэ, Абы щIымыгъужмэ, нэхъ къащтэнут, дауи. ИтIани ябгынакъым Ар, мазих дэкIа нэужь, Ерусалим дэкIуэящ Хьисэ.

Палестинэм щыгъатхэти, адэ-мыдэкIэ къикIыурэ журт куэд Ерусалим кIуэрт, IутIыж махуэшхуэм хэтын щхьэкIэ. Мысыр гъэрыпIэм къызэрикIыж лъандэрэ я IутIыжт журтхэм. Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерусалим кIуащ. Иужьрей тхьэмахуэм къэхъуа псори итщ ХъыбырыфIым.

Тхьэмахуэ махуэм Хьисэ Ерусалим шыдшууэ дыхьащ, Зэчрей зэрыжи-Iэгъауэ (Зачрей 9:9). Тхьэм и унэшхуэм щIыхьащ Ар, абы къыщIихуащ унэ-шхуэм сату щызыщI сондэджэрхэр – Тхьэ елъэIун папщIэ къекIуалIэ цIыхухэр къызэрагъапцIэм, хьэрэм зэрыфIашхым щхьэкIэ. Теурэт егъэджэкIуэ пашэ-хэмрэ дин пэшэшхуэхэмрэ ехъурджэуащ ар – зэрыфэрыщIым, зэрыщхьэхуе-щэм, гуэныхь зыпылъ зэралэжьым папщIэ. Унэшхуэр я бийхэм зэракъутэну-ри яжриIащ, гуэныхь зыпылъ зэралэжьым щхьэкIэ Тхьэм апхуэдэ тезыр къатри-лъхьэнут. Бегъымбар нэпцIхэм хуэсакъын хуейуэ яжриIащ Хьисэ цIыхухэм – бегъымбар нэпцIхэр щIэкъунут ахэр зэрагъэщхьэрыуэным. Хьисэ абыхэм яжриIащ уафэм къызэрехыжынур, тетыгъуэшхуэ иIэу абы щыгъуэ лъэпкъхэм псоми хеящIэ яхуэхъун щхьэкIэ: языныкъуэхэр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм, уафэм, дришеинущ, языныкъуэхэр гъуни нэзи зимыIэ хьэзабым хидзэнущ.

IутIыжым и пэкIэ, махуэку махуэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ядэшхащ. ЩIакхъуэ къищтэри, Тхьэ елъэIуащ Хьисэ, щIакхъуэр и гъуэгу ирикIуэхэм яхуигуэшащ, мыр яжриIэурэ:

*- Мы щIакхъуэр, фIагъ къыфхудэкIуэн щхьэкIэ, сипкъ зэгуэщIыкIынуращ. Фигу сыкъэвгъэкIыжын щхьэкIэ, мы щIакхъуэр фшхы.*

*Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым, Зиусхьэным фалъэр къищтэри, жиIащ:*

*- Мы фалъэм ит санэр Тхьэм езымрэ фэрэ фяку къыдилъхьэ зэгуры-IуэныгъэщIэращ. А зэгурыIуэныгъэщIэр зыгъэщыпкъэр сэ жорым щысщIэкIыну лъыращ. Мы санэм фефэн хъумэ, фигу сыкъэвгъэкIыжын щхьэкIэ, фефэ». Зиусхьэныр къэкIуэжыху, мы щIакхъуэр фшхын хъуми, мы фалъэм итым фефэн хъуми, Зиусхьэныр зэрылIам и хъыбарыр абыкIэ фIуатэу арщ.*

(1 Кор. 11:24-26)

Апхуэдэ щIыкIэкIэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ Ар щылIэ махуэр ХъыбарыфIым и щIэдзапIэ зэрыхъунур. Абы и цIэм папщIэ гугъу зэрехьынур, зэхэзехуэн зэрыхъунур яжриIащ и гъуэгу ирикIуэхэм. Уэгум ихьэжа нэужь, гъуазэрэ дэIэпыкъуэгъурэ яхуэхъун Тхьэм и Псэ ЛъапIэ къазэрыхуигъэкIуэ-нури къажриIащ и гъуэгу ирикIуэхэм.

*Ерусалим дэкIри, зэрихабзэу, Хьисэ Елеон Iуащхьэм дэкIуащ. И гъуэгу ирикIуэхэри щIыгъут. ЗдэкIуэну щIыпIэм нэса нэужь, яжриIащ:*

*– Гуэныхь щIэным фыдимыхьэхыну Тхьэм фелъэIу.*

*Мывэ дзыгъуэ хуэдизкIэ абыхэм ябгъэдэкIщ, лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, Хьисэ Тхьэм елъэIуащ:*

*– Си Адэ, ухуейуэ щытмэ, мы гугъуехьым и фалъэр сIых. АтIэми сэ сызыхуейр мыхъуу, уэ узыхуейр ирехъу. Абы ирихьэлIэу зы мелыIыч уафэм къехри, къару къритыну и пащхьэм къихутащ. Хьисэ гузэвэгъуэм зэщIи-убыдауэ, нэхъ хуабжьу Тхьэм елъэIуащ. Абы и пщIэнтIэпсхэр лъы ткIуэпсхэм хуэдэу щIым теткIуэрт.*

*Тхьэм елъэIуа нэужь, къэтэджыжри, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я деж щыкIуэм, ахэр гузэвэгъуэшхуэм хэтурэ Iурихауэ ярихьэлIащ.*

*– Сыт фыщIэжейр? – яжриIащ абыхэм. – Фыкъэтэджи, гуэныхь щIэным фыдимыхьэхыну Тхьэм фелъэIу.*

*Хьисэ и псалъэр имыухауэ, абы и гъуэгу ирикIуэ пщыкIутIым ящыщу Иудэ зи цIэр япэ иту цIыху гуп къэкIуащ. Ба хуищIыну Иудэ Хьисэ къыбгъэдыхьащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Иудэ Хьисэ зэраригъэубыдыну щIыкIэр и гъусэхэм яжриIат: «Сэ ба зыхуэсщIынуращ жыхуэсIэр».*

*– ЩIыху Лъэпкъым и Къуэм ба зэрыхуэпщIым къикIыр ар тепщэныгъэ зиIэхэм ебгъэубыдэу ара? – еупщIащ Хьисэ абы.*

*Къэхъунум гу щылъатэм, Хьисэ и гъусэхэм жаIащ:*

*– Зиусхьэн, джатэхэмкIэ дахэуэн?*

*Хьисэ и гъусэхэм ящыщ зыр дин пашэшхуэм и унэIутым еуэри, и тхьэкIумэ ижьыр къыпигъэхуащ.*

*– Щывгъэт! И ужь икI! – жиIащ Хьисэ. А унэIутым и тхьэкIумэм теIэбэри игъэхъужащ итIанэ.*

*Зубыдыну къэкIуа дин пашэшхуэхэм, Тхьэм и унэшхуэм и хъумакIуэхэм я пашэхэм, нэхъыжьхэм Хьисэ яжриIащ итIанэ:*

*– ХъунщIакIуэ фубыд хуэдэу, джатэхэмрэ бжэгъухэмрэ фIыгъыу фыкъыс-пежьаи? Тхьэм и унэшхуэм сывигъусэу махуэ къэс сыщIэтт, ауэ сывубыдакъым. Фи пIалъэр къэсащ иджы икIи мы сыхьэтым кIыфIыгъэ бзаджэм тепщэныгъэр IэщIыхьащ.*

(Лука 22:39-51)

ЦIыхухэр къепщIэкIауэ, дзэлIхэм Хьисэ дин пашэм деж яхуащ. Ар щIэбукIын къуаншагъэ къыхуагъуэтыфакъым тхьэгъэпс пашэхэм. ИкIэм икIэжым дин пашэхэм ящыщ зы къеупщIащ Абы:

*–Уэра Мэссихьу щIыхьышхуэ зиIэ Тхьэм и Къуэр?*

*– Сэращ, – жиIащ Хьисэ, – лъэкIышхуэ зиIэ Тхьэм и ижьырабгъумкIэ къыщысрэ пшэхэм хэту къакIуэу флъагъунущ ЩIыху Лъэпкъым и Къуэр.*

*Дин пашэшхуэм и щыгъынхэр зэфIитхъащ абдежым.*

*– Сыт нэгъуэщI щыхьэт дыщIыхуеижыр? – жиIащ абы. – Тхьэр зэригъэпцIар зэхэфхащ. Дауэ феплърэ?*

*Хьисэ укI хуэфащэу жаIащ абыхэм псоми.*

(Марк 14:61-64)

ЦIыхум щIэбукIын къуаншагъэ бгъэдэлъми, рим тетым и Iизын хэлъын хуейт апхуэдэ унафэм. Мэрем махуэм и пщэдджыжьым жьыуэ Хьисэ Пилат деж яшащ. ХеящIэхэм Пилат жраIащ Хьисэ Римым зэрыбийр, пащтыхь тахъ-тэм зэрыщIэкъур. Пилат къыпкърыупщIыхьащ Хьисэ, къыпкърыупщIыхьа нэужь, къыгурыIуащ Абы лажьэ зэримыIэр, пцIы зэрытралъхьэр, къиутIы-пщыжын муради иIащ. АрщхьэкIэ Теурэт пашэхэмрэ дин пашэхэмрэ цIыхур къызэщIагъаплъэрт, Хьисэ укIын зэрыхуейм хузэщIагъэстурэ. ЦIыху Iувыр къыщызэщIэплъэм, зэрызехьэ щыхъум, Пилат къэшынащ, цIыхум я телъхьэ хъури Хьисэ ялIын хуейуэ арэзы хъуащ. Абы и ужькIэ рим дзэлIхэм Хьисэ Ерусалим дашри жорым ираIулIащ. Жорым здыкIэрылъым, Хьисэ лIыукIхэм тхьэ яхуелъэIуащ:

*- Си Адэ, къахуэгъэгъу абыхэм, – жиIащ Хьисэ. – ялэжьыр зи щIысыр къагу-рыIуэркъым.*

(Лука 23:34)

Апхуэдэ лъагъуныгъэ яхуиIащ Хьисэ цIыхухэм – ар хэтуи щрети. Мэссихь и Адэм елъэIуащ Ар жорым гъущI IунэкIэ езыIулIхэм къахуигъэгъуну!

Хьисэ и Адэм елъэIу хъунут жорым кIэримыгъэлIыхьыну, ауэ елъэIуа-къым. Абы ищIэрт: Тхьэм и унафэкIэ хьэзаб ишэчурэ гуэныхьлыхэм папщIэ лIэн хуейт Ар. И

Адэм пэувакъым Ар: сыхьэтихым нэблагъэкIэ жорым еIулIауэ кIэрылъащ. Хьисэ зы псалъэщ къыжьэдэкIыжар:

*- Си Адэ, си псэр уи IэмыщIэ изолъхьэ.*

(Лука 23:46)

Ар жиIэри, и псэр хэкIащ Абы. Рим дзэпщхэм ящыщ зы Абы и джабэм бжыкIэ епыджащ. ДзэлI Iэтащхьэхэм ящыщ гуэрым Пилат жриIащ Хьисэ зэрылIар.

Исуф зи цIэ лIы бей гуэр Пилат елъэIуащ Хьисэ и хьэдэр къратыжыну. Никодимрэ Исуфрэ Абы и хьэдэр жорым къыкIэрахыжащ, джэбын къратшэ-кIри къыр мывэм къыхащIыкIа кхъэлэгъунэм щIалъхьащ. Кхъэлэгъунэ щIы-хьэпIэм мывэшхуэ IуагъэукIуриящ. Пилат унафэ зэрищIати, мывэшхуэм мыхъур традзащ.

ЗэрылIэнуми къызэрыхъужынуми я гугъу зыбжанэрэ яхуищIащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм. Абыхэм я фIэщ хъуакъым ар, Хьисэ псысэ къажриIэ къа-фIэщIащ. Абыхэм я фIэщ хъуртэкъым, жорым кIэрылIыхьа нэужь, Хьисэ къэхъужауэ ялъагъуну. Ауэ тхьэмахуэ махуэм и пщэдджыжьым Абы и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ гуэрхэр кхъэлэгъунэм щыкIуэм, мывэшхуэр IугъэукIурии-кIауэ ялъэгъуащ. Кхъэлэгъунэм щыщIыхьэм, хьэдэм къешэкIауэ щыта джэбы-ныр ялъагъужакъым, кхъэлэгъунэр нэщIт – хьэдэ щIэлъыжтэкъым абы! Куэд мыщIэу Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я деж къэкIуащ, къепсэлъащ. Абыхэм къацIыхужащ ар. Бжэр гъэбыдарэ пэт, ахэр щызэхэс пэшым къыщIыхьащ Хьисэ, къадэуэршэращ. ИтIанэ я фIэщ хъуащ Ар къызэрыхъужар.

Абы и ужькIэ махуэ плIыщIкIэ закъригъэлъэгъуащ Хьисэ и гъуэгу ири-кIуэхэм, къажриIащ ялIын хуей щIэхъуар. КъажриIащ Хьисэ абыхэм:

*- Сыщывигъусам ныважесIауэ щытар мыращ: Мусэ бегъымбарым и Тэурэт хабзэми, адрей бегъымбархэм я тхылъхэми, Сабурми сэ къыстеухуауэ ит псори къысщыщIурэ пэж хъун хуейщ.*

*– Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ: Мэссихь гугъуехь ишэчын, лIэуэ ещанэ махуэм лIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ. Ерусалим къыщыщIэдзауэ дунейм тет лъэпкъ псори хиубыдэу, сэ, Мэссихьым, си цIэкIэ цIыхухэр мы хъыбарым щрагъэдэIуэнущ: Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, Тхьэм ахэр къыфхуигъэ-гъунущ. Фэ а Iуэху псоми фрищыхьэтщ. ФыкъэдаIуэ, си Адэм фыкъызэри-гъэгугъа и Псэ ЛъапIэр къыфхуезгъэхынущ. Ауэ уафэм къикIыу къару къыфхуехыху, Ерусалим къалэм фыкъыдэнэ.*

(Лука 24:44-49)

Къэхъужри махуэ плIыщI дэкIауэ, Хьисэ уафэм дэкIуеижащ – ар ялъэ-гъуащ Абы и гъуэгу ирикIуэхэм. Езым и пIэ зыри иригъэувакъым Абы, къаж-риIакъым Езым и Iуэхухэм пызыщэн бегъымбар къахуэкIуэн хуейуэ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр гъыртэкъым Ар щежьэжым, сыту жыпIэмэ ящIэрт Хьисэ абыхэм сытым щыгъуи зэращIыгъунур, Абы зэгуэр къызэригъэзэжынур. ГуфIэгъуэм зэщIищтауэ я зэманыр ирахьэкIырт абыхэм, Тхьэм елъэIу зэпытт, Хьисэ къахуигъэкIуэнкIэ къызэригъэгугъа и Псэ ЛъапIэм пэплъэу. Хьисэ уафэм дэкIуеижа нэужь, махуипщI дэкIауэ, Абы и гъуэгу ирикIуэ 120-рэ хуэдиз зэхуэсащ. Телъыджэ къэхъуащ асыхьэтым. Жьапщэ

макъышхуэ къэ-Iуащ, гъуэгу ирикIуэхэм напIэзыпIэм мафIэ бзийхэр къатенащ. Езыхэм ямы-щIэ бзэхэмкIэ псалъэ хъуащ  Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр. ЦIыху Iувым къаухъу-реихьащ ахэр. Я анэдэлъхубзэ зэрызэхахыр ягъэщIэгъуащ абыхэм. Абы и ужькIэ Петр зыкъиIэтри, цIыху Iувым я пащхьэ къиуващ, къажриIащ Хьисэ къызэригъэгугъауэ щыта Псэ ЛъапIэр къазэрыхуехар. Петр къажриIащ цIыхухэм Хьисэ гуэныхьыщIэхэм щхьэкIэ лIэн щIыхуеяри Ар Тхьэм къызэ-ригъэхъужари. КъажриIащ Хьисэ и адрей гъуэгу ирикIуэхэми Ар къызэры-хъужар я нэгу зэрыщIэкIар. Псоми я гуэныхьхэм  хущIегъуэжын, Хьисэ Мэссихь я фIэщ хъун зэрыхуейр цIыхухэм яжриIащ Петр. Петр и гум къипсэ-лъыкIа Псэ ЛъапIэр зыхащIащ абы и псэлъэгъухэм икIи а махуэм цIыху 3000-м зрагъэумэхъащ Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ, Ар я фIэщыбзэ хъуащ.

Хьисэ и гъуэгу техьахэр Абы и хъыбарыр жылэм хэз зэращIыным пылъ зэпытт, ар щаIуатэрт Ерусалими нэгъуэщI къалэхэми. Абы и фIыгъэкIэ цIыху куэд техьэрт Хьисэ къаригъэлъэгъуа гъуэгум. ИужькIэ ахэр зэхэзехуэн ящIащ журт тхьэмадэхэм – ар Езы Хьисэ къазэрыжиIауэ. Палестинэм щежьэрти, Хьисэ и гъуэгум техьахэм Абы и хъыбар пэжыр дэнэ щIыпIи щаIуатэрт. Абыхэм къыдашэхащ еврей куэд. Мэжусийхэри къыдашэхыфырт абыхэм, ахэри гъусэ къахуэхъурт.

Щаул зи цIэ журт тхьэгъэпс гуэр хъийм икIыпат: ахэр лъэхъуэщхэм щIригъадзэрт е иригъэукIырт. Зэгуэрым Щаул, Щам ежьауэ, Хьисэ къыхуэзащ. Щаул Щам щIэкIуэр ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр иригъэгъэтIысын щхьэ-кIэт. Гъуэгум къыщыхуэзэри, Хьисэ абы къыжриIащ: «Щаул, Щаул. Сыт гугъу сыщIебгъэхьыр?» Хьисэ хуэза нэужь, Щаул фIэщхъуныгъэ иIэ хъури Абы и апостолхэм яхыхьащ. Библием ар къызэрыхэщыр Паул и цIэущ, абы псом нэхърэ нэхъыбэ илэжьащ, Мэссихь и хъыбарыр мэжусийхэм я деж нигъэсын щхьэкIэ.

ХъыбарыфIым (Инджылым) ущеджэкIэ IупщI къыпщохъу Хьисэ, уафэм дэкIуеижакIэ, и IуэхущIафэхэр зэрызэпымыуар. Петр, Паул сымэ, нэгъуэщI-хэми ядэтлъагъу IуэхущIафэхэр ипэжыпIэкIэ зи IуэхущIафэр Езы Мэссихьщ. Уафэм игъэзэжа нэужь, Езым и пIэ иригъэувэн щIэлъыхъуэжын щыIэтэкъым Ар. Хьисэ дапщэщи ящIыгъут и гъуэгу тетхэм, арат Ар и пIэ иригъэувэн лъы-хъуэн щIыхуэмейр. Ар зи фIэщ хъухэм дапщэщи къадоIэпыкъу, зэи ибгынэр-къым ахэр.

## **Хэт хъуну Хьисэ Мэссихь?**

Си ныбжьэгъу лъапIэ, уэ укъызэупщI хъунущ: хэт зи хъыбар кIэщI дыдэу пхуэсIуэта ЦIыху щэджащэр? Тхылъ куэд тратхыхьащ абы, сэри жэуап естынщ уи упщIэм, кIэщI дыдэми.

ХъыбарыфIым зэрыщытлъагъумкIэ, Ар цIыхущ. Абы и адэр Тхьэращ, и анэр Тхьэм и бегъымбар пащтыхь Даут и лъэпкъ цIэрыIуэм щыщ Мэриемщ. Дэтхэнэ щIалэ цIыкIуми хуэдэурэ къэтэджащ Ар. И адэр пхъащIэти, абы дэIэпыкъу зэпытащ, хэти хуэдэу, мы дунейм зэрыщыхабзэщи, гуфIэгъуи гуныкъуэгъуи щIэкIащ и нэгу. Аращ Абы дэ дыщIызыхищIыр.

*ШейтIаным Хьисэ гуэныхь иригъэщIэну щыпылъым, Хьисэ гугъуехь зэришэчам щхьэкIэ, шейтIаным гуэныхь зригъэщIэну зыпылъ цIыхухэм ядэIэпыкъун лъэкIынущ.*

(Евр. 2:18)

*Дин пашэшхуэу диIэр лъэкI зэрыдимыIэр къызыгурыIуэн зылъэмыкI дин пашэшхуэкъым. ШейтIаным гуэныхь дигъэщIэну зэрыпылъым хуэдэу, ди дин пашэшхуэми сыт и лъэныкъэукIи гуэныхь иригъэщIэну пылъащ ар, ауэ гуэныхь иригъэщIэн хущIэфIэкIакъым.*

(Евр. 4:15)

ИтIани дэ тхуэдэтэкъым Ар, нэгъуэщI гуэрт. ЗэрыбжесIащи, цIыхухэр Тхьэм щыпэув щыIэкъэ? ЦIыху цIыкIум я закъуэкъым Тхьэм пэувыр. Уеблэмэ бегъымбархэми апхуэдэ гуэныхь къахь. Хьисэ апхуэдэтэкъым: и гъащIэм и кIуэцIкIэ илэжьакъым, икIи жиIакъым, икIи и щхьэм къихьакъым Тхьэм зэры-пэув Iуэхугъуэ гуэри. Гуэныхь иIакъым Абы.

*Гуэныхь лъэпкъ ищIакъым езым,*
*узыгъэпцIэн псалъи и жьэм*
*кыжьэдэкIакъым.*

(1 Петр 2:22)

*Мэссихь дэ гуэныхьу тщIахэр тщхьэщихыну къызэрыкIуар фэ фощIэ. Абы езым гуэныхь лъэпкъ бгъэдэлъкъым.*

(1 Иуан 3:5)

ИгъащIэ лъандэрэ мы щIым тета псоми нэхърэ нэхъ узэщIа ЦIыхут Ар.

Мэссихь и IуэхущIафэхэр зылъагъу псоми яфIэтелъыджэт ахэр. Къызэра-лъху лъандэрэ нэф гуэр къигъэплъэжыгъащ Абы зэгуэрым. И гъуэгу ирикIуэ-хэр щIыъуу, Ар Галилей гуэлым зэпрыкIрэ пэт, борэн къэхъури, кхъуафэжьейр псым щIилъэфэнкIэ шынагъуэр къащIэзэрыхьащ. Жьыми псыуалъэхэми унафэ яхуищIри, гуэлыр сабырыжащ. ЗэрылIэрэ махуиплI хъуауэ Лазар зи цIэ гуэр щылът, и Iыхьлыхэм къатIысыхьауэ. Ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ Хьисэ. Нэхъ гъэщIэгъуэныжыращи, Абы цIыхухэм къажриIащ лIа нэужь ещанэ махуэм къызэрыхъужынур, и гъуэгу ирикIуэхэм псэууэ къазэрыхыхьэжынур. Апхуэдэ телъыджэхэр зыхузэфIэкIын нэгъуэщI цIыху щыIэт? ЛIа нэужь, хэт къэхъужар? Зыри къэхъужакъым, зыми хузэфIэкIынукъым ар. АбыкIэ зэры-нэрылъагъущи, Хьисэ цIыхум хузэфIэмыкIынур хузэфIэкIырт, телъыджэхэр илэжьыфырт. АтIэ хэтыт Ар Езыр?

Хьисэ Езым щхьэкIэ жиIащ Ар Тхьэм зэри-Къуэр. Тхьэмадэ Хэсэшхуэм хэтхэм я закъуэкъым ар зыжриIар, нэхъапэми жиIэрт Тхьэм зэри-Къуэр. Мыр жиIэгъащ Абы зэгуэрым:

*– Адэ лъапIэмрэ сэрэ дызщ.*

*Хьисэ ар щажриIэм, журтхэм ар яукIын щхьэкIэ, мывэхэр къащтащ.*

*Ауэ Хьисэ яжриIащ:*

*– Си Адэм къыбгъэдэкIыу Iуэху телъыджэ Iэджэ фэзгъэлъэгъуащ. МывэкIэ фыкъызэуэурэ абыхэм ящыщу дэтхэнэра сыщIэвукIынур?*

*– Iуэху телъыджэ уэ зэрыблэжьам щхьэкIэкъым мывэкIэ дыноуэрэ удукIыну дыщIыхуейр, атIэ уэ уцIыху пэт, «Сэ сы-Тхьэщ» жыпIэурэ, Тхьэр зэры-бгъэпцIыращ, – къыжраIэжащ журтхэм.*

(Иуан 10:30-33)

Ауэ Тхьэр игъэпцIакъым Хьисэ. Абы жиIэ псори пэж зэфэзэщт. Тхьэм и Къуэу щыжиIэкIэ, Ар щаумэхъым Тхьэм жиIауэ щыта псалъэр ягу къигъэкIыж къудейуэ арат:

*Галилей хэкум щыщ Назарет къалэм а махуэхэм къыдэкIри, Хьисэ Иордан псым деж Иуан зыщригъэумэхъащ. Псым къыщыхэкIыжым, уафэр зэгуэкIри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр, тхьэрыкъуэ теплъэ иIэу, къызэрыхуехар илъэгъуащ Хьисэ. Уафэм зы макъ къиIукIащ:*

*– ФIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр Уэращ.*

(Марк 1:9-11)

Хьисэ теухуауэ апостолхэм ятха тхылъ псоми дыкъыщоджэ Ар Тхьэм зэри-Къуэр, дунейм чыристану тетхэми я фIэщ мэхъу ар.

ХъыбарыфIым итщ Хьисэ «ПсалъэкIи» зэреджэр. Абы къикIыращ: Тхьэм зэри-Къуэм нэмыщI, Ар икIи «Псалъэщ», Тхьэращ Хьисэ цIыхухэм къезыгъэ-псалъэр. Аращ мыр щIатхар:

*ЩIэдзапIэм деж Псалъэр щыIащ. Ар Тхьэм деж щыIащ, а Псалъэр Тхьэуэ аращ. ЩIэдзапIэм къыщегъэжьауэ, а Псалъэр Тхьэм деж щыIащ.*

*Тхьэм а Псалъэм псори къригъэгъэщIащ. Тхьэм къигъэщIа псоми ящыщ а Псалъэм кърымыгъэгъэщIауэ зыри щыIэкъым. МыкIуэдыжын гъащIэ хэлъащ а Псалъэм, а гъащIэри цIыхухэм нэху яхуэхъуащ.*

(Иуан 1:1-4)

*А Псалъэр цIыху хъуащ, икIи къытхэтащ. Абы и щIыхьышхуэри тлъэгъуащ. Ар Адэ лъапIэм и Къуэ закъуэм и щIыхьышхуэр арщ. НэфI щыхуэныгъэрэ щыпкъагъэрэ абы игу илъу щытащ.*

(Иуан 1:14)

Ар къызэрыбгурыIуэнуращ: бегъымбархэращ Тхьэм нэхъапэм цIыхухэм къаригъэпсалъэу щытар, иужькIэ Хьисэ, Езым и Къуэращ, Езыр зищIысыр цIыхухэм езыгъэлъэгъуар, сыту жыпIэмэ Ари Тхьэри тIури зыщ. ХъыбарыфIыр (Инджылыр) щыхьэт зэрытехъуэщи, а ЦIыхур Тхьэм и Къуэщ, Тхьэм и Пса-лъэщ. Езыри Тхьэри зыщ. Тхьэм и Псалъэр иужькIэ ЦIыху хъуащ, Мэрием и лъхугъэщ, Тхьэм апхуэдэу иухати, Хьисэ Мэссихь цIэр теIукIащ. Зэрытлъа-гъуэщи, Ар икIи Тхьэ щылъхущ, икIи цIыху щылъхущ, нэгъуэщIу жыпIэмэ Хьисэ Мэссихь икIи ЦIыхущ, икIи Тхьэщ.

Хьисэ псом япэ зи фӀэщ хъуа апостолхэм зэралъытэмкӀэ, Тхьэр закъуэщ. Хьисэ нэӀуасэ яхуэхъуа нэужь, абыхэм я фӀэщ хъуащ я егъэджакӀуэмрэ Тхьэмрэ зыуэ зэрыщытыр. Петр жиӀащ:

– *Уэращ Мэссихьу гъащӀэр къызыбгъэдэкӀ Тхьэм и Къуэр.*

(Маттэ 16:16)

*Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэ цӀыху пщыкӀутӀым языр, Фомэ, ТӀолъхуэныкъуэкӀэ зэджэр, Хьисэ къыщыкӀуам, адрейхэм я гъусатэкъым. Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэ адрей лӀыхэм абы къыжраӀащ:*

*– Зиусхьэныр тлъэгъуащ.*

*– ГъущӀ ӀунапӀэхэр Хьисэ и Ӏэхэм ятезмылъэгъуауэ, си Ӏэпхъуамбэри а гъущӀ ӀунапӀэхэм тезмылъхьауэ, си Ӏэри Хьисэ и джабэм тезмылъхьауэ, си фӀэщ хъунукъым, – яжриӀащ Фомэ абыхэм.*

*Махуий дэкӀа нэужь, Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэхэр аргуэру унэм щызэри-хьэлӀащ, Фоми я гъусэу. Бжэхэр къагъэбыдэжа пэтми, Хьисэ къакӀуэщ, я пащхьэ къиувэри, къажриӀащ:*

*– Фигу ирезагъэ!*

*Хьисэ Фомэ къыжриӀащ:*

*– Уи Ӏэпхъуамбэр мэуэ къытелъхьэ, си Ӏэхэми къеплъ. Уи Ӏэри къэший, си джабэм къытелъхьэ. Шэч къытомыхьэ, фӀэщхъуныгъэ зигъэӀэ.*

*– Уэ узи-Зиусхьэнщ икӀи узи-Тхьэщ, – жриӀащ Фомэ Хьисэ.*

*– Сэ сыплъэгъуати, уи фӀэщ хъуащ, – къыжриӀащ Хьисэ. – Мы Ӏуэхухэр ямылъэгъуауэ щыт пэтми, фӀэщхъуныгъэ зиӀэ хъуахэр гъуэгу махуэ теуващ итӀани.*

(Иуан 20:24-29)

Дэри нобэ дарещхьщ мы цӀыхухэм, Хьисэ Тхьэм зэри-Къуэр ди фӀэщ хъумэ. УкъызэупщӀыну узэрыхуейр сощӀэ: «Дауэ Хьисэ Тхьэм зэри-Къуэри Абы зэрыхуэдэри, Тхьэр закъуэмэ?» Ар дэ къыдгурыӀуэн тхузэфӀэкӀынукъым. Тхьэр зищӀысыр зыщӀэ Езы Тхьэм фӀэкӀ щыӀэкъым. Дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Тхьэм и къарур зэрыин дыдэр, Абы хузэфӀэмыкӀын зэрыщымыӀэр. Дыгъэм худэплъейт: ар ин дыдэщ, пщтырщ, ар ЩӀым къыбгъэдэкӀуэтатэмэ, псори дызэтрисхьэнут. Дыгъэм и нурымкӀэ щӀыр къегъэнэху, къегъэхуабэ. Дыгъэри дыгъэм и нурри зыщ. Абы ещхьщи, Тхьэшхуэм и нурыр къыттопсэ дэ, гъащӀэ къыдет Абы. Тхьэр а нурым езым и ПсалъэкӀэ, Езым и КъуэкӀэ йоджэ.

*– Дунейм и нэхур сэращ. Сэ си ужь къиувэр кӀыфӀыгъэм хэтынукъым, атӀэ гъащӀэм и нэхур игъуэтынущ.*

(Иуан 8:12)

Дыгъэм и нурыр дыгъэщ, Хьисэ Мэссихь зэры-Тхьэм хуэдэщ. Хьисэ зэгуэрым жиIащ:

*– Сэ сыкъэзылъэгъуам Адэ лъапIэри илъэгъуащ.*

(Иуан 14:9)

Абы къыхэкIкIэ дэ, чыристанхэм, ди фIэщ мэхъу Тхьэм и Къуэр – Хьисэ Мэссихь къызэрытхуигъэкIуар.

Си ныбжьэгъу! Уэ бгъэщIагъуэ хъунщ: я гуэныхьхэр яхуипшыныжын щхьэкIэ, Тхьэм и Къуэр щIым къигъэкIуащ, цIыхум ещхьу. Ар дауэ къызэры-бгурыIуэнур – ущIэупщIэнущ уэ. Зыщумыгъэгъупщэ: Тхьэр лъэщщ, Абы хузэ-фIэмыкIын щыIэкъым. Абы фIыуэ делъагъу дэ, аращ Хьисэ ди деж къыщIи-гъэкIуар – ди гуэныхьхэр тхуригъэпшыныжын папщIэ. Пащтыхь гупцIанэ гуэрым и хъыбар зэхэпхагъэнщ уэ. И лъэпкъым пищI щыIэтэкъым абы, фIы-щэу илъагъурти, цIыхухэм я Iуэху зытетыр зригъэщIэн щхьэкIэ, и пащтыхь фащэр зыщихри тхьэмыщкIэ щыгъынкIэ зихуэпащ, ежьэри унагъуэ чэзууэ зэхикIухьащ и хэкур, цIыхухэм яхэпсэлъыхьу, абыхэм ядэIэпыкъуу. Тхьэм и Къуэри аращ: уафэм къехри, щIым къытехьащ, тхьэмыщкIэу псэуащ, цIыхум закъыхигъэщакъым, Тхьэм къытхуиIэ лъагъуныгъэр зыхыдигъэщIащ, цIыхухэр Тхьэм благъэ хуищIын папщIэ.

**Сыт Хьисэ щIым къыщIытехьар?**

Хьисэ Мэссихь щIым къытехьащ, цIыхухэм Тхьэр яригъэцIыхун, ахэр Тхьэм благъэ хуищIын, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр щIым щызэфIигъэувэжын щхьэкIэ. Уэ уощIэ цIыхухэр Тхьэм пэуvауэ зэрыщытар, гуэныхь блынкIэ Тхьэм пэIэщIэ зэрызащIар, Тхьэм хуэмыIурыщIэж хъуауэ къызэрыщIидзыжыгъар. Абы къыхэкIкIэ Тхьэр и ужь ихьат гуэныхь блыныр зэтригъэщэхэну, цIыхум я хьэрэмыгъэр захригъэгъэныну, Тхьэр фIыуэ ялъагъу, Абы дэIуэгъу, лъагъуны-гъэ хуаIэ хъун щхьэкIэ, иузэщIыну. Дауэ ар Абы зэрыхузэфIэкIар?

Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуамрэ яжриIэгъащ Абы емыдаIуэмэ, ахэр зэрылIэнур. Ахэр Тхьэм фIэлIыкIакъым, Абы едэIуакъым, щIэныгъэм и жыгым пыт пхъэщхьэмыщхьэр яшхащ, аращ зытекIуэдэжар. ИтIани Тхьэм абыхэм я гугъэр хригъэхыжа-къым. Тхьэм абыхэм къажриIащ я щIэблэхэм ящыщ зым и щхьэм блэр (шейтIаныр) къызэреуэнур, блэр абы и лъэдакъэм къызэредзэкъэ-нур (ЩIэдзапIэм 3:15). Тхьэм зи гугъу ищIар КъегъэлакIуэращ. Абы иукIынут шейтIаныр, шейтIаным Езыри уIэгъэ къищIынут. Жорым зэрыкIэрылIы-хьамкIэ Ар шейтIаным текIуащ.

Абы лъандэрэ илъэс мин Iэджэ дэкIащ. Езым и бегъымбар Ещайа Мэссихь къалъхун и пэкIэ итхауэ щытащ гуэныхьлыхэм я пIэкIэ хьэзаб зышэчынури лIэнури къазэрыхуэкIуэнур. Абы и гъащIэр щIитынур цIыхухэм я гуэныхьыр яхуипшыныжын щхьэкIэщ (Ещайа 53).

Зэрыхъуари аращ – Ещайа зэрыжиIам хуэдэущ. УмэхъакIуэ Иуан Хьисэ «Тхьэм и къурмэныпхъэ щынэкIэ» еджащ,

Хьисэ етIуанэ махуэм къакIуэу щилъагъум, Иуан жиIащ:

*– Мис Тхьэм и къурмэныпхъэ щынэу дунейм и цIыхухэм я гуэныхьхэр ятезыхыжыр.*

(Иуан 1:29)

ЛIэн и пэкIэ Хьисэ жиIащ гъащIэр зыщIитыр цIыхухэрауэ – абыхэм я гуэныхьыр къахуэгъун щхьэкIэ.

*- Мы санэр – Тхьэм езымрэ и цIыхухэмрэ яку дилъхьа зэгурыIуэныгъэр зыгъэщыпкъэ си лъыращ. ЦIыху куэдым фIы къахудэкIуэурэ, сэ къысщIэкIыну лъыращ, я гуэныхьхэр къахуэгъун щхьэкIэ.*

(Маттэ 26:28)

Езыр арэзыуэ жорым зрыригъэIулIащ Абы. Тхьэм и лъагъуныгъэр зэрыгъунапкъэншэр къаригъэлъэгъуащ Абы цIыхухэм. Апостол Паул итхыгъащ:

*Ауэ фIылъагъуныгъэу къытхуиIэр Тхьэм мыпхуэдэу къигъэлъэгъуащ: Дэ иджыри дыгуэныхьыщIэми, Мэссихь дэр щхьэкIэ лIащ.*

(Рим 5:8)

Хьисэ жиIащ:

*– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри мыкIуэду къелын икIи мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ.*

(Иуан 3:16)

Тхьэр сыт щыгъуи захуэщи, цIыхухэм я гуэныхьхэр ямыпшыныжауэ яхуигъэгъунукъым. Дунейм зы цIыхуи теткъым гуэныхьыр зыпшыныжыфын. Ар уеблэмэ бегъымбархэми яхузэфIэкIынукъым. Абы къыхэкIкIэ, фIыуэ дыкъилъагъурти, Тхьэм Мэссихь къытхуигъэкIуащ, Абы ди гуэныхьхэр тхуригъэпшыныжын щхьэкIэ. И Къуэм илъкIэ Тхьэм тхуипшынащ Ар зи фIэщ хъу псоми я гуэныхьхэр. Тхьэм и Къуэр апхуэдизкIэ щэджащэщи, дунейм цIыхуу тетым я гуэныхьхэр къахуэгъун щхьэкIэ, а зыри къурмэныпхъэ ирикъунущ. Жорым кIэрылIыхьри, Хьисэ цIыхумрэ Тхьэмрэ гъунэгъу зэхуищIащ, яку дэт блыныр зэтригъэщэхащ. Зыми хузэфIэкIакъым ар абы и пэкIэ, а щIыкIэмкIэ Мэссихь Тхьэмрэ цIыхумрэ благъэ зэхуищIащ, Аращ Тхьэр япэ дыдэ дэзыгъэ-цIыхуар, Абы дезышэлIар. Ираным щыщ гуэрым жиIэгъащ: «Чыристан сыхъун и пэкIи Тхьэр сцIыху си гугъащ сэ, ауэ сэ Ар сцIыхуртэкъым. Тхьэр ипэжы-пIэкIэ къыщцысщIар. Ар Хьисэ Мэссихь сигъэцIыхуа нэужьщ». Тхьэм лъыхъуэ дэтхэнэми Ар Мэссихь деж къыщигъуэтынущ.

ИкIэм икIэжым, Тхьэм и псалъэ тхахэм итхэу Хьисэ и цIэхэми зэреджэ-хэми деплъынщ.

1. Хьисэ и цIэр евреибзэм къытокI. КъызэрикIыр журтыбзэм щыщ псалъэу Ешуэ арщ. «ЦIыхухэр мыкIуэду Къезыгъэлыр» - аращ а псалъэм къикIыр.

2. «Мэссихь» псалъэр алыджыбзэм къыхэкIащ. «НэфI зыщыхуа» - арщ къикIыр абы. Тхьэм и нэфI къыщыхуат Абы, мыкIуэдыжын Пащтыхь хъун щхьэкIэ.
3. Эммануил и цIэм къокI: «Тхьэр ди гъусэщ»
4. Хьисэ - «Тхьэм и Къуэщ».
5. Хьисэ – «Тхьэм и Псалъэщ».
6. Хьисэ - «ЦIыху Лъэпкъым и Къуэщ».
7. Хьисэ - «Тхьэм и Къурмэныпхъэ Щынэщ»
8. Хьисэ - «ЦIыхухэр мыкIуэду Къезыгъэлыр».
9. Хьисэ - «Пащтыхьхэм я Пащтыхьщ».
10. Хьисэ – «Гъуэгурщ».
11. Хьисэ - «Зиусхьэнырщ».
12. Хьисэ - «Лэгъупэжь Iумахуэщ».
13. Хьисэ - «Щыпкъэщ».
14. Хьисэ - «ЦIыхухэм ГъащIэр Езытырщ».
15. Хьисэ – «ЦIыхухэм ГъащIэ езыт щIакхъуэрщ».
16. Хьисэ - «Жызумыпкъ Пэжырщ».
17 Хьисэ - «Иужьрей Iэдэмщ».
18. Хьисэ - «ЦIыхухэм я Тезырыхьырщ».
19. Хьисэ - «Дин Пашэшхуэ ЛъапIэрщ».
20. Хьисэ - «ЦIыхухэр ЛIахэм КъахэзыгъэтэджыкIыжырщ».
21. Хьисэ – «МыкIуэдыжын ЩIыхьышхуэ зиIэ Зиусхьэнырщ».

**СымыкIуэду, Тхьэм сыкъригъэлын папщIэ, сыт сщIэн хуейр?**

УэркIи сэркIи мыхьэнэшхуэ зиIэ упщIэм дынэсащ дэ. Дэ дызэрыгуэны-хьлыр щытщIэжкIэ, Тхьэм делъэIун хуейщ: дауэ Абы къызэрытхуигъэгъунур, благъэ дызэрызэхуищIынур? А упщIэм жэуап зэмылIэужьыгъуэ куэд ират. Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, лъэпкъ белджылы гуэрым зэрыщыщым, дин гуэр зэрызэрахьэм щхьэкIэ, ахэр Тхьэм къабыл ищIынущ. НэгъуэщIхэми жаIэ: IуэхуфI щалэжькIэ езыр-езырурэ зыкърагъэлыфынущ. Бегъымбар гуэр е дин пашэ гуэр тхуэлъэIунщи, Тхьэм и нэфI къытщигъэхуэнщ жызыIи щыIэщ. Библием жиIэр нэгъуэщIщ: а щIыкIэхэмкIэ Тхьэр арэзы пхуэщIынукъым, уи гуэныхьхэри пхуэпшыныжынукъым.

АтIэ дызыщыгугъын щыIэкъэ дэ гуэныхьщIакIуэхэр? Тхьэм и шыкуркIэ, щыIэщ! Дэ тхузэфIэмыкIынури дэр папщIэ бегъымбарым хузэфIэмыкIынури Тхьэм езым и лъагъуныгъэмкIэ къытхуищIащ. Библием жеIэ:

*Дэ гуэныхьу тщIахэр зыпшыныж къурмэныпхъэр Хьисэщ, ди гуэныхьхэм я закъуэкъым абы ипшыныжыр, атIэ дунейм тет цIыху псоми я гуэныхьхэр епшыныж.*

(1 Иуан 2:2)

*Ауэ ди гуэныхьхэмкIэ зыдумысыжмэ, ар щыпкъэу икIи захуэу зэрыщы-тым къыхэкIкIэ ди гуэныхьхэр къытхуигъэгъунущ икIи къуаншагъэ псори ди гум иригъэкъэбзыкIыжынущ. Дэ гуэныхь дымыщIауэ жытIэмэ, Тхьэр пцIыупсу жытIауэ мэхъу, абы и псалъэхэри ди гум илъкъым.*

(1 Иуан 1:9,10)

Дэ гуэныхьщIакIуэхэм щхьэкIэ Тхьэм тхуиубзыхуащ дызрикIуэн хуей гъуэгур. Ар фIэщхъуныгъэм и гъуэгущ, Хьисэ МэссихькIэ фIэщхъуныгъэм и гъуэгущ. Хьисэ жиIащ:

*– Гъуэгури, щыпкъагъэри, гъащIэри сэращ. Си гъуэгу иримыкIуэмэ, Адэ лъапIэм деж зы цIыхуи кIуэн лъэкIынукъым.*

(Иуан 14:6)

Тхьэм и Къуэр дунейм тет цIыху псори къригъэлын щхьэкIэ къытхуигъэ-кIуащ, Абы деж дызышэ гъуэгур тхузэIухащ дэтхэнэми. Езым зэрыжиIащи, а гъуэгум тетхэм ящыщ зыми Iумпэм ищIынукъым Хьисэ. Абы къикIыращи, и гуэныхьым щымэхъашэ дэтхэнэри гурэ псэкIэ щIогъуэж, и фIэщ мэхъу Тхьэм и Къуэ Мэссихь а гуэныхьыр зэращхьэщихыфынур, Абы къызэрыригъэлынур. Хэти хузэфIэкIынущ ар: жьыми щIэми, тхьэмыщкIэми къулейми, щIэныгъэ зиIэми щIэныгъэншэми, цIыху Iейми цIыхуфIми. Хьисэ Тхьэм зэри-Къуэр уи фIэщ хъуныр мащIэщ. Мэссихь уи фIэщ хъумэ, Абы щхьэузыхь зыхуэпщIын хуейщ, щыгугъын хуейщ цIыху сымаджэр дохутыр Iэзэм зэрыщыгугъым хуэдэу.

Дэ дыщогугъфIыкI Мэссихь зэрыпсэум, Муси адрей пасэрей бегъымбар-хэми хуэдэу зэрыщIамылъхьам. Палестинэм щисам щыгъуэ цIыху сымаджэ куэд игъэхъужащ Абы. Нобэ дэ дыкърегъэл Абы, дигъэщхьэрыуэнукъым. Хьисэ дэ тщIыгъущ, щIым тетщ, уафэми итщи, и Адэми щIыгъущ. Тхьэр зи фIэщ хъухэм я уэчылщ, абыхэм щхьэкIэ лъаIуэ зэпытщ. Библием жеIэ:

*Тхьэм пэгъунэгъу хъуну Хьисэ зылъигъэкI цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын сыт щыгъуи хузэфIокI абы щхьэкIэ. Хьисэ а цIыхухэм Тхьэм яхуельэIуну игъащIэкIэ псэунущи.*

(Евр. 7:25)

Жорым кIэрылIыхьащ Ар, дэр щхьэкIэщ и псэр щIитар, дэращ зыхуэ-лъэIуар, жыхьэнмэ мафIэм дыщихъумэн къудейкъым Абы а псор щIилэжьар, Тхьэм гъунэгъу дыхуищIын, мы дуней хьэхум дытетыху дигъэкъэбзэжын щхьэкIэщ. Уасэ щIэпткIэ гуэныхьыр зыщхьэщыпхыфынукъым, си ныбжьэгъу, дыкъэзыхъумэнури дыкъезыгъэлыфынури Тхьэращ, Абы дигурэ ди псэкIэ дыхуэпэжмэ, нэмыплъ зэи къыдитынукъым.

**Хэт Тхьэм и Псэ ЛъапIэр?**

Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и гугъу пхуэсщIауэ щытащ умэхъакIуэ Иуан Хьисэ зэриумэхъам и хъыбар щыбжесIэм. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Хьисэ къыхуехауэ щытащ абы щыгъуэ. ЛIэн и пэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къигъэгугъауэ щытащ:

*– Фи гукъеуэ фщхьэщызыхыжыр, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр аращ, сэ си цIэкIэ Адэ ЛъапIэм къыфхуригъэхынущ. Абы псори фигъэщIэнущ, сэ нывжесIа псори фигу къигъэкIыжынущ.*

(Иуан 14:26)

Языныкъуэхэм зэралъытэмкIэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр ДжэбрэIил мелыIы-чыращ е нэгъуэщI бегъымбар гуэрщ. Ауэ Библием зэритымкIэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Тхьэм къигъэщIа гуэркъым, Ар Езы Тхьэращ, Тхьэм и Псэщ. Ар IупщI къытщыхъунущ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм илэжь Iуэхухэм щыгъуазэ зыхуэтщIмэ.

ЩIэныгъэлI Никодим щепсалъэм щыгъуэ Хьисэ абы жриIауэ щытащ:

*– Щыху гуэрми, щIэрыщIэу къамылъхужмэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр илъагъун лъэкIынукъым.*

*– Щыхур жьы хъумэ, дауэ къызэралъхужыфынур? - къыжриIащ Никодим. Езым и анэм и ныбэм ихьэжу, щIэрыщIэу къалъхужыну?*

*– Пэж дыдэр ныбжызоIэ, – жэуап итыжащ Хьисэ, – псымрэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ къахэкIыуэ цIыхур щIэрыщIэу къамылъхужмэ, Тхьэм и Тепщэны-гъэшхуэм щIыхьэн лъэкIынукъым. Щыхум къыхуэхьур цIыхущ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыхэкI цIыхур Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зигу илъ цIыхущ.*

(Иуан 3:3-5)

Гуэныхь щащIэм деж цIыхухэр шейтIаным и бынщ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэмкIэ абыхэм гъащIэщIэ яритыфынущ, итIанэ Тхьэм и бын мэхъу.

Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ Тхыгъэ ЛъапIэхэри, Аращ Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм и бегъымбархэр я IуэхущIафэхэм тезыгъэгушхуар. Тхьэм и Псэ ЛъапIэращ Маттэ, Лука, Паул сыми адрейхэри ХъыбарыфIыр тхыным тезыгъэгушхуар, ятхын хуей псалъэхэр ягу къизылъхьар. Абы теухуауэ Библием жеIэ:

*Бегъымбархэм я псалъэхэр езыр-езыру къыжаIакъым, атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм а псалъэхэр ягу кърилъхьэри, къажригъэIащ.*

(2 Петр 1:21)

Тхьэм Псэ ЛъапIэм и нэIэм щIэтащ Тхыгъэ ЛъапIэр зытхахэр, Абы еджэхэми теплъэкъукIыркъым Тхьэм и Псэ ЛъапIэр. Хьисэ Мэссихь жиIащ:

*– Фи гукъеуэ Фщхьэщызыхыжыр, ар Тхьэм и Псэ ЛъапIэрщ, Адэ лъапIэм си цIэкIэ къыфхуригъэхынущ. Абы псори фигъэщIэнущ, икIи сэ нывжесIа псори фигу къигъэкIыжынущ.*

(Иуан I4:26)

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуауэ щытащ Ар жорым зэры-раIулIынур щажриIам, къэхъужа нэужьи уафэм зэрыдэкIуеижынур. Хьисэ абыхэм я гур фIы яхуищIащ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къахуэкIуэнкIэ къигъэгу-гъэри. Тхьэм и Псэ

ЛъапIэм и нэIэм щIэтынущ ахэр, къару къахилъхьэнущ, Езыри ящIыгъу зэпытынущ. Хьисэ уафэм дэкIуеижри махуипщI дэкIауэ Абы и гъуэгу ирикIуэхэм Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къахуехащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр абы лъандэрэ ящIыгъущ Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм, игъащIэкIи ящIыгъунущ, Хьисэ къызэригъэгугъауэ:

*– Сэ сывигъусэху, мы псалъэхэр нывжесIэ зэпытащ. Ауэ фэ фи гукъея-уэр Фщхьэщызыхыжыр – ар Тхьэм и Псэ ЛъапIэрщ, – Адэ лъапIэм си цIэкIэ къыфхуригъэхынущ. Абы псори фигъэщIэнущ икIи сэ нывжесIа псори фигу къигъэкIыжынущ. Гузэгъэгъуэ къыфхузогъанэ, си гузэгъэгъуэр фызот: Гузэгъэгъуэу сэ фэстыр дунейм къывитын лъэкIынукъым. Фымыгузавэ икIи фымышынэ.*

(Иуан 14:25-27)

*Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Иуан цIыхухэр псыкIэ иумэхьыу щытащ, ауэ махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэмкIэ фиумэхьынущ.*

*Щызэхуэсым, апостолхэр Хьисэ еупщIащ:*

*– Зиусхьэн, мы махуэра Израилым и пащтыхьыгъуэр щызэфIэбгъэувэ-жынур?*

*– Адэ лъапIэм езым и тепщэныгъэкIэ пIалъэрэ лъэхъэнэу игъэувахэмрэ фэ фщIэну фыхуиткъым, – яжриIащ Хьисэ. – Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыщыфхуехкIэ, лъэкIыныгъэ фиIэ хъунурэ, Ерусалим къалэми, Иудей, Самарие хэкухэми зэкIэ дунейм и кIэм нэсыху щыхьэт фыкъыщысхуэхъунущ.*

*Пэнтэкост махуэшхуэр къыщысым, фIэщхъуныгъэ зиIэ псори зы щIыпIэм щызэхуэсат. НапIэзыпIэм жьапщэшхуэ макъым хуэдэу зы макъ уафэм къехри, ахэр зыщIэс унэм макъышхуэр щIэз хъуащ. МафIэм хуэдэу бзэгухэр къахуэлъэгъуащ. А бзэгухэм загуэшри, абыхэм ящыщ дэтхэнэми зы бзэгу къытенащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр а псоми я гум хуабжьу хыхьэри, хамэбзэхэмкIэ псалъэу щIадзащ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къызэригъэпсэлъам хуэдэу.*

(Апост. 1:5-8, 2:1-4)

Уигу илъ зэпытын хуейщ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм гуэныхьлыхэм я нэр къызэригъэплъэжыфынур, Хьисэ Мэссихь зищIысыр ящIэн щхьэкIэ, Абы Iэмал къуэзэритынур. Библием дыкъыщоджэ:

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIкIэ мыхъумэ, зыми «Хьисэщ Зиусхьэныр» жиIэфынукъым.*

(1 Кор. 12:3)

Абы къыхэкIкIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыхэзымыщIэм Хьисэ щхьэкIэ «Зиусхьэни» «Тхьэм и Къуи» жиIэ хъунукъым.

Тхьэм и Псэ лъапIэм щIэрыщIэу къыдалъхуж ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр. Ди нэр къегъаплъэ Абы, ди гум хьэрэмыгъэ зэрилъыр зыхыдегъащIэ, ди гуэныхьхэм дахущIегъуэжынымкIэ Iэмал къыдет, ди гуэныхьхэр къытхуе-гъэгъу. Хьисэ Мэссихь ди фIэщ зэрыхъуххэу, Тхьэм псори къытхуегъэгъу, И бынхэм дыхебжэ, гуащIэ къыдет. Ауэ ди гуэныхьыщIэ щэныжыр къытхонэ. ШейтIаныр абдежми хуэхьэзырщ

Тхьэм дыкъызэрыбгъэдишыным. Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм дыкъехъумэ, дигъэщхьэрыуэркъым, шейтIаныр къытпигъэлъэ-щыркъым, лъагъуныгъэ, гуфIэгъуэ, мамырыгъэ къыдет.

*Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI фIыхэр мыращ: ФIылъагъуныгъэр, гуфIэгъуэр, гузэгъэгъуэр, шыIэныгъэр, фIыгъуэр, гущIэгъуныгъэр, фIэщхъуны-гъэр, гущабагъэр, зышыIэныгъэр. Мы Iуэхухэм къапэув хабзэ щыIэкъым. Мэссихь зи псэм щыщ цIыхухэм я гуэныхъыщIэ щэныжьри, фIыуэ ялъэгъуа бзаджагъэхэри, я хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэхэри, зыщIэхъуэпса Iейхэри жорым ираIулIащ.*

(Гал. 5:22-24)

ФIэщхъуныгъэ зиIэхэм яхуиIэ лэжьыгъэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм зэи зэпигъэуркъым ахэр псэуху, я ЕгъэджакIуэм ещхь ищI зэпытурэ, иузэщIурэ. Абыхэм я ЕгъэджакIуэр Хьисэ Мэссихьщ, Тхьэр хуейщ Абы и Къуэ закъуэм хуэдэу дэри зыдузэщIыну. Мэссихь хуэдэу зыщыдузэщIынур уафэм дыкIуэжа нэужьщ – ар шэч зыхэмылъщ.

*ФIыуэ слъагъухэ, иджы Тхьэм дрибынщ, ауэ дызыхуэдэ хъунур зэкIэ нахуэ хъуакъым. Ар нахуэ хъуа нэужь, езым хуэдэу дызэрыхъунур дощIэ, ар зыхуэдэр тлъагъунущи.*

(1 Иуан 3:2)

Сыт и лъэныкъуэкIи къыддоIэпыкъу дэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр: Мэссихь дыщыхуэлажьэм деж деузэщI Абы, Тхьэр тщигъэгъупщэркъым, гуащIэ къытелъхьэ.

*Апхуэдэу дэ, лъэкIыныгъэ зимыIэхэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыддоIэпыкъу; Тхьэм дызэрелъэIун хуей щIыкIэр тщIэркъыми. Ауэ псалъэхэм къамыубыд щэIумкIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Тхьэм тхуолъэIу. ЦIыхухэм я гум илъыр зыгъэунэху Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэм и гум илъри ещIэ, Тхьэр зэрыхуейм хуэдэу, езым и Псэ ЛъапIэр Тхьэм и цIыху лъапIэхэм яхуолъэIуэри.*

(Рим 8:26,27)

*Тхьэм елъэIуурэ, жэщи махуи нэщI исау щыщIадзэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абыхэм къажриIащ:*

*– Варнавэрэ Щаулрэ сэ зыхуезджа Iуэхум щхьэкIэ къысхуэвгъанэ.*

*Арати, жэщи махуи нэщI иса нэужь, ахэр Тхьэм елъэIуащ, я Iэхэр абыхэм я щхьэм тралъхьэри, Тхьэм хуэлэжьэну ягъэкIуащ.*

(Апост. 13:2,4)

*Паулрэ и гъусэхэмрэ, Асие хэкум цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм щрагъэдэ-Iуэн мурадкIэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм хуит имыщIауэ, Фригиемрэ Галатиемрэ я хэкум зэпрыкIащ. Мисие хэкум щынэсым, Вифиние хэкум ихьэну пылъащ, ауэ Хьисэ и Псэ ЛъапIэм ахэр хуит ищIакъым.*

(Апост. 16:6-7)

Тхьэм и Псэ ЛъапIэр фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ягу илъщ, абы къикIыр: Тхьэращ абыхэм ягу илъыр. Дэ дощIэ: пасэ зэманым щыгъуэ Тхьэм Езым и Псэ ЛъапIэр зигу кърилъхьахэр бегъымбархэращ. Дунейм и цIыхухэр къригъэлын щхьэкIэ, Езым и Къуэр къигъэкIуа нэужь, Тхьэм Езым и Псэ ЛъапIэр Хьисэ Мэссихь зи фIэщ хъу псоми ягу кърелъхьэ. Хьисэ зэгуэрым жиIэгъащ:

*– Фэ фыбзаджэ пэтми, фи бынхэм фIы зэрефтынур фощIэ, абы нэхърэ нэхъыбэу Адэ лъапIэу уафэм щыIэм езым елъэIухэм и Псэ ЛъапIэр къаритынукъэ?*

(Лука 11:13)

Тхьэр пэжщ. Аращи, цIыхухэм МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ яIэу, езыр я Зиусхьэн хъуну ядэу, Езым и Псэ ЛъапIэр ягу кърилъхьэну Тхьэм елъэIумэ, и Псэ ЛъапIэр ягу кърилъхьэнщ Тхьэм, ахэр игъэщIэхъуркъым. Махуэ къэси дыщIолъэIу дэ щIакхъуэм, абы ещхьыркъабзэу Тхьэм делъэIун хуейщ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр дигу кърилъхьэну. Хьисэ жиIащ:

*– Аращи, сэ нывжызоIэ, фелъэIуи, Тхьэм къывитынущ; фылъыхъуи, къэвгъуэтынущ; куэбжэм фытеуIуи, Тхьэм къыфхуIуихынущ; Тхьэм хэт елъэ-Iуми, зыщIэлъэIур иIэ хъунущ, хэт сыт къилъыхъуэми, зылъыхъуэр къигъуэ-тынущ; куэбжэм теуIуэми, Тхьэм къыхуIуихынущ.*

(Лука 11:9,10)

**Тхьэр закъуэщ**

Тхьэр зэрызакъуэр я фIэщ мэхъу чыристанхэм. Уэ зэхэпхагъэнкIэ мэхъу Тхьэуэ щы щыIэ хуэдэу: Тхьэ, Хьисэ, Мэрием гуащэ. Ар тэмэмкъым. Зы Тхьэ закъуэщ чыристанхэм яIэр. Мэрием гуащэ Тхьэкъым, цIыхухэм абы зэи яхуи-дэнтэкъым тхьэкIэ еджэну. Чыристанхэм Хьисэ Мэссихь щIагъэлъапIэр Ар бегъымбару аркъым, атIэ Тхьэм и Псалъэу, Тхьэм и Къуэу зэрыщытырщ. Тхьэри Езыри зыщ. Ар цIыху щIэхъуар гуэныхьлыхэр къригъэлын, Тхьэм гъунэгъу хуищIыжын щхьэкIэщ. Абы къыхэкIкIэ Ар Езы Тхьэращ.

Сэ бжесIакIэщ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Езы Тхьэрауэ зэрыщытыр. Езыри Тхьэри зыщ. ЦIыхум игу илъу Iуэху щещIэ Абы. Абы и IэмыщIэм илъщ цIыхур, зыхуэлажьэри Аращ. Абы къикIрэ Тхьэуэ щы щыIэу: Тхьэуэ Адэр, Тхьэуэ Къуэр, Тхьэуэ Псэ ЛъапIэр? Хьэуэ, къикIыркъым! Къытызогъэзэжри иджыри зэ бжызоIэ: игъащIэм щыIари, нобэ щыIэри, дяпэкIэ щыIэнури зы Тхьэ закъуэщ. Тхьэри, Тхьэм и Къуэри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэри зыщ. Тхьэр цIыхум дежкIэ нэрымылъагъущ. Ар цIыху хъури, Тхьэм и Къуэри къытхуехащ дэ, ди гуэныхьхэр тщхьэщихын щхьэкIэ. Аращи, ар дгъэлъэпIэну хуэфащэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пэжымкIэ ар Тхьэуэ щытщ. ИпэкIэ зэрыжытIащи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Тхьэм къигъэщIахэм ящыщкъым, атIэ Тхьэри и Псэ ЛъапIэри зыщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр цIыхум игу илъу Тхьэм и Iуэхур ещIэ. Тхьэм и Къуэр дгъэлъэпIэн зэрыхуэфащэм хуэдэу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэри дгъэлъэпIэну хуэфа-щэщ. Сыт жытIэн итIанэ? Адэри, и Къуэри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэри тхьищ хъурэ? Хьэуэ, хъуркъым. Тхьэр сыт щыгъуи закъуэу щытащ, закъуэуи сыт щыгъуи щытынущ. ИгъащIэ лъандэрэ Адэри, и Къуэри Тхьэм и Псэ ЛъапIэри зыуэ щытащ. Адэ лъапIэу цIыхум и нэм игъащIэми имылъэгъуар, Тхьэ жыхуа-Iэр, къызыхэкIыр аращ. И Къуэр мы дунейм тетыху, цIыхухэм ямылъагъу Адэр зыхуэдэр нэсауэ зэхригъэщIыкIащ.

Адэмрэ и Къуэмрэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр цIыхухэм ягу къралъхьащ, цIыхухэм ягу илъу, Тхьэр зыхуейр ягъэзэщIэн щхьэкIэ.

ЗэгъащIэ, си ныбжьэгъу: чыристанхэм зы Тхьэщ яIэр: Тхьэ Адэр, Тхьэм и Къуэр, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр. Хьисэ ар яжриIащ и гъуэгу ирикIуэхэм, я пщэ ирилъхьащ щIы хъурейм ХъыбарыфIыр щагъэIун хуейуэ, Тхьэм хуэлажьэхэр яумэхъыну:

*ФыкIуи, лъэпкъ псори си гъуэгу къытевгъэхьэ. Адэми, и Къуэмн. Тхьэм и Псэ ЛъапIэми я цIэкIэ фыумэхъи. унафэу нывжесIа псори ягъэзэщIэну яхуэв-гъэув. Пэж дыдэщ ар, дунейм и кIэухым нэсыху сыт щыгъуи сывигсусэныщ сэ.*

(Маттэ 28:19,20)

**Сыт члисэ зэхуэс зищIысыр?**

Уэ, дауи, зэхэпхащ чыристанхэр Тхьэм щелъэIу унэм члисэкIэ зэреджэр. Члисэр цIыхухэр тхьэ щелъэIу унэракъым, атIэ Тхьэм елъэIу езы цIыхухэращ. Члисэ зэIущIэр Мэссихь зи фIэщ хъу цIыхухэращ – дунейм нобэ тетхэри дунейм ехыжахэри.

Пасэ зэманым Тхьэм израил цIыхухэр Езым и лъэпкъ хъуну къыхихащ. Мусэ и пщэ кърилъхьэри, Абы и хабзэхэр къаритащ Тхьэм, Ханаан щIыналъэр тыгъэ къахуищIащ игъащIэкIэ яIэн хуейуэ, бегъымбархэр къахуигъэкIуащ яущиин, Тхьэм Мэссихьыр къазэрыхуигъэкIуэнур къажриIэн щхьэкIэ. Тхьэм игъэува пIалъэм Хьисэ Мэссихь Израилым щыкIуам щыгъуэ Ар зи фIэщ хъуар мащIэщ, нэхъыбэм я фIэщ хъуакъым. Зи фIэщ хъуахэр гъусэ ищIри, Абы члисэ зэхуэс къызэригъэпэщащ. Тхьэм япэщIыкIэ Езым и лъэпкъыу илъытар израил-хэращ, ауэ ди гуэныхьхэр зэрипшыныж лъандэрэ Тхьэм и нэфI зыщыхуа лъэпкъ хъуащ Ар зи фIэщ хъу псори, я фэм, я лъэпкъым, зыщыщым емылъы-тауэ. Израил лъэпкъым щыщхэм дамыгъэ икIи нэщэнэ яхуэхъуащ сунэт щIы-ныр. А хабзэр Тхьэм Ибрэхьим къалэн къы-щищIауэ щытащ, ар хабзэ яхуэ-хъуащ абы и щIэблэхэми. Тхьэм и лъэпкъым, члисэ зэхуэсым щыщхэм хабзэ яхуэхъуащ умэхъынри. Дин мыхьэнэ иIэжкъым сунэт щIыным. Мэссихь къа-зэриухылIащи, умэхъыныр я хабзэщ Ар зи фIэщ хъуахэм, зи гуэныхьым хущIегъуэжахэм. Езы умэхъыным гуэныхьщIакIуэхэр къригъэлыркъым, абыхэм гуэныхьыр ящхьэщызыхыр Мэссихьщ, Ар я фIэщ хъуамэ. Умэхъыныр щIэдзапIэ хуохъу Мэссихь зи фIэщ хъуахэм я гъащIэм.

Члисэ зэхуэс язынықъуэхэм мыпхуэдэ хабзэ яIэщ: дин пашэм а цIыхум и щхьэм псы тIэкIу треутхэ. НэгъуэщI члисэ зэхуэс гупхэм нэгъуэщI хабзэ яIэщ: а цIыхур псым щIагъауэ. ЦIыхур зэ закъуэщ зэраумэхъыр, тIо-щэ хъунукъым.

Инджылыр (ХъыбарыфIыр) члисэ зэхуэсым «Мэссихь ипкъкIэ» йоджэ, Езы Мэссихь – члисэ зэхуэсым и IэтащхьэкIэ. Абы къыхэкIкIэ члисэ зэхуэсым-рэ Мэссихьрэ зыщ. Абы къикIыращ: Члисэ зэхуэсри закъуэщ, Мэссихь зэрыза-къуэм хуэдэу.

ЗыдбзыщIыжын хуейщ куей члисэхэр ем пэIэщIэ зэрымыхъуамкIэ. Сыт щIэмыхъуар? Сыту жыпIэмэ члисэм зэхуэсым екIуалIэ псори щIэрыщIэу къалъхужауэ щыткъым, аращ абыхэм чыристанкIэ уеджэ щIэмыхъунур. Библием жеIэ:

*Мэссихь и Псэ ЛъапIэр зигу имылъыр Мэссихь и цIыхухэм ящыщкъым.*

(Рим 8:9)

Члисэм хэт псори сымаджэм хуэдэщ – зрагъэIэзэн щхьэкIэ, дохутырым деж кIуам ещхьщ. Абыхэм Дохутырышхуэ дыдэм, Хьисэ Мэссихь, и IэмыщIэ зралъхьащ, Ар йоIэзэ сымаджэхэм.

Дэ чыристанхэр дунейм дытетыху, гуэныхь тIэкIу дигу илъу къонэ. Дэ псори ди гуэныхьхэм дахущIегъуэжу, ахэр Тхьэм и пащхьэм итлъхьэн хуейщ.

ГуэныхьщIакIуэщ цIыху псори. Чыристанхэмрэ мычыристанхэмрэ зэры-зэхэбгъэкIынуращ: чыристан щыпкъэхэр Тхьэм къытхуигъэкIуа Дохутырым и IэмыщIэ зралъхьауэ Абы хуэжыIэщIэщ, Ар зрагъэIэзэ. Мычыристанхэм ар ящIэркъым.

Чыристан диным къудамэ зыбжанэ иIэщ. Нэхъ ин дыдэр католицизмэм-рэ протестантизмэмрэщ. Абыхэм къуэпс куэд яIэщ. Чыристан псоми Тхьэм и Псалъэр – Библиер я фIэщ мэхъу; абыхэм я фIэщ мэхъу Хьисэ Мэссихь Тхьэм зэри-Къуэр. Ар жорым кIэрылIыхьащ, лIахэм къахэтэджыкIыжри къэхъужащ, Аращ ди КъегъэлакIуэри ди Зиусхьэнри. Я акъыл зыгуэрхэмкIэ зэтемыхуэми, чыристан щыпкъэхэр я фIэщхъуныгъэкIи я лъагъуныгъэкIи зэрыIыгъщ, зэрыгъэгъуащэркъым.

Сыт члисэ зэхуэсым и мурадыр, Ар зыхуэлажьэр? ЦIыхухэм я фIэщхъу-ныгъэмрэ я лъагъуныгъэмрэ зегъэузэщIынырщ Ар зыхуэлажьэр, псом япэрауэ; ахэр зэкъуэгъэувэнырщ. Зи гуэныхьым хущIегъуэжа дэтхэнэми игъэзэщIэн хуейщ Мэссихь и унафэхэр: зрагъэумэхъыу Абы и члисэ зэхуэсым щыщ хъу-ныр. Дэтхэнэ чыристанри адрей чыристаным хуэныкъуэщ. ЦIыхум и Iэпкъ-лъэпкъ пщыкIутIыр зэрызэрыIыгъым хуэдэщи, фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри гъунэгъу хуэхъун хуейщ чыристан псоми.

Мэссихь члисэ зэхуэсым и пщэ дилъхьащ ХъыбарыфIым (Инджылым) дуней псом зыщегъэукъуэдиин хуейуэ. ЩIым щытетам щыгъуэ Мэссихь Тхьэм и псалъэм щIигъэджыкIащ цIыхухэр. Сымаджэхэм къеIэзащ Ар, гуэныхь-щIакIуэхэм я гуэныхьыр ящхьэщихащ, гупсэхугъуэ къаритащ. Уафэм дэкIуеи-жын и пэкIэ Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм я пщэ къыдилъхьащ ХъыбарыфIыр дэнэ щIыпIи щагъэIун, цIыхухэр Абы щIагъэджыкIын хуейуэ. Чыристан псоми я пщэ къыдохуэ ар: Мэссихь и лъагъуныгъэр зыхуэдэр ирагъэлъэгъун, – я лъэпкъми, я фэми емылъытауэ, цIыхухэм щеIэзэн хуейщ дэни, щIэныгъэн-шэхэр ирагъэджэн, мэжэщIалIэхэр ягъэшхэн, гущIэгъу хуащIын хуейщ абы хуэныкъуэхэм. ЩIым щытетам Мэссихь зыхуэлэжьар цIыхухэращ, Ар щапхъэ яхуэхъун хуейщ Абы и члисэ зэхуэсым щыщ псоми.

Мэл хъушэр мэлыхъуэ зэрыхуэныкъуэм хуэдабзэщи, цIыхухэр хуэны-къуэщ пашэ яхуэхъун, езыгъэджэн, зыущиин, закъыщIэзыгъэкъуэн. Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм и зэманым Тхьэм къыхигъэщхьэхукIащ Езым и бынхэм нэIэ къатезыгъэтын цIыху акъылыфIэхэр. Инджылым дыкъыщоджэ: Хьисэ апостол пщыкIутIым я пщэ дилъхьащ ХъыбарыфIыр дуней псом щагъэIун, Езым и члисэ зэхуэсыр яухуэн хуейуэ. ХъыбарыфIэм зэритщи, Тхьэм языныкъуэхэм я пщэ дилъхьащ дин егъэджакIуэу, хъыбарыфIыр зыгъэIуу, дэIэпыкъуэгъуу, члисэ зэхуэсым и нэхъыжьу, Iэтащхьэу щытын хуейуэ.

**Чыристанхэм я хабзэхэмрэ я дауэдапщэхэмрэ**

Чыристанхэм адрей динхэм ирикIуэхэм яхуэмыдэу Тхьэр зэрагъэлъапIэм щхьэкIэ, чыристанхэм я пщэм зыри имылъу къызыфIэщIхэри щыIэщ.

АрщхьэкIэ мыр къыбгурызгъэIуэн хуейщ: чыристанхэм Тхьэр щIагъэлъа-пIэр дымыкIуэду Тхьэм дыкъригъэлыну, е ди гуэныхьхэр къытхуигъэгъуну аракъым. ИпэкIэ къызэрыбгурызгъэIуам хуэдэу, сыт тщIэфми, дымыкIуэду Тхьэм зыкъедгъэлын тлъэкIыркъым, ауэ ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ пэж диIэмэ, уасэ хэмылъу дымыкIуэду Тхьэм дыкърегъэл. Аращи, Тхьэр щIэдгъэлъапIэр дымыкIуэду дыкъригъэлыну аракъым, атIэ уасэ хэмылъу дымыкIуэду дыкъы-зэрыригъэлым щхьэкIэ, езыр фIыуэ тлъагъуурэ, фIыщIэ хуэтщIу аращ. Чыри-станхэм Тхьэр зэрагъэлъапIэр зымащIэкIэ къыбгурызгъэIуэнщ.

**ТхьэлъэIу**

Махуэ къэс пIалъэ гуэрым деж Тхьэм елъэIун хуейуэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я пщэ кърилъхьакъым – ар иреевреибзэ е иреалыджыбзэ. Тхьэм благъэ зыхуащIын хуейуэщ Абы цIыхухэм къариухылIар – сабийхэр я адэм зэрагъунэгъу дыдэм хуэдэу. Сыт хуэдэ зэманми, дэнэ щIыпIи щыпхузэфIэкIы-нущ ар, пхузэфIэкIынущ, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI псалъэ щыпкъэкIэ уи анэ-дэлъхубзэкIэ уепсэлъылIэмэ. Тхьэм дызэрелъэIу щIыкIэракъым нэхъыщхьэр, нэхъыщхьэр Тхьэм гу къабзэкIэ зыхуэдгъэзэнырщ.

*– Тхьэм фыщелъэIукIэ, бзитIщхьитIхэм зэращIым хуэдэу фымыщI. ЦIыхухэм зыкърагъэлъагъун щхьэкIэ, Тхьэм елъэIуурэ, синэгуэгухэми уэрамыщхьэхэми зыщаIэжьэну яфIэфIщ абыхэм. Пэжыр ныважызоIэ, абыхэм я Iыхьэр ягъуэтакIэщ. Ауэ уэ Тхьэм ущелъэIукIэ, уи пэшым щIыхьэж, бжэр къэгъэбыди, цIыхухэм я дежкIэ нэрымылъагъу уи Адэ лъапIэм елъэIу. ЦIыху-хэм щэхуу ящIэр зылъагъу уи Адэ лъапIэм уи IыхьэфIыр къыуитынущ итIанэ. Тхьэм фыщелъэIукIэ, куэдыщэ жывмыIэ, хамэ лъэпкъхэм зэращIым хуэдэу; куэд жаIэмэ, зыщIэлъэIухэм Тхьэр едэIуэну щогугъ ахэр. Аращи, абыхэм зэращIым хуэдэу фымыщIэ; фэ фелъэIун и пэкIэ, фызыхуэныкъуэр фи Адэ лъапIэм ещIэри.*

*– Тхьэм мыпхуэдэу фелъэIу:*
*«Уэ ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ!*
*Уи цIэр цIыхухэмирегъэлъапIэ.*
*Уи Тепщэныгъэшхуэр кърекIуэ.*
*Уэ узыхуейр уафэм зэрыщыхъум хуэдэу,*
*щIылъэми щрехъу.*
*ЩIакхъуэу дызыхуэныкъуэр нобэ къыдэт.*
*Мыхъуну тщIар къытхуэгъэгъу,*
*мыхъун къыдэзыщIахэм дэ зэрахуэдгъэгъум*
*хуэдэу.*
*ШейтIаным гуэныхь дигъэлэжьыну хуит умыщI,*
*икIи абы дыщыхъумэ.*
*МыкIуэдыжын тепщэныгъэшхуэр, лъэкIыныгъэшхуэр,*
*щIыхьышхуэр ууейщ. Iэмин».*

*– Цыхухэм мыхъумыщIагъэу ящIар щахуэвгъэгъукIэ, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм фэри мыхъумыщIагъэу фщIар къыфхуигъэгъунущ, – къыщIигъужащ Хьисэ. –*

*Ауэ цӀыхухэм мыхъумыщӀагъэу ящӀар яхуэвмыгъэгъумэ, фи Адэ лъапӀэми фэ мыхъумыщӀагъэу фщӀар къыфхуигъэгъунукъым.*

(Маттэ 6:5-15)

Хьисэ жиӀащ итӀанэ:

*– Адэ лъапӀэм щыпкъэу елъэӀухэр гурэ псэкӀи щыпкъагъэкӀи щелъэӀун махуэр къэсынущ икӀи къэсакӀэщ. Апхуэдэу елъэӀухэращ Адэ лъапӀэм и щӀасэр. Тхьэр псэщ, абы елъэӀухэри Тхьэм и Псэ ЛъапӀэм и лъэкӀыныгъэкӀи щыпкъагъэкӀи елъэӀун хуейщ.*

(Иуан 4:23,24)

Чыристанхэр Тхьэм йолъэӀу, Тхьэм щелъэӀу унэм щызэхуэсмэ, е я унэ щисыжым деж, е лэжьапӀэм кӀуамэ. Чыристан куэд щазакъуэм дежи Библием йоджэ, Тхьэм елъэӀуурэ. Тхьэм щелъэӀукӀэ чыристанхэм Тхьэм фӀыщӀэ хуащӀ Абы и тыгъэхэм папщӀэ, я гуэныхьхэм хущӀогъуэж, къахуигъэгъуну йолъэӀу Тхьэм, йолъэӀу сымаджэхэр игъэхъужыну, фӀэщмыхъухэри мыкӀуэду къри-гъэлынэу. Я унафэщӀхэм щхьэкӀи мэлъаӀуэ чыристанхэр, дунейм мамырыгъэр щигъэбыдэну йолъэӀу Тхьэм. Хьисэ жиӀащ Тхьэм дапщэщи сыт щыгъуи делъэӀун зэрыхуейр.

*Ягу ямыгъэкӀуэду зэпымыууэ Тхьэм елъэӀун щхьэкӀэ, Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэхэм зы ущие хъыбар яхуиӀуэтащ.*

(Лука 18:1)

**Мархъуэ**

Мархъуэм пӀалъэ белджылы гуэр хухихакъым Хьисэ Мэссихь, фӀэщхъу-ныгъэ зиӀэ дэтхэнэми езым и пӀалъэ хех. Мэссихь цӀыхухэм къажриӀар нэ-гъуэщӀщ: нэщӀ щӀисыр цӀыхур абы лъапӀэ ирихъун щхьэкӀэкъым, атӀэ Тхьэр зэрылъапӀэр нэхъри зыхащӀэн папщӀэщ.

*– ФынэщӀын щыхъукӀэ, цӀыху фэрыщӀхэм ещхьу нэщхъэеифэ зытевмы-гъауэ; зэрынэщӀыр цӀыхухэм ирагъэлъагъун щхьэкӀэ, абыхэм я нэщхъыр зэхалъхьэ. Пэжыр нывжызоӀэ, абыхэм я Ӏыхьэр ягъуэтакӀэщ. Ауэ уэ унэщӀ щыхъук!э, цӀыхухэм гу лъремытэ узэрынэщӀым, уи Адэ лъапӀэу цӀыхухэм я дежкӀэ нэрымылъагъум фӀэкӀ нэгъуэщӀым гу лъимытэн щхьэкӀэ, уи щхьэм дагъэ лъапӀэ щыхуэ, уи напэри тхьэщӀ. Цыхухэм щэхуу ящӀэр зылъагъу уи Адэ ЛъапӀэм уи ӀыхьэфӀыр къуитынущ итӀанэ.*

(Маттэ 6:16-18)

Чыристан гуэрхэм мэрем махуэм шхэ я хабзэкъым, Хьисэ жорым щра-ӀулӀар а махуэращи. Махуэ плӀыщӀкӀэ нэщӀ ис чыристани щыӀэщ – ӀутӀыж махуэшхуэм и пэ къихуэ махуэ плӀыщӀым: абы щыгъуэщ Хьисэ жорым щраӀулӀар. НэщӀым щхьэкӀэ пӀалъэ белджылы игъэувакъым Библием, емрэ псалъэ жагъуэмрэ зыщыддзеин хуейуэщ Абы къалэн къытщщӀар.

Хьисэ жиӀащ:

*– ЦӀыхум ишх ерыскым ар мыкъабзэ ищӀын зэрылъэмыкӀынур къывгурыӀуэркъэ?. ЦӀыхум мыкъабзэ зыщӀыр и гум къикӀыращ. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ цӀыхум и кӀуэцӀымрэ и гумрэщ мыхэр къызэрыкӀхэр: гупсысэ бзаджэхэр, зинэ шӀэныр, дыгъуэныр, цӀыху укӀыныр, нэпсеягъэр, бзаджагъэр, гъэпцӀагъэр, мыхъумыщӀэ псэукӀэр, фыгъуэныр, цӀыхухэм яхуэпсэлъэныр, пагагъэр, делагъэр. А бзаджагъэ псори гум и кӀуэцым къокӀри, цӀыхур мыкъабзэ ящӀ.*

(Марк 7:18, 20-23)

**Псапэ**

Чыристанхэм къалэжь щыщ Тхьэм и Ӏуэхумрэ тхьэмыщкӀэхэмрэ папщӀэ ятын хуейр зыхуэдизыр Хьисэ игъэнэхуакъым. АрщхьэкӀэ диӀэ псори Тхьэм зэрейр Хьисэ къыжиӀащ. Ахъшэ куэд диӀэми, мащӀэ диӀэми, Тхьэм къызэры-дгуригъаӀуэм хуэдэу, зедгъэкӀуэн зэрыхуейри къыжиӀащ. Аращи, чыристан-хэр, Тхьэм фӀыщӀэ хуащӀу, я ӀэмыщӀэм Тхьэм ирилъхьам щыщкӀэ, я дин пашэхэми, я члисэ зэӀущӀэхэми, тхьэмыщкӀэхэми, сымаджэхэми, Тхьэм и хъыбарыфӀыр зыгъэӀухэми дэӀэпыкъуэгъу хуохъу. Тхьэр арэзы ящӀыну я ахъшэм щыщ я гуапэу ятыну Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэхэм яжриӀащ. Ахъшэу къалэжьым и пщӀанэр чыристан куэдым Тхьэм щхьэкӀэ ят, ауэ апхуэдэу щӀащӀэр фӀыщӀэ къахьыну аракъым.

*– Псапэ щыфщӀэкӀэ, цӀыхухэм евгъэгъэщӀэгъуэн мурадкӀэ абыхэм ялъагъуу зэрывмыщӀэным фыхуэсакъ. Армыхъумэ, фи Адэ лъапӀэу уафэм щыӀэм ӀыхьэфӀыр къыфхуигъэфэщэнукъым.*

*– Аращи, псапэ тыхь щыпткӀэ, цӀыхухэм хъыбар йомыгъащӀэ, синэгуэгухэм щӀэс икӀи уэрамхэм тет бзитӀщхьитӀхэм фӀыщӀэ лей къахьын мурадкӀэ зэрызагъэнаӀуэм ещхьу. Пэжыр нывжызоӀэ, апхуэдэу зыщӀхэм я ӀыхьэфӀыр ягъуэтакӀэщ. Ауэ уэ псапэ тыхь щыпткӀэ, уи Ӏэ ижьым илэжь Ӏуэхур уи Ӏэ сэмэгум иремыщӀэ, уэ пта псапэ тыхьыр щэхуу къэнэн щхьэкӀэ. Уи Адэ лъапӀэу цӀыхухэм щэхуу ящӀэр зылъагъум уи ӀыхьэфӀыр къыуитынущ итӀанэ.*

(Маттэ 6:1-4)

**Дэни щылъапӀэщ**

И гъуэгу ирикӀуэхэм щӀыпӀэ лъапӀэ гуэрхэм кӀуэн хуейуэ Хьисэ унафэ яхуишӀакъым. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ Тхьэр дэнэкӀи щыӀэщ, дэнэ щӀыпӀи езыр щыбгъэлъэпӀэн плъэкӀынущ. Хьисэ зыщыпсэууэ щыта къалэр зрагъэлъагъуну чыристан куэдым яфӀэфӀщ, ауэ абы псапагъэ хэлъкъым. Мэссихь кхъэлэгъу-нэу зыщӀалъхьэжам укӀуэнымкӀи Мэссихь бгъэлъапӀэ хъуркъым. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ кхъэлэгъунэр нэщӀщ. Езыр псэущ, лӀахэм къахэтэджыкӀыжащ, Ар дэни дапщэщи щылъапӀэщ.

**Махуэ лъапӀэхэр**

Хэхауэ махуэ гуэрхэр ягъэлъэпӀэн хуейуэ цӀыхухэм я пщэ кърилъхьа-къым Хьисэ. Махуэшхуищ ягъэлъапӀэ я хабзэщ чыристанхэм: Хъуромэр, ӀутӀы-жыр, Пэнтэкъост. Хъуромэр Хьисэ Мэссихь къыщалъхуа махуэм и щӀыхькӀэ ягъэлъапӀэ. дыгъэгъазэм (декабрым) и 25-м тохуэ Хъуромэр, языныкъуэхэм ар щӀышылэм (январым) и 6-м ягъэлъапӀэ. Зыми ищӀэркъым Мэссихь къыщалъ-хуа махуэр

белджылыуэ. ЕтIуанэ махуэшхуэр IутIыжыращ, а махуэр чыри-станхэм ягъэлъапIэ Мэссихь къызэрыхъужам и щIыхькIэ. IутIыж махуэр бел-джылыкъым – мазэм и изыгъуэм тохуэ Ар, махуэр мыбелджылыми, гъатхэпэ мазэм е мэлыжьыхьым (апрель) тохуэ. Щэныбэ махуэшхуэр щагъэлъапIэр Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къащыхуехаращ. Мэссихь къызэрыхъужрэ тхьэмахуэ зэхуакуибл дэкIа нэужьщ ар щагъэлъапIэр.

## Хабзэ лъапIэу «сакрамент» жыхуаIэм теухуауэ

ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм хабзэ лъапIитI ягъэзэщIэну Хьисэ яхуи-гъэнэхуащ. Умэхъыныр абыхэм ящыщ зыщ. ИпэкIэ сэ абы сытепсэлъыхьащ. ЦIыху гуэрым заригъэумэхъ щыгъуэ члисэ зэIущIэм щыщ мэхъу. ЕтIуанэ хабзэ лъапIэр Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэ жыхуаIэр аращ. Хьисэ жорым щраIу-лIа махуэм ипэрей жэщым Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ щызэдэшхэм, Хьисэ щIакхъуэр къиштэщ, зэгуищIыкIщ, абыхэм яритри, мыпхуэдэу жиIащ: «Мы-ращ сэ си пкъыр». ИтIанэ жызумыпс фалъэри къиштэщ, яритри, яжриIащ: «Мыращ си лъыр». ЩIакхъуэмрэ жызумыпсымрэ Хьисэ ипкърэ илърэ хуигъэ-дащ. ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ар ягу къагъэкIыжын щхьэкIэ, а хабзэ лъапIэр ягъэзэщIэну унафэ яхуищIащ. Дунейм тет члисэ зэIущIэхэм я нэхъы-бэм а унафэр ягъэзащIэ. Я тхьэлъэIупIэм чыристанхэр щызэхуэсхэурэ, псоми щIакхъуэ тыкъыр зрызрэ жызумыпс тIэкIурэ ират. Апхуэдэу Мэссихьыр абыхэм щхьэкIэ зэрылIар ягу къагъэкIыж, фIэщхъуныгъи ягу илъу, Хьисэ и нэфI къащохуэ.

## Нэчыхь

Хьисэ Мэсссихь и унафэм тету зэрышэн щхьэкIэ, зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ фIыуэ зэрылъагъун хуейщ, псэухэкIэ пэжыгъэ я зэхуакум дэлъын хуейщ. Хьисэ мыпхуэдэу жиIащ: *«Аращи, а тIууэ Тхьэм гъусэ зэхуищIар цIыхум зэгуигъэкIыж хъунукъым».*

Абы жыхуиIэращ: фызым зинэ имыщIауэ, лIым и фызыр иригъэкIыж хъунукъым. Абы хуэдэу лIым зинэ имыщIауэ, фызри лIым бгъэдэкIыж хъунукъым.

*– Пасэрейм мыри жаIащ: Зи фыз изыгъэкIыжым зэрыригъэкIыж тхылъ ирырет. Ауэ сэ нывжызоIэ, и фыз, зинэ имыщIауэ изыгъэкIыж дэтхэнэми фызым зинэ иригъэщIауэ мэхъу (фызыр аргуэру дэкIуэжмэ). Абы ещхьу, лIы гуэрым иригъэкIыжа фыз къэзышэжми зинэ ищIауэ мэхъу.*

(Маттэ 5:31,32)

*Фарисей гуэрхэр къыбгъэдыхьэри, щагъэуэн мурадкIэ Хьисэ къеупщIащ:*

*– ЛIым и фызыр хабзэкIэ иригъэкIыж хъуну?*

*– Мусэ бегъымбарым сыт унафэу къыфхуищIар? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.*

*– ЛIы гуэрым и фызыр зэрыригъэкIыж тхылъ итхмэ, фызыр иригъэкIы-жыну Мусэ бегъымбарым хуит ищIащ, – жаIащ абыхэм.*

*– Мусэ бегъымбарым а унафэр къыфхуитхащ фызэрыерыщым щхьэкIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. – ЩIэдзапIэм деж Тхьэм дунейр щиухуэм, цIыхухэр «цIыхухъурэ цIыхубзу къигъэщIащ». »Абы къыхэкIкIэ, лIыр и адэ-анэм яхэкIынурэ, и фызым щIыгъуу тIури зыпкъ хъунущ». Аращи, ахэр зыпкъщ, пкъитI хъужыркъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, Тхьэм гъусэ зэхуищIа цIыхуитIыр цIыхум зэбгъэдигъэкIыж хъунукъым.*

*Унэм здыщIэсым, и гъуэгу ирикIуэхэр а IуэхумкIэ аргуэру къеупщIащ Хьисэ. Хьисэ яжриIащ:*

*– Зи фыз изыгъэкIыжу нэгъуэщI фыз къэзышэж дэтхэнэми япэрей фызым-кIэ зинэ ищIауэ мэхъу. Фызри и лIым бгъэдэкIыжу нэгъуэщI лIым дэкIуэжмэ, абыи зинэ ищIауэ мэхъу.*

(Марк 10:2-12)

ЛIымрэ фызымрэ фIылъагъуныгъэу я зэхуакум дэлъыр Мэссихьрэ и цIыхухэмрэ я зэхуакум дэлъ фIылъагъуныгъэм хуэдэн хуейщ.

**Чыристанхэм я дуней тетыкIэм теухуауэ**

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм ущрохьэлIэ Тхьэм Езым и израил лъэпкъым къыхилъхьа хабзэхэм. Абыхэм ящыщ зым дыкъыщоджэ:

*– Уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу.*

(3 Мусэ 19:18)

И «УнафипщIымкIэ» Абы ди пщэ къыдилъхьащ ди адэ-анэхэр фIыуэ тлъагъун хуейуэ, хьэрэм ищIащ цIыху укIыныр, зинэр, дыгъуэныр, пцIыр, н.къ. Тхьэм къалэн къытщищIа хабзэхэм ящыщ зыи IэщIыб ищIакъым Хьисэ, ахэр иригъэфIэкIуауэ аркъудейщ, и кIэм нигъэсыжащ.

Псалъэм папщIэ, Хьисэ жиIащ:

*– ЗэрыжаIар зэхэфхащ: «Зинэ умыщIэ». Ауэ сэ нывжызоIэ, цIыхубз гуэрым хъуэпсэнэгуу еплъ дэтхэнэми игукIэ зинэ ищIакIэщ.*

(Маттэ 5:27,28)

Аращи, пасэрей унафэм тету зинэ пщIэ хъунукъым, ауэ Хьисэ а унафэр иригъэкъуу уигукIи зинэ пщIэныр зэрымыхъунур жиIащ.

Хьисэ цIыхур игъэIущ зэпытт:

*– Щыхухэр фэ къыфхущытыну фызэрыхуейм хуэдэу, фэри абыхэм фахущыт сыт щIыгъуи.*

(Маттэ 7:12)

**Тэурэт хабзэм теухуауэ**

*– Мусэ и Тэурэт хабзэм итхэмрэ бегъымбархэм ятха тхылъхэм ярытхэмрэ згъэкIуэдыну сыкъэкIуауэ фи мыгугъэ. Ахэр згъэкIуэдын щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ и кIэм нэзгъэсыну араш. Пэжыр нывжызоIэ, уафэмрэ щIылъэмрэ щыIэху, Мусэ и Тэурэт хабзэм ит хьэрфхэм я нэхъ цIыкIууи зы хьэдзэ хэкIуэдыкIынукъым, абы ит псори къэхъуху. Мы унафэхэм я нэхъ цIыкIухэм ящыщ гуэрми емыдаIуэ цIыхуу адрей цIыхухэри а унафэм емыдэIуэну зыгъэIущым Тхьэуэ уафэм щыIэм и ТепщэныгъэшхуэмщIэт цIыхухэм я нэхъ цIыкIу дыдэкIэ еджэнущ. Ауэ мы унафэхэр зыгъэзащIэу, цIыхухэр абыхэм хуезыджэхэм Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыху инхэм ящыщкIэ еджэнущ. Пэжыр нывжызоIэ, фэ фи щыпкъагъэр Тэурэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ я щыпкъагъэм нэхърэ нэхъ ин мыхъумэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэ-нукъым.*

**Губжьым теухуауэ**

*– Пасэрей цIыхухэм зэрыжраIар фэ зэхэфхащ: «ЩIыху умыукI. ЩIыху зыукIыр хеящIэм и пащхьэм ирашэнущ». Ауэ сэ нывжызоIэ, и къуэшы хуэгубжь дэтхэнэри хеящIэм и пащхьэм ирашэнущ. И къуэшым «Уэ уи щхьэр нэщIщ!» жезыIэр Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм ирашэнущ. И къуэшым «Уэ уакъылыншэщ!» жезыIэр жыхьэнмэ мафIэм хыхьэнущ.*

*– Аращи, Тхьэм хуэпщI тыхьыр къурмэнщIыпIэм щыпхькIэ, уи къуэшым гукъеуэ гуэр къыпхуиIэу уи гум къэкIыжмэ, уи тыхьыр къурмэнщIыпIэм деж къыщынэ, япэ щIыкIэ кIуэи, уи къуэшым екIуж. ИтIанэ тегъази, уи тыхь щIы!*

*– Уи дауэгъум псынщIэу екIуж, абы и гъусэу гъуэгум утетыхукIэ. Армырамэ, хеящIэм и пащхьэм уришэнущ. ХеящIэми и IуэхутхьэбзащIэм уIэщIилъ-хьэнурэ, лъэхъуэщым ущIадзэнущ. Пэжыр сэ ныбжызоIэ, зы хьурыщи къыпхуэмынэжыху щIумытауэ, лъэхъуэщым укъыщIэкIыжыфы-нукъым.*

**Зинэ щIэным теухуауэ**

*– ЗэрыжаIар зэхэфхащ: «Зинэ умыщIэ». Ауэ сэ нывжызоIэ, цIыхубз гуэрым хьуэпсэнэгуу еплъ дэтхэнэми игукIэ зинэ ищIакIэщ. Аращи, гуэныхь пщIэну удригъэ-хьэхмэ, уи нэ ижьыр къитхъыжи, хыфIэдзэ. Уэ уипкъ псори жыхьэн-мэм хадзэ нэхърэ, уи Iэпкълъэпкъым щыщ зы пфIэкIуэдмэ, уи дежкIэ нэхъыфIщ. Уи Iэ ижьым гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, пыупщIи, хыфIэдзэ. Уэ уипкъ псори жыхьэнмэм кIуэ нэхърэ, уи Iэпкълъэпкъым щыщ зы пфIэкIуэдмэ, уи дежкIэ нэхъыфIщ.*

**Фыз игъэкIыжыным теухуауэ**

*– Пасэрейм мыри жаIащ: «Зи фыз изыгъэкIыжым зэрыригъэкIыж тхылъ ирырет». Ауэ сэ нывжызоIэ, и фыз, зинэ имыщIауэ, изыгъэкIыж дэтхэнэми фызым зинэ иригъэщIауэ мэхъу (фызыр аргуэру дэкIуэжмэ). Абы ещхьу, лIы гуэрым иригъэкIыжа фыз къэзышэжми зинэ ищIауэ мэхъу.*

**Тхьэ Iуэным теухуауэ**

*– Пасэрей цIыхухэм мыри зэрыжраIар зэхэфхащ: «ПцIыкIэ зэи тхьэ умыIуэ, ауэ Зиусхьэным хуэпщIа тхьэрыIуэхэр бгъэщыпкъэжын хуейщ». Сэ нывжызоIэ, фэ тхьэ зэи фIуэ хъунукъым, уафэмкIи тхьэ фымыIуэ, ар Тхьэм и тахътэщи. ЩIылъэмкIи тхьэ фымыIуэ, ар Тхьэм и лъэр зытет лъэгущIэтын лъапIэщи. ЕрусалимкIи тхьэ фымыIуэ, ар пащтыхьышхуэм и къалэщи. Уи щхьэмкIи тхьэ умыIуэ, уэ зы щхьэц налъэ фIыцIи хужьи пщIын плъэкIынукъыми. Ауэ «Аращ» жыфIэу псалъэ жыфIэмэ, абы фытет, «Хьэуэ, аракъым» жыфIэмэ, абыи фытемыкI. Абы къемызэгъыр шейтIаным и Iуэхум щыщщ.*

**ЦIыху бзаджэм фыпэмыув**

*– Мыри зэрыжаIар зэхэфхащ: «Уи нэм къеIэм и нэм еIэж, уи дзэм къеуэм и дзэм еуэж», ауэ сэ нывжызоIэ, цIыху бзаджэм фыпэмыув. АтIэ уи нэкIу ижьым къеуэ дэтхэнэми, адрей уи нэкIури хуэгъазэ. Уи джанэр птрихын щхьэкIэ, зыгуэр къодауэмэ, уи щыгъын щIыIутелъри къыхуэгъанэ абы. Лъэбакъуэ минкIэ удэкIуэтэну ухэзыгъэзыхьым лъэбакъуэ минитIкIэ дэкIуатэ. ЗыгуэркIэ къолъэIум ет икIи щIыхуэ пIызыхыну хуейм уи щIыб хуумыгъазэ.*

**Фи бийхэр фIыуэ флъагъу**

*– ЗэрыжаIар зэхэфхащ: «Уи гъунэгъур фIыуэ лъагъу, уи бийр плъагъу мыхъуу щыт». Ауэ сэ нывжызоIэ, фи бийхэр фIыуэ флъагъу, гугъуехь фэзыгъэшэч цIыхухэм Тхьэм фIыкIэ фахуелъэIу, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм и бын фыхъун щхьэкIэ. Абы и дыгъэр цIыху бзаджэхэми цIыхуфIхэми къахукъуегъэкI, щыпкъагъэ зигу илъхэми имылъхэми уэших къахурегъэших. ФIыуэ фыкъэзылъагъухэм фIэкIа фIыуэ фымылъагъужмэ, сыт хуэдэ IыхьэфI фызыщыгугъыр? Хьэкътын ахъшэр хэзыххэм ар дыдэр ящIэркъэ? Фэ фи къуэшхэм фIэкIа зыми и Iэр фымыубыдмэ, егъэлеяуэ сыт фIыгъэ фщIэр? Хамэ лъэпкъхэми апхуэдэу ящIэркъэ? Аращи, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм и щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, ар нэгъэсауэ зэрыщытым хуэдэу, фи щыпкъагъэми щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, фэ цIыху нэгъэсауэ фыщытын хуейщ.*

(Маттэ 5:17-48)

Мэссихь и лъагъуныгъэр къабзэщ. Езым адрейхэр фIыуэ зэрилъа-гъум хуэдэу, псори фIыуэ зэрылъагъун хуейуэ игъэIущырт Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр.

*–Мыращ си унафэр: Сэ фэ фIыуэ фызэрыслъэгъуам хуэдэу, фэри фIыуэ фызэрылъагъун хуейщ.*

(Иуан 15:12)

Дэ, чыристанхэм, фIыуэ къыдгуроIуэ абыкIэ Мэссихь дызэрыщIэмыхьэнур. Дэр щхьэкIэщ – дэ фIыуэ дыкъызэрилъагъум папщIэщ Абы и гъащIэр щIитар, аращ дэри ди гъунэгъухэр фIыуэ тлъагъун щIыхуейр.

*Тхьэм япэщIыкIэ дэ фIыуэ дызэрилъэгъуам щхьэкIэ дэ ди гуми фIылъа-гъуныгъэ илъщ. Зыгуэрым, «Тхьэр фIыуэ солъагъу», жиIэ пэтми, и къуэшыр жагъуэу илъагъумэ, ар пцIыупсщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нэкIэ илъэгъуа и къуэшыр фIыуэ*

*зымылъагъум, нэкIэ имылъэгъуа Тхьэр фIыуэ илъагъун лъэкIынукъым. Тхьэм мы унафэр къытхуищIащ: Тхьэр фIыуэ зылъагъум и къуэшри фIыуэ илъагъун хуейщ.*

(1 Иуан 4:19-21)

Мэссихь и Псэр лъагъуныгъэм и псэщ, Абы и Псэ ЛъапIэр ди гум къыщырилъхьэкIэ, дэ цIыху псори фIыуэ тлъагъуфынущ, уеблэмэ ди жагъуэгъухэри.

*Дызэрыщыгугъым дыхущIригъэгъуэжыркъым, Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэу къыдитамкIэ абы и фIылъагъуныгъэр ди гум ину кърилъхьащи.*

(Рим 5:5)

*Зыгуэрым и бзаджагъэм бзаджагъэкIэ фыпэмыувыж. ЦIыху псоми фIыуэ ялъытэр зэрыфщIэным и ужь фит. Iэмал иIэмэ, фи Iэм къикIым хуэдизкIэ цIыху псоми фазэрыгурыIуэным фыхущIэкъу. ФIыуэ слъагъухэ, зыгуэрым бзаджагъэ къывищIэмэ, бзаджагъэ евмыщIэж, ауэ Тхьэм и губжьым гъуэгу ефт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным жиIар и псалъэ тхахэм яхэтщ: «Щыхухэм я бзаджагъэр езыгъэпшыныжынур сэращ, абыхэм яхуэфащэр езгъэгъуэтыжынущ». Аращи, «Уи бийр мэжалIэмэ, гъашхэ, псы хуэлIэмэ, псы егъафэ; апхуэдэу пщIымэ, фIамыщI плъахэр бийм и щхьэм теплъхьэнущ». Бзаджагъэр зытумыгъакIуэу, фIы щIэнымкIэ бзаджагъэм текIуэ.*

(Рим12:17-21)

Апостол Иуан зэрыжиIэмкIэ, и къуэш тхьэмыщкIэм дэмыIэпыкъум Тхьэ лъагъуныгъэ иIэкъым.

*Зыгуэрым дуней мылъкур иIэ пэтми, езым и къуэшым щыщIагъэ иIэу щилъагъукIэ, ар фIэгуэныхь мыхъумэ, абы и гум Тхьэм и фIылъагъуныгъэр илъын?*

(1 Иуан 3:17)

Коринф дэсхэм мыр яхуитхыгъащ апостол Паул:

ФIылъагъуныгъэр

*Щыхухэмрэ мелыIычхэмрэ я бзэхэмкIэ сыпсалъэрэ, фIылъагъуныгъэ сигу имылъмэ, жьгъыру макъ зыпыIукI гъуаплъэм е макъ гуемыIу зыгъэIукI уэзджынэм сыхуэдэщ. Тхьэм езым и псалъэхэр си гум кърилъхьэурэ, ахэр жысIэну лъэкIыныгъэ къызитауэ сиIэми, щэху псори сщIэми, щIэныгъэ псори сиIэми, бгыхэр нэгъуэщI щIыпIэм згъэIэпхъуэфыну фIэщхъуныгъэ сиIэми, фIылъагъуныгъэ симыIэмэ, сэ сызырикIщ. СиIэ хъуа псори зимыIэхэм естми, си пкъыр мафIэкIэ ягъэсыну цIыхухэм естми, фIылъагъуныгъэ симыIэмэ, абы фIагъ къысхухэкIынукъым.*

*ФIылъагъуныгъэм шыIэрэ гущIэгъурэ иIэщ. ФIылъагъуныгъэр фыгъуэркъым, зыщытхъужыркъым икIи зыкъыфIэщIыжыркъым. ФIылъагъуныгъэм хабзэн-шагъэ зэрихьэркъым, езым и щхьэм и фIагъ къилъыхъуркъым, зигъэгусэр-къым, бзаджагъэми егупсысыркъым. ФIылъагъуныгъэр бзаджагъэм щыгуфIыкIыркъым, щыпкъагъэрщ зыхуэгуфIэр. ФIылъагъуныгъэм мыхъумыщIэ псори егъэгъу, ТхьэмкIэ*

*фIэщхъуныгъэ иIэщ сыт щыгъуи, Тхьэм щогугъ сыт щыгъуи, шыIэ иIэщ сыт щыгъуи.*

*ФIылъагъуныгъэр зэи кIуэдыжынукъым. Тхьэм езым и псалъэхэр цIыхухэм я гум кърилъхьэурэ, цIыхухэм ахэр яIуэтэн пачынущ. ЦIыхухэм ямыщIэ бзэхэм-кIи псэлъэн щагъэтыжынущ. ЩIэныгъэри кIуэдыжынущ. Апхуэдэу щIэхъунур ди щIэныгъэр нэгъэсауэ зэрыщымытыр арщ, Тхьэм езым и псалъэхэр цIыхухэм я гум кърилъхьэурэ, цIыхухэм ахэр зэраIуэтэжри нэгъэсауэ зэрыщымытыр арщ. Нэгъэса Iуэхур къыщыкIуэкIэ, нэмыгъэса Iуэхур кIуэдыжынущ. Сабийуэ сыщыщытам, сабийм хуэдэу сыпсалъэрт, сабийм хуэдэуи сыгупсы-сэрт икIи сабийм и зэхэщIыкIэм хуэдэт си зэхэщIыкIыр. Ауэ балигъ сыщыхъум, а сабиигъэр къызэзнэкIащ. Iуэху псори IупщIу уэзымыгъэлъагъу гъуджэм диплъэм хуэдэщ иджыпстукIэ, ауэ а махуэ гъэувам псори IупщIу тлъагъунущ, ди пащхьэ ит цIыхур IупщIу зэрытлъагъум хуэдэу. Си щIэны-гъэр нэгъэсауэ щыткъым иджыкIэ, ауэ а махуэм псори сщIэнущ, Тхьэм щыпкъэу сызэрищIэм хуэдэу.*

*Аращи, мы Iуэхуищыр мыкIуэдыжынщ: фIэщхъуныгъэр, Тхьэм IыхьэфIыр къызэрытлъигъэсынум дызэрыщыгугъыр, фIылъагъуныгъэр. Абыхэм ящыщу нэхъ иныр фIылъагъуныгъэр арщ.*

(1 Кор. 13:1-13)

Псалъэ къудейкIэкъым Мэссихь и лъагъуныгъэр зэриIуатэр, Абы и Iуэху-щIафэхэмкIи долъагъу ар. Сымаджэхэр игъэхъужырт Абы, мэжэщIалIэхэр игъашхэрт, и гъащIэр итащ, цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын, я гуэныхьыр ящхьэщихын щхьэкIэ. Чыристанхэм сымаджэщхэр къызэIуах, зеиншэхэм унэ хуащI, еджапIэхэр яухуэ – а псор щIалэжьыр Мэссихь хуаIэ лъагъуныгъэр яIуэтэн щхьэкIэщ. Зыдумысыжынщи, ди лъагъуныгъэр узэщIакъым дэ, абы дроукIытэ. Чыристан щыпкъэхэм яфIэфIщ я ЕгъэджакIуэм хуэдэу адрей цIыхухэр фIыуэ ялъагъуну.

## Сытым пэплъэрэ чыристанхэр?

Тхьэр зэрылъэщыр я фIэщ мэхъу чыристанхэм, мы дунейр къызэрыри-гъэлын Iэмалхэр и куэдщ Абы. Тхьэм и мурадхэр зэрызэщIэнум дэ шэч къыте-тхьэркъым, Абы хузэфIэмыкIын щыIэкъыми. Тхьэм пэуври, цIыхур щыуащ, ар гъуэгу захуэ тригъэувэжын щхьэкIэщ Тхьэм и Къуэр къыщIигъэкIуар.

*– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэ-гъуати, езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри мыкIуэду къелын икIи мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ. Тхьэм дунейм и цIыху-хэр игъэкъуэншэну аракъым езым и Къуэр дунейм къыщIигъэкIуар, атIэ и Къуэм къыпкърыкIэу дунейм и цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэщ. Тхьэм езым и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри игъэкъуэншэнукъым, ауэ фIэщхъуныгъэ зи-мыIэ дэтхэнэри Тхьэм игъэкъуэн-шакIэщ и Къуэ закъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ зэрымыхъуам щхьэкIэ. Тхьэм цIыхухэр щIигъэкъуаншэр мыращ: Нэхур дунейм къытехьащ, ауэ цIыхухэм нэхум нэхърэ кIыфIыгъэр нэхъыфIу ялъэгъуащ, абыхэм ялэжь Iуэхухэр бза-джагъэти. Бзаджагъэ зылэжь дэтхэнэми нэхур илъагъу хъуркъым, илэжьа Iуэхухэри нахуэ мыхъун щхьэкIэ, нэхум екIуалIэркъым. Ауэ*

*щыпкъагъэр зылэжь дэтхэнэри нэхум йокIуалIэ, Тхьэм и псэм зэрыщыщым папщIэ a Iухухэр зэрилэжар нахуэ хъун щхьэкIэ.*

(Иуан 3:16-21)

Ар зи фIэщ хъур къелынущ, зи фIэщ мыхъур кIуэдыпIэ ихуэнущ, Тхьэм и нэлат къытехуэнурэ. ЛIэщIыгъуэм и кIэм деж Тхьэм и бий псори хигъэщIэнущ, Езыр щIым тепщэ щыхъунущ, Ар щытепщэм мыгъуагъэ щыIэжынукъым. Библием итщ цIыхум дяпэкIэ къыщIэлъым теухуауэ, ауэ а псори Тхьэм къытхуигъэнахуэркъым. Сэ мыбдеж зи гугъу щысщIынур къытщIэлъ псоми я нэхъыщхьэ дыдэхэращ.

**Мэссихь и етIуанэ къэкIуэгъуэ**

Уафэм дэкIуеижын и пэкIэ Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм куэдрэ къажри-Iащ Абы къызэригъэзэжынур. Чыристанхэр поплъэ Ар къыщыкIуэжынум. Мэссихь щIым япэм къыщIэкIуар цIыхухэр къригъэлын щхьэкIэщ, етIуанэ къэкIуэжыгъуэм хеящIэ хъунущ, Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэР щIым щигъэувы-нущ. Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэр Абы еупщIыгъащ: дапщэщ Абы къыщигъэ-зэжынур? Мэссихь жэуап къаритащ: абы щыгъуазэр Тхьэм и закъуэщ, а сыхьэым фыхуэхьэзырын хуейуэ аращ фэ фи пщэ къыдэхуэр, фыпэмы-плъэххауэ къыфхыхьэжынущ Ар. КъажриIащ щытхущхуэ иIэу мелыIычхэр щIыгъуу къызэригъэзэжынур. Къызэригъэзэжар псоми ящIэнущ, псоми ялъа-гъунущ. Мэссихь гъэпцIакIуэмрэ бегъымбар нэпцIхэмрэ едэIуэн хуэмейуэ къажриIащ и гъуэгу ирикIуэхэм – ягъэпцIэн фIэкI, нэгъуэщIым пылъынукъым ахэр. ЗэрытщIэщи, иужьрей илъэс 1900-м и кIуэцIкIэ апхуэдэ пцIыупс куэд къахуэкIуащ цIыхухэм, ауэ ахэр чыристан щыпкъэхэм я фIэщ хъуакъым. Мэссихь щыпкъэр къэкIуэжа нэужь, Абы и хъыбар дуней псом щыIунущ.

Мэссихь уафэм дэкIуеижа нэужь, мелыIычхэм къыжраIащ Абы и гъуэгу ирикIуэхэм:

*– Тхьэм уафэм дришеижа Хьисэ уафэм дэкIуеижауэ зэрыфлъэгъуам хуэдабзэу къехыжынущ.*

(Апост. 1:11)

Аращи, цIыхубзым къыхуэхъуа сабийм хуэдэу мы дунейм щыпсэуну икIи лIэну япэм къызэрыкIуам хуэдэу Хьисэ къэкIуэжынукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ ди гуэныхьхэм щхьэкIэ Хьисэ зэ лIауэ, дяпэкIэ зэи зэрымылIэжынур. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лIэныгъэм тепщэныгъэ абы хуиIэжынукъым. Аращи, Хьисэ Мэссихь дунейм иджыри къызэримыгъэ-зэжар нахуэщ.

Хьисэ Мэссихь лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, и IэпкълъэпкъыР мылIэжын ищIащ Тхьэм. Езыр мелыIычхэм яхуэдэу къэлъэгъуэжыну икIи къэмылъэгъуэжыну лъэкIащ. Апхуэдэ Iэпкълъэпкъ иIэу Хьисэ нобэ уафэм щыIэщ, а IэпкълъэпкъымкIи мы дунейм къэкIуэжу, цIыхухэм ялъагъунущ. Ауэ Мэссихь къыщыкIуэжыну махуэр тщIэркъым. Ди Зиусхьэныр сыт щыгъуэ къэкIуэжми, дыпежьэну дыхьэзырын щхьэкIэ, иджы тэмэму дызекIуэн, Езыми дыхуэлэжьэн хуейщ (Мы Iуэхум теухуауэ феплъ Маттэ 24, 25)

**Псори къэхъужынущ**

Хьисэ зэгуэрым жиIэгъащ:

*– Ар фымыгъэщIагъуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ кхъэм щIэлъ псоми Тхьэм и Къуэм и макъыр зэхахыу, кхъэм къыщыщIэкIыжыну махуэр къэсынущ. ФIы зыщIахэр псэуну къэтэджыжынущ, Iей зыщIахэри я къуаншагъэм хуэфащэр ягъуэтыжыну къэтэджыжынущ.*

(Иуан 5:28-29)

Аращ цIыху псори къэзыгъэхъужынур, щIым щытетам щыгъуэ лIахэр къызэригъэхъужам хуэдэу. Сыт хуэдэпкъ яIэнур къэхъужахэм? Апостол Паул жиIащ къыщыхъужым деж цIыхухэм я Iэпкълъэпкъым зэрызихъуэжынур, щIым хаса жылэм хуэдэу: жылэр малIэри аргуэру къохъуж (1 Кор. 15).

**Къемэтмахуэ**

ЛIахэр къигъэхъужын къудейкъым Мэссихь. Псэухэми хеящIэ яхуэ-хъунущ Ар.

*- Адэ лъапIэм зыми хьэкум трищIыхьыркъым, хьэкум Iуэху псори абы и Къуэм иритащ, цIыху псоми Адэ лъапIэм щIыхь зэрыхуащIым хуэдэу, абы и Къуэми щIыхь къыхуащIын щхьэкIэ. Абы и Къуэм щIыхь къыхуэзымыщIым ар къэзыгъэкIуа Адэ лъапIэми щIыхь хуимыщIу арщ.*

(Иуан 5:22,23)

*–Тхьэм зы махуэ игъэуващ. Езым къигъэлъэгъуа лIым дунейм и цIыху псоми хьэкум захуэ ятригъэщIыхьынущ а махуэм. Апхуэдэу зэрыхъунур Тхьэм цIыху псоми ягуригъэIуащ а лIыр лIахэм къахигъэтэджыкIыжурэ.*

(Апост. 17:31)

*Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ псоми Мэссихь хьэкум къыттрищIыхьын щхьэ-кIэ абы и тахътэм и пащхьэ диувэн хуейщ, мы дунейм хэти щилэжьам хуэфащэр, фIыми Iейми, игъуэтыжын папщIэ.*

(2 Кор. 5:10)

ХеящIэ захуэ яхуэхъунущ Ар цIыхухэм, гущIэгъу яхуищIынущ, лей якIэлъызэрихьэнукъым.

Къемэтмахуэм щымышынэ цIыху щыIэ? ЩыIэщ. Мэссихь КъегъэлакIуэр зи фIэщ хъуахэр Мэссихь-ХеящIэм щышынэнукъым. Аращ Мэссихь щIыжи-Iар:

*– КъинэмыщIауэ Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр къызэрыкIуэнур зыхуэдэр мыращ. ЛIы гуэр хамэ къэрал кIуэн щыхъум, и унэIутхэр къриджэри, и мылъкур яIэщIилъхьащ. Зым талантитху, адрейм талан-титI, ещанэми зы талант иритащ. Щхьэж лъэкIыныгъэу иIэм елъытауэ яритри, гъуэгу техьащ. Та-*

*лантитху зритар занщӀэу кӀуэри, лажьэурэ нэгъуэщӀ талантитху къилэжьащ. ТалантитӀ зритами нэгъуэщӀ талантитӀ къилэжьащ. Ауэ тепщэм зы талант зритар кӀуэщ, щӀым щӀитӀэри, и тепщэм и ахъшэр игъэпщкӀуащ.*

*– Зыкъом дэкӀауэ, а унэӀутхэм я тепщэр къэкӀуэжащ икӀи и унэӀутхэм ахъшэр къызэрагъэсэбэпамкӀэ еупщӀу щӀидзащ. Талантитху зритар тепщэм бгъэдыхьэщ, адрей талантитху къилэжьар иритри, жиӀащ: «Зи щӀыхь ин, талантитху къысӀэщӀэплъхьащ. Мис, абыхэмкӀэ нэгъуэщӀ талантитху къэзлэжьащ».*

*– Тепщэм абы жриӀащ: «ФӀыуэ пщӀащ. Уэ сызыщыгугъ хъун уунэӀутыфӀщ! Ӏуэху мащӀэкӀэ сызыщыгугъ хъун цӀыхуу узэрыщытам щхьэкӀэ, Ӏуэху куэд ныпӀэщӀэслъхьэнущ. КъакӀуи, уи тепщэм и гуфӀэгъуэм къыхыхьэ».*

*– ТалантитӀ зритар тепщэм бгъэдыхьэри, жиӀащ: «Зи щӀыхь ин, талантитӀ къысӀэщӀэплъхьащ. Мис, абыхэмкӀэ нэгъуэщӀ талантитӀ къэзлэжьащ».*

*– Тепщэм абы жриӀащ: «ФӀыуэ пщӀащ. Уэ сызыщыгугъ хъун уунэӀутыфӀщ. Ӏуэху мащӀэкӀэ сызыщыгугъ хъун цӀыхуу узэрыщытам щхьэкӀэ, Ӏуэху куэд ныпӀэщӀэслъхьэнущ. КъакӀуи, уи тепщэм и гуфӀэгъуэм къыхыхьэ».*

*– Зы талант зритами, тепщэм бгъэдыхьэри, жиӀащ: «Зи щӀыхь ин, узэрылӀы пхъашэр сщӀэрт, жылапхъэ зытумысам гъавэ къытыбохыж, зыхомыпхъами къыщызэхуохъэсыж. Сышынэрти, сыкӀуэри, уи талантыр щӀым щӀэзгъэпщкӀуащ. Мис, ууейр узотыж».*

*– Тепщэм абы жриӀащ: «Уэ уунэӀут бзаджэщ икӀи уунэӀут щхьэхынэщ. Уэ пщӀэрт сэ жылапхъэр зытезмысам гъавэ къызэрытесхыжыр икӀи зытезмы-пхъам къызэрыщызэхуэсхьэсыжыр. Апхуэдэу щыщыткӀэ, хагъэхъуэн щхьэкӀэ си ахъшэр сатуущӀэхэм ептын хуеякъэ? СыкъэкӀуэжа нэужь, хэхъуауэ си ахъщэр къысӀэрыхьэжынут абы щыгъуэ».*

*– «Мы лӀым талантыр къеӀыфхи, талантипщӀ зиӀэм ефт. Ар хэти ирехъу, зиӀэм нэхъыбэ къритынущ Тхьэм икӀи къелыжу хуигъэбэгъуэнущ. Ауэ зимы-Ӏэм иӀэ тӀэкӀури Ӏихыжынущ Тхьэм. Мы унэӀут сэбэпыншэр кӀыфӀыгъэм и кууупӀэм хэвдзэ. Абы гъы макъырэ дзэ зэрыгъэших макъырэ къыщыӀунущ».*

(Маттэ 25:14-30)

*А лъабжьэм унэ тезыщӀыхьым къигъэсэбэпыр дыщэрами, дыжьынырами, мывэ лъапӀэхэрами, пхъэрами, удзыр е хьауазэрами, хэти и Ӏуэхур зыхуэдэр нахуэ хъунущ, Зиусхьэныр къыщылъэгъуэжыну махуэм ар къигъэнэхуэнущи. А махуэр мафӀэм и щӀыгъуу къэкӀуэнущ, мафӀэм хэт и лэжьыгъэри зыхуэдэр къигъэнэхуэнущ. А лъабжьэм зыгуэрым трищӀыхьар къелымэ, абы хуэфащэ ӀыхьэфӀыр игъуэтыжынущ. Ауэ а лъабжьэм зыгуэрым трищӀыхьар мафӀэм исмэ, абы и Ӏыхьэри дэкӀуэдынущ. Езыр мыкӀуэду къелынущ, ауэ къызэре-лынур мафӀэм къыхэкӀыж цӀыхур къызэрелынум хуэдэущ.*

(1 Кор. 3:12-15)

Сыт къащӀэлъыр Тхьэм и Къуэр зи фӀэщ мыхъуахэм? Тхьэм тезыр къатрилъхьэнущ абыхэм, Хьисэ зэрыжиӀащи:

*– Тхьэм езым и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри игъэкъуэншэнукъым, ауэ фIэщхъуныгъэ зимыIэ дэтхэнэри  Тхьэм игъэкъуэншакIэщ и Къуэ закъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ зэрымыхъуам щхьэкIэ. Тхьэм цIыхухэр щIигъэкъуаншэр мыращ: Нэхур дунейм къытехьащ, ауэ цIыхухэм нэхум нэхърэ кIыфIыгъэр нэхъыфIу ялъэгъуащ,  абыхэм ялэжь Iуэхухэр бзаджагъэти. Бзаджагъэ зылэжь дэтхэнэми нэхур илъагъу хъуркъым, илэжьа Iуэхухэри нахуэ мыхъун щхьэкIэ, нэхум екIуалIэркъым. Ауэ щыпкъагъэр зылэжь дэтхэнэри нэхум йокIуалIэ, Тхьэм и псэм зэрыщыщым папщIэ а Iухухэр зэрилэжар нахуэ хъун щхьэкIэ.*

(Иуан 3:18-21)

Тхьэм и Къуэр зи фIэщ мыхъум Тхьэри и фIэщ хъуркъым, абы нэхъ гуэныхь щыIэкъым. Аращ Тхьэм и щIыб абыхэм къащIыхуигъэзэнур. Иджы, си ныбжьэгъу, уэ зэхэпщIыкIагъэнщ дунейм тет цIыху псоми Мэссихь ди фIэщ хъун, Ар фIыуэ тлъагъун зэрыхуейр.

**Жэнэтымрэ жыхьэнмэмрэ**

Мэссихь и IэмыщIэ зизылъхьэхэр Тхьэм и пащхьэ ихьэжынурэ Абы игъащIэкIэ дэпсэунущ. Хьисэ жиIащ:

*– ПсэупIэ къыфхуэзгъэхьэзырыну сыкIуэнущ. СыкIуэу, псэупIэ къыщыф-хуэзгъэхьэзыркIэ, сыкъэкIуэжынурэ, сэ сыздэщыIэм фэри фыщыIэну фыздэс-шэнущ.*

(Иуан 14:2-3)

Библием и кIэух тхылъым дыкъыщоджэ, апостол Иуан итхауэ:

*– УафэщIэрэ щIылъэщIэрэ слъэгъуащ итIанэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ япэрей уафэри япэрей щIылъэри щыIэжкъым, хыри щыIэжкъым. Къалэшхуэ лъапIэу ЕрусалимыщIэр Тхьэм деж къикIыу, уафэм къехыу слъэгъуащ абы и ужькIэ. НысащIэ хъунум щауэм зэрызыхуигъэщIэращIэм хуэдэу, зигъэхьэзырат абы. Тахътэм къыIукI макъышхуэ гуэрым мыпхуэдэу жиIэу зэхэсхащ:*

*–  Мис, Тхьэм и псэупIэр цIыхухэм я дежщ, езыри абыхэм яхэсынущ. Ахэри абы и цIыху хъунущ. Езы Тхьэри абыхэм я гъусэнущ икIи я Тхьэу щытынущ. Абыхэм я нэхэм нэпс псори ящIилъэщIыкIыжынущ. ЛIэныгъэри, щыгъуэны-гъэри, гъынри, узыфэхэри щыIэжынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ блэкIа Iуэхухэр щыIэжкъыми.*

*Тахътэм тесым жиIащ итIанэ:*

*– Мис, Iуэху псори щIэуэ солэжь.*

*– Мыхэр тхы, – къыпищащ итIанэ, – мыхэр узыщыгугъ хъун псалъэ щыпкъэщи.*

*– Iуэхур зэфIэкIащ, – къызжиIащ итIанэ. – Алфэри Омегэри, ублапIэри ухыпIэри сэращ. Псы хуэлIэр гъащIэ къэзыт псынэм и псым щыщ езгъэфэнущ пщIэ щIимыту. ТекIуэныгъэр къэзыхьым мы псори IыхьэфI хуэхъунущ. Сэ абы сри-Тхьэнущ, езыри си къуэнущ.*

(Апокалипсис 21:1-7)

Дэ къызэрытфIэщIым хуэдэкъым мыкIуэдыжын гъащIэр, ар куэдкIэ нэхъ щIагъуэщ, абы и дахагъыр ди нэгу къытхущIэгъэхьэнукъым. Библием жеIэ:

*«Зы ни илъэгъуакъым,*
*зы тхьэкIуми зэхихакъым,*
*зы цIыхуи игу къэкIакъым*
*Тхьэм езыр фIыуэ зылъагъу*
*цIыхухэм яхуигъэхьэзырар».*

(1 Кор. 2:9)

Сыт къалъысынур Тхьэм и мыбынхэм? Тхьэм жиIащ:

*– Ауэ къэрабгъэхэми, фIэщхъуныгъэ зимыIэхэми, зызыгъэуфIеяхэми, лIыукI-хэми, зинэ зыщIэхэми, удыгъэм пылъхэми, тхьэ нэпцI зыгъэлъапIэхэми, пцIыупсхэми я Iыхьэр мафIэмрэ тхъуэбзащхъуэмрэ ис хыр арщ. Ар етIуанэ лIэныгъэрщ.*

(Апокалипсис 21:8)

Жыхьэнмэр кIыфIыбзэщ, нэм къыщIэIэбэр щыплъагъунукъым абы, абы исхэм ятелъ гузэвэгъуэри зыхэпщIэфынукъым. Хьэзаб игъащIэкIэ пшэч нэхъ-рэ мыкIуэдыжын гъащIэ Тхьэр къотэмэ, ар нэхъыфIкъэ!

**ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр лIэныгъэм зэрыхущытыр**

ЛIэныгъэм щышынэрэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр? Щышынэркъым, сыту жыпIэмэ лIа нэужьи Мэссихь абыхэм ящIыгъунущи.

*Догушхуэ жызоIэ, икIи дипкъхэм дахэкIыу, Зиусхьэным и гъусэ дыхъумэ, нэхъ тфIэфIщ.*

(2 Кор. 5:8)

Рим щаукIын и пэкIэ апостол Паул итхыгъащ:

*– А IуэхуитIым сыхагъэзыхь. Мы дунейм сехыжу, Мэссихь сригъусэну сыхуейщ. Ар куэдкIэ нэхъыфIщ.*

(Фил. 1:23)

ЦIыхухэм ягъэщIагъуэ я лIахэр щыщIалъхьэкIэ чыристанхэм уэрэд зэры-жаIэр. Дэ дощIэ ахэр зэрымылIар, Мэссихь и пащхьэ ихьэжауэ аркъудейщ.

**КIэух псалъэ**

Иджы, си ныбжьэгъу, си псалъэр и кIэм нэсащ. Уи упщIэхэм ящыщ гуэрхэм жэуап естыфауэ си гугъэщ. Жэуап зэстын хуей упщIи уиIэнущ уэ, дауи. Псалъэм папщIэ мыпхуэдэ упщIэ: Зи гугъу пщIа фIэщхъуныгъэмрэ щIэныгъэмрэ дауэ зэхущыт? Ахэр зыр зым пэрыуэркъым! Тхьэращ псори къэзыгъэщIар, щIэныгъэри Абы къыбгъэдэкIащ. Нобэрей щIэныгъэлI цIэрыIуэ куэдыр чыристанщ. Дунеймрэ къэхъугъэмрэ я щэху нэхъыбэ къахутэху, абы-хэм нэхъри я фIэщ мэхъу Тхьэр зэрыIущри зэрылъэщри.

Уэ, дауи, уегъэхыщIэ зауэхэм, тхьэмыщкIагъэм, дунейм къуаншагъэ зэрыщызэрахьэм. А псор Тхьэм игу щIытехуэр сыт? А упщIэм и жэуапыр Библием къыщыдгъуэтынущ: а мыгъуагъэхэр псори зи Iэужьыр цIыху угъур-сызырщ, Тхьэракъым. Я гуэныхьхэм папщIэ Тхьэм ноби цIыху лъэпкъхэм къатрелъхьэ тезырхэр. Дэтхэнэми и IуэхущIафэм елъытауэ Тхьэр хеящIэ яхуэхъунущ цIыхухэм. Дунейм и Тепщэр Тхьэращ, гуващIэхами Абы шей-тIаным лъигъэсынур жыхьэнмэращ, Езым и Тепщэгъуэр щIы хъурейм щигъэ-увынущ.

Си ныбжьэгъу лъапIэ, сынызэролъэIур мыращ: Библием уегугъуу еджи, ар Тхьэм къыбгуригъэIуэну елъэIу. Хьисэ Мэссихьу дэр щхьэкIэ зи псэр зытам-кIэ фIэщхъуныгъэ зигъэIи, умыкIуэду укъригъэлынщ. Тхьэм и бынхэм ящыщ ухъунщ. ИтIанэ дунейм утетыху, Тхьэм хуэлажьэ. Тхьэм и ХъыбарыфIыр цIыхухэм яжеIэ. ИтIанэ Мэссихь и гъусэхэм уащыщынущ.